# СЕЙФУЛҒӘБИЙТ МӘЖИЙТОВ



## ШЫҒАРМАЛАРЫ

*Баспаға таярлаған ҳәм алғы сөзин жазған филология илимлериниң кандидаты* БАЙНИЯЗОВ К.

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1992

www.ziyouz.com kutubxonasi

84 Кар 7
м—99

С. МӘЖИЙТОВ.
Шығармалары. Нөкис. „Қарақалпақстан“, 1992 ж. 200 бет.

Сейфулғәбийт Мәжийтов ҳәртәрепплеме дөретиўшилик уқыпқа ийе ағартыўшы-шайыр, талантлы драматург, шебер прозаик еди. Ҳәрқыйлы жанрларда жемисли мийнет етип, қарақалпақ совет әдебиятын кәлиплестириўде ҳәм алға раўажландырыўда өзиниң салмақлы үлесин қосты.

Бул топламға С. Мәжийтовтың сиясий ҳәм үгит-нәсийхат қосықлары, „Бағдагүл“ драмасы, қарақалпақ халық аўызеки әдебиятының үлгисинде жазылған әпсаналары менен гүрриңлери, тымсаллары менен ертеклери енгизилди. Топламды баспаға таярлаған филология илимлериниң кандидаты Қ. Байниязов.

$$M\ \frac{4803270205-040}{M357(04)-92}\ 52-91$$

ISBN 5—8272—0987—2

©„Қарақалпақстан“ баспасы, 1992

Сейпулгабит Мажитов

СОЧИНЕНИЯ

*На каракалпакском языке*

*Издательство „Каракалпакстан“*
*Нукус—1992*

Редакторы *З. Ишманова.*
Художник *П. Ганиев.*
Худ. редакторы *А. Аметов.*
Тех. Редакторы *А. Бекниязов.*
Корректоры *З. Ишманова*

ИБ—4193

Териўге берилген ўақыты 16.12.1991 жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 6.05.1992 ж. Қағаз форматы 84X108/$^1_{32}$ № Көлеми 6.25 баспа табақ 10,50 шәртли баспа табақ, есап баспа табақ. Заказы 167 Тиражы 2000 Баҳасы шәртнама бойынша

„Қаракалпакстан“ баспасы 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси 9.

ҚР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик Комитетиниң „Правда“ ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000 Нөкис қаласы К. Маркс көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕЙФУЛҒАБИЙТ МӘЖИЙТОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИК ХЫЗМЕТЛЕРИ

1924-жылы 27-октябрьде РКП(б) Орайлық Комитети ҳәм Пүткил аўқамлық Орайлық Атқарыў Комитетиниң қарары менен Қазақстан АССР ының сорамында Қарақалпакстан автономиялы областы дүзилди. Қарақалпақ халкы тарийхта биринши мәртебе өзиниң мәмлекетине ийе болды ҳәм қарақалпақ тили автономиялы областымыздың көлеминде мәмлекетлик тил деп танылып, ана тилимизде сабақлықлар дүзиў ҳәм газета-журналларды басып шығарыў зәрүр болды.

1925-жылы 12-19-февраль күнлери Төрткүл каласында болып өткен Қарақалпақстан автономиялы областы Советлериниң I Шөлкемлестириў съезди Қазақстан ҳүкиметиниң алдына бул жумысларды шешиўге көмек бериў ҳаққында мәселе койды. Қазақстан АССР халык Комиссарлар кеңеси 1925-жылы 24-февральдағы мәжилисинде Билимлендириў халық комиссариатына Ташкент қаласындағы Қырғыз-(қазақ—Б. Қ.) халық ағартыў институтын зәрүрли илажларды шөлкемлестириў ушын мәдений-билимлендириў орайы сыпатында пайдаланыўды усынды.

„Қарақалпақ тилинде сабақлықларды дүзиў ушын еки адам: Әсен дилмаш Айтымов ҳәм Сейфулғәбийт Мәжийтов сайлап алынды... Ол екеўин 1925-жылдың басында Ташкент қаласындағы Қазақ (қырғыз) халық ағартыў институты шақырып алды ҳәм онда Ә. Айтымовтың кандидатурасы кабыл етилмеди, ал сабақлықларды дүзиў ўазыйпасы С. Мәжийтовка жүкленди". (Урымбаев Ж. История советской школы Каракалпакии, Нукус—1966—Куйбышев. стр. 248-250).

Ә. Айтымов-миллети бойынша қарақалпақ еди ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

рүс, ҳәм қарақалпақ тиллерин жақсы билген. Бирақ ол суў хожалығы системасында ислеген, онда я педагогикалық тәжирийбе ямаса жазыўшылық уқып жоқ еди. Ал Сейфулғәбийт Мәжийтовтың миллети татар, ол қарақалпақ, рус, татар ҳәм басқа тиллерди жетик билген. Ол белгили ағартыўшы-шайыр болып, совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларында Қоңырат округлик халық билимлендириў бөлиминиң баслығы болып ислеп атыр еди.

С. Мәжийтов 1869-жылы Қазан губерниясы Арша кантоны Өртем аўылында жарлы дийхан семьясында туўылды. Сейфулғәбийттиң әкеси Мәжийт Абдулракип улы 1877-жылы туўылған жерин таслап, посып кетиўге мәжбүр болды. Ол дәслеп Оренбург, Ақтөбеде азғана ўақыт оңысып, соңынан саўдагерлердиң кәрўанына илесип Қоңыратқа көшип келеди. Шаққан ҳәм зейинли Сейфулғәбийт енди қарақалпақ балалары менен ойнайды, қарақалпақ халқының тилин ҳәм мәдениятын тереңнен үйренеди. Ол Күлен болыстың хатшысы болып ислеген ўақтында уллы қарақалпақ шайыры Бердақ пенен ушырасады ҳәм бул ушырасыў С. Мәжийтовтың көз қарасларының қәлиплесиўине шешиўши тәсийир жасайды. Усы дәўирден (1889 жыл) баслап қарақалпақ халық аўызеки творчествосының ҳәм классик шайырлардың әжайып шығармаларын еринбей жыйнайды. Усының менен бирге ол Қазан губерниясы менен үзликсиз байланыс жасап, сол жақтан түрли әдебиятларды алдырып оқыйды және татар, рус жазыўшыларының ең жақсы дәстүрлерин қарақалпақлар арасында пропагандалап, Батыс ҳәм Шығыс мәдениятларының елшиси хызметин атқарады. Пикиримиз исенимли болыўы ушын С. Мәжийтовтың 1907-жылы жазылған „Инийт болысқа“ қосығынан үзинди келтиремиз.

Шымбайдың жери кең, суўы параўан,
Лекин, билимнен жоқ ҳеш намуў-нышан,
Жигирма мың үй, жүз жигирма мың жан,
Бир мектеп жоқ оқып билим алмаға...
Ең аңсат жол-бүгин усылы жәдийт,
Қабыл етсең, жайдық алдына кәрит,
Ақыл айтпақ Сизге кәмийне Мәжийт,
Қыял етер тек ядыңа салмаға.

(*Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары, Нөкис, 1965-жыл, 83-84-бет*).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Демек, С. Мәжийтов Шымбай уездинде де жаңаша усылда оқытатуғын мектеплер ашып, мийнеткеш халыққа билим бериўдиң тәрепдары болды. Тилекке қарсы, ағартыўшы-шайырдың бул нызамлы талабы өз ўақтында Инният болыс тәрепинен қабыл етилмеди.

1912-жылы С. Мәжийтовтың семьясы Қоңырат қаласына көшип келеди. Бул дәўирде қалада жигирмалаған татар хожалығы болып, олар өз алдына бир көшени—„Ноғай көшесин" пайда етеди. Бул көше Әмиўдәрьяның аяғында рус ҳәм татар жазыўшыларының ең жақсы дәстүрлерин, ағартыўшылық ҳәм революциялық идеяларын таратыўшы орай болды. Усы жылларда татар революционери Аҳмед Закий Батыров, өзбек әдебиятының классиги Муҳаммадшарип Суфызада Қоңыратқа келип, муғаллим болып ислейди. Қоңыраттағы „Ноғай көшесинде" жасаўшы татар зыялылары Ғ. Тоқайдың қосықлары менен поэмаларын, Ғ. Ибрагимовтың реалистлик гүрриңлери менен романларын, Ғ. Камалдың драмалары менен комедияларын қарақалпақлар арасына таратыўшылар ҳәм пропагандалаўшылар болды. Олар татар тилиндеги пьесаларды сахналастырды және бул спектакльлер қарақалпақ халқының мәдений турмысында үлкен жаңалық болып, оларды жергиликли адамлар „Қожалақ ойыны", деп атады. С. Мәжийтов „Ноғай көшесиндеги" татар жигитлери тәрепинен алып барылған мәдений жумысларға белсене қатнасты. Бул оның келешекте көрнекли мәденият ғайраткери, белгили драматург ҳәм прозаик болып шығыўына унамлы тәсийир жасады.

С. Мәжийтов Октябрь Социалистлик революциясының жеңисин үлкен қуўаныш сезими менен қарсы алды ҳәм қарақалпақ совет әдебиятында уллы социаллық аўдарыспақтың жалынлы жаршысы болды. Ол 1920-жылы Коммунистлик партияның қатарына ағза болып кирди ҳәм өз қосықларында социалистлик дүзимниң артықмашлықларын көтериңки йош пенен тәрийипледи:

Сен азат леген соң, туўды толған ай,
Азатлықтан мунлы көңил болып жай,
Гүллән жарлы ҳәм жапакеш бир жамай,
Бирлести де, болды туўған, Октябрь.
Тилекке муўапық майдан дус болып,
Шарықладың, қойды душпан сус болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мазлум елдин күни туўып, мәс болып,
Әдалатқа толды жәҳан, Октябрь.

(*Қарақалпақ жас шайырларының қосықлар жыйнағы. Төрткүл, 1930-жыл, 92—93-бетлер*).

С. Мәжийтов қарақалпақ совет поэзиясында биринширлер қатарында пролетариаттың уллы көсеми В. И. Лениниң образын жасаған шайыр есапланады.

Тарийх көрген емес буныңдай ерди,
Өткен ер көп болды, көрсет, не берди?
Бузып қыянетке толған бир жолды,
Тазадан жол салған Ильяның улы.
Қай философ шығып, орнатты жолын,
Қайсы дана созды ғәрипке қолын,
Владимир Ильич Ульянов (Ленин),
Бәршесинен озған Ильяның улы.

(*Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары. 36-37-бет*).

С. Мәжийтов ағартыўшы-шайыр болып, заманласларын билим алыўға, өнер ҳәм техниканы ийелеўге шақырды:

Уйқылаған ел көркейе алмас,
Жетилген елдей бола алмас,
Еркинликтен пай ала алмас,
Ел болса надан, қарақалпақ.

(*Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары. 66-бет*)

Патриот шайыр қарақалпақ халкын илими ҳәм мәденияты раўажланған алдыңғы катар миллетлердиң дәрежесине жеткериў ушын өзиниң барлық күшин, акыл ҳәм билимин аянбай жумсады. Қоңырат округинде ол 1920-1924-жылларда халық ағартыў шақабының баслығы болып ислеп, дәслепки мектеплер менен интернатларды шөлкемлестиреди, оларды кәнигели муғаллимлер менен тәмийин етеди. Усының менен бирге С. Мәжийтов қарақалпақ тилинде жазылған туңғыш сабақлықлардың авторы болып есапланады.

Қарақалпақстан Орайлық Мәмлекетлик архивинде сақланған документлер бул дәслепки сабақлықлардың қалай жазылғанын ҳәм қай жерде басып шығарылғанын анық сәўлелендиреди. Мәселен, 1925-жылы 3-мартта



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрткүл қаласынан Қоңырат округлик атқарыў комитетине мынадай телеграмма жибериледи:

„Сейфулғәбийт Мәжийтовты зәрүрли қәрежет пенен тәмийинлеп, делегатларға қоса Ташкент қаласына жөнелтиўиңизди буйыраман. Оның мандаты Шымбай шәҳәрине жиберилген. Облисполком председатели Кудабаев“ (фонд 13, оп. 2,е. х. 60, 4-бет). Сол күни оған төмендегише гуўалық жазылған: „Бул гуўалықтың ийеси Мәжийтов С. Қарақалпақстан автономиялы областының ўәкили О. Ерманов ҳәм И. Бекимбетовтың 1925-жылы 2-февральдағы №112 телеграммасына муўапық мәмлекетлик баспада ислеў ушын Қарақалпақстан автономиялы областынан Ташкент шәҳәрине командировкаға жибериледи. ҚКАО исполкомы барлық шөлкемлерди, мәкемелер менен кәрханаларды бул кисиниң сол жерге тезирек жетиўи ушын ҳәр тәреплеме жәрдем бериўге шақырады. Облисполком председатели Кудабаев, секретары Кожуров“ (сонда. ф. 13. оп. 1, е. х. 44, 72-бет).

Қарақалпақстан мийнеткешлери ана тилиндеги туңғыш сабақлықларды асығыслық пенен күтти. Сонлықтан облисполком үсти-үстине телеграмма бериўге мәжбүр болды. „1925-жыл, 4-июль, Қоңырат округполкомына. Ислеп болынған материаллары менен С. Мәжийтовты Төрткүлге жөнелтиўиңизди буйырамыз“, —делинсе, 1925-жылы 20-июльда „Исленген әдебиятлары менен С. Мәжийтовтың Төрткүлге қыстаўлы түрде жетиўин талап етемиз“, — делинеди. (сонда. ф. 13, о. 2, е. х. 60, 61-78-бетлер.

С. Мәжийтов қарақалпақ тилинде туңғыш сабақлықларды жазыў ҳәм- басып шығарыў жумыслары менен қоса орайлық баспа, почта, телеграф ҳәм басқа да мәкемелер менен областлық халық билимлендириў бөлиминиң атынан келисим дүзиў ислерин алып баратуғын ўәкилликке де ийе болды. Ол ўақыттың тарлығына, жол азабына, жасының биразға барып қалғанына қарамастан бул жумыслардың барлығын инабат пенен орынлады. Атап айтқанда, „Қарақалпақ тилинде әлипбе“ „Егеделер саўаты“, „Оқыў китабы“ (Ташкент 1925-жыл) атлы сабақлықларды дүзди ҳәм басып шығарды. „Еркин қарақалпақ“ газетасының жуўаплы секретары ўазыйпасын атқарды. Солай етип С. Мәжийтов халқымыздың тарийхында теңи-тайы жоқ ерлик хызметлер иследи.

„Қарақалпақ тилинде биринши әлипбени ҳәм бирин-



www.ziyouz.com kutubxonasi






www.ziyouz.com kutubxonasi

ши сабақлықты дүзиў ушын соншама көп күш сарп етилди, — деп жазды өз мәқәлинде Қ. Әўезов ҳәм П. Варламов. — Кем саўатлы қарақалпақлардың азғана группасы татар, қазақ, рус хызметкерлериниң усындай группасы менен бирликте бул тараўда оғада уллы ис иследи. Бул жерде күтә үлкен қыйыншылықларды жеңип шығыў, шовинизм менен миллетшиликке қарсы гүрес нәтийжесинде қарақалпақ әдебий тили пайда болды ҳәм қәлиплести" (Әўезов К. И. Варламов П. Каракалпакстан к 10-летию Казакстана, Алма-Ата, 1930. стр. 29-30).

Ҳақыйқатында С. Мәжийтов қарақалпақ тилинде сабақлықлар дүзген ўақытта Ташкенттеги қырғыз халық ағартыў институтында ислеген белгили башқурт илимпазы, фольклорист А. А. Диваев, қазақ жазыўшысы М. О. Әўезовлардың мәсләҳәтлери оған дурыслы жолжоба болды. Сондай-ақ ол рус, татар, өзбек педагогларының ен жақсы тәжирийбелеринен еркин пайдаланды. Сол себепли С. Мәжийтов өзи дүзген сабақлықларында К. Д. Ушинский, Л. Н. Толстой, И. Алтынсаринниң гүрриңлеринен, И. А. Крыловтың тымсалларынан үлгилер келтирди. Ағартыўшы-шайыр туўысқан миллетлер әдебиятының нусқаларын пайдаланғанда оқыўшылардың жас өзгешеликлерин ҳәм билим дәрежесин есапқа алды. Мәселен, ол Л. Н. Толстойдың „Как мужик гусей делил" („Мүжик ғазларды қалай бөлди") деген гүрриңин кишкене еки шығарма ретинде ажыратып береди. Оларға „Бөлмеге уста екен", „Және бир усталық" деп тема қояды ҳәм „Бөле билген ала билер" деген қарақалпақ халық нақылы менен Л. Толстойдың гүрриңинде суўретленген ўақыялардың дурыслығын тастыйықлайды (Мәжийтов С. Оқыў китабы, Ташкент, 1925 жыл, 32-33-бетлер). Ал, Л. Толстойдың „Два товарища" („Еки жолдас"), гүрриңин С. Мәжийтов кеңейтип аўдарады ҳәм түп нусқасында Айыў өлген адамға тиймейтуғыны ҳаққында ҳеш нәрсе айтылмаса, дилмаш бул жабайы ҳайўанның минез-қулқы гуўралы оқыўшыларға зәрүрли түсиник береди ҳәм „Жолға шықсаң, жолдасыңды таўып шық"-деген нақылды келтиреди (сонда, 56-бет).

С. Мәжийтов туўысқан миллет жазыўшыларының ағартыўшылық идеяларын өзинше алға раўажландырды. Атап айтқанда, ол қарақалпақ халқының әсирлер бойы



www.ziyouz.com kutubxonasi

قاراقالپاق تىلىدەگى

# ھەرف بىلگىلەرى:

ا ب ت ج چ د ر ز س ع ف

ق ك ڭ گ ل م ن و ۇ ۋ

ە ھ ي ى

بىر جوعۇ جىگرما بەس ھەرف

سوزىلاتۇعۇن داۋسلار: ا و ۋ ى ي ە

ن ھەرفلەرى بىر قوللا جازىلادى، وقىلادى.

ھەرف لەردىڭ بىردەن بىردۇى ارالاسقان

سوز قوتۇرلەق جازان ايشلادى

ە گ ك ھەرفلەرى بىر قوللا جىڭگىچكە

بولوپ وقىلادى. وشان باسقا ھەرف لەر

سوزلەردىڭ اسلىنا قاراپ قاپ بىر جەردە

جوان، ناى بىر سوزلەردە ئىلجۋاز نەزىك

بولوپ وقولادى.



www.ziyouz.com kutubxonasi

топлаған турмыслық ҳәм дөретиўшилик тәжирийбесине сүйенди. Сонлықтан автор өз сабақлықларында нақыл-мақаллардан, жаңылтпашлардан, ертеклер менен аталар сөзлеринен кеңнен пайдаланды. Мәселен, С. Мәжийтов „Оқыў китабында" Шығыс халықларының көбисинде ушырасатуғын „Ҳатамтай жомарт", „Ҳатамтайдың иниси", „Хожа Насыратдийинниң ақылы" усаған ертеклерди (24-25, 67-69 бетлер) жәриялаған болса, „Егеделер саўатында" қарақалпақ халық аўыз еки әдебияты ҳәм классикалық поэзиясының үлгилеринен „Өтепберген бай", „Өтепберген бай менен Қутлымурат бий", „Дәўкара", „Шымбай қаласының қурылыўы", „Шымбайдың атасы", „Айдос бий менен „Мамаңбий, „Шоқай бийдиң айтқаны" усаған эпсаналар менен Әжинияз шайырдың „Бозатаў" поэмасын оқыўшылардың дыққатына усынады („Егеделер саўаты", 39, 58-61, 85-78-80, 84, 86, 89-93, 93-96 бетлер).

Усының менен бирге С. Мәжийтов өзиниң тәлим-тәрбия мәселелерине арналған ибратлы әңгимелерин, дидактикалық қосықларын дөретеди. Туңғыш сабақлықларға енгизилген бул материаллар мазмуны ҳәм жанры бойынша рәңбәрең болып, оқыўшылардың тез саўат ашыўы ушын имканият туўдырады.

Ағартыўшы-шайыр Қарақалпақстан мийнеткешлерине өз ана тилинде туңғыш мәртебе тәбият қубылыслары, адамзат жәмийетиниң раўажланыўы нызамлылықлары ҳаққында дурыслы мағлыўматларды берди. Мәселен, бизлердиң ата-аналарымыз өмиринде ең дәслеп С. Мәжийтовтың сабақлықлары арқалы Париж-Коммунасы, Уллы Октябрь Социалистлик революциясы, Коммунистлик партия, пролетариаттың уллы көсемлери К. Маркс, Ф. Энгельс, В. И. Лениниң өмири ҳәм революциялық хызметлери туўралы түсиникке ийе болды. Совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларында 8 жастан 50 жасқа шекемги мийнеткеш халық өз ана тилинде ямаса рус тилинде оқып, саўатын ашыўы шәрт еди. Сол себепли бул китапларға талап оғада күшли болып, алыс аўыллардан С. Мәжийтовқа өтиниш-хатлар жийи-жийи келип турды. Мәселен, Қазақбай Хожанияз улы 1928-жылы басылып шыққан „Қарақалпақ әдебиятының жыйынтығын" сорап, оған төмендеги қосықты жоллады:

Мен еситтим сыртыңыздан,
Ашық болдым затыңыздан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

**برلەشگز بوتكول دونیا مەهنەتچیلەری!**

جیناۋچی. سەیفل غابیت مەجیتوف

○○○○

# بیگەدەلەر ساۋاتی

بوز بیلم نیڭ دەرۋازەسی
كیرمەگە كەرەك بیساك ایچیب
باغ دەۋلەت دوستلار جیری
قورلانار ساق جورمەگە قاچیب

С. Можитов.
**Букварь**
для взрослых
..

قارلغالق اقانامیلی وبلستك رەفكومی باستیرعان

---

قازاقستان مەملەكەت باسپاسنیڭ كۆن شیعیس بولیمی

تاشكەن—1925—جیل



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдебият китабыңыздан,
Бизге инам қылып жибер.
Қазақбайдур мениң атым,
Ебин жорық салтанатым,
Ендиги хат болар латын,
Буған бир көз салып жибер.

(*Мәжийтов С. Таңламалы шығармалары. 79-80 бетлер*)

Ҳақыйқатында да С. Мәжийтов облоно да илимий хызметкер болып ислеп, муғаллимлерди қайта таярлаў курсларында қарақалпақ тилинен сабақ береди ҳәм ол ана тилимиз бенен әдебиятымыздан оқыў қуралларын жазыў, оқыў программаларын дүзиў жумысларына белсене қатнасады. 1929-1930-оқыў жылында Қарақалпақстан мектеплеринде оқыў латын алфавитинде жүргизиле баслады. Усыған байланыслы жеткиликли билим ҳәм ағартыўшылық тәжирийбесине ийе С. Мәжийтов жас авторларға өзиниң аталық мәсләҳәтларын берип, олар менен бирлесип коллектив түрде „Қарақалпақ әлипбеси„ (Төрткул, 1929-жыл), „Қарақалпақша тил сабағы" („Төрткүл, 1930-жыл"), „Қарақалпақ тилиниң әддуди" (грамматикасы, Москва 1932-жыл), „Қарақалпақ областындағы гөрсаўатлар мектебине программа" (Москва, 1931-жыл) усаған мийнетлерди жазыўға қатнасты.

С. Мәжийтов тек әпиўайы ағартыўшы-шайыр ғана емес, усының менен бирге тәбийғый талантқа ийе атақлы жазыўшы да еди. Сонлықтан ол автономиялы республикамызда миллий баспа сөздиң қәлиплесиўине, халық билимлендириў тараўының раўажланыўына салмақлы үлес қосыў менен бирге қарақалпақ совет әдебиятында жаңа жанрлардың пайда болыўында үлкен роль атқарды. Атап айтқанда, С. Мәжийтов қысқа көлемдеги қосықларды жазыў менен шекленип қалған жоқ. Ол „Бағдагүл", „Ерназар алакөз", „Соңғы селтең", „Жигит болдық", „Сабақ" усаған пьесалар менен бирге „Сүйин ҳәм Сара", „Кулмурат", „Он тоғыз" атлы романларды дөретип, қарақалпақ совет әдебиятында драматургия ҳәм проза жанрларының қәлиплесиўине ҳәм алға раўажланыўына шешиўши тәсир жасады.

Усының менен бирге С. Мәжийтов жас жазыўшылар менен мәденият хызметкерлерине аталық мәсләҳәтларын берип, устазлық роль атқарды. Мәселен, улы Рахим Мәжийтовтың белгили журналист ҳәм драматург, күйеў



www.ziyouz.com kutubxonasi

birlesiңis pytkyl dynja proletarьjatь!

kəllijktijf

# qara-qalpaq əliвpesi

(вalalar uşьn jaңa əliвpe jolu menen jazьldь)

nasiвrвvşь qara-qalpaq oвu-luslьq qalьq aqartьv şaqaвa mekeme jaңa əlipe komiteti.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# qara qalpaq tilindegi hərif ʙelgileri. (*

a, ə, ʙ, ş, c, d, e, j,
p, f, g, ꝗ, h, ь, i, k,
l, m, n, ŋ, o, ɵ, q, x,
r, s, t, u, v, y, z, ç.

*) sɵzulmalь hərifler: a, ə, e, j, ь, i, o, ɵ, u, v, y, ʙasqalarь sɵzuluʙ aitьlmajdь.



www.ziyouz.com kutubxonasi

баласы Қарабай Ермановтың жазыўшы болып өсип жетилисиўинде атасы Сейфулғәбийттиң хызмети күтә уллы болды.

Атақлы ағартыўшы-шайыр, драматург ҳәм прозаик, мәденият ғайраткери С. Мәжийтов 1937-жылы „Халық душпаны“ сыпатында наҳақтан айыпланды ҳәм 1938-жылы Төрткүл тюрьмасында қайтыс болды. Бирақ онда ҳешқандай айып жоқ еди. Сол себепли С. Мәжийтов 1958-жылы 29-сентябрьде Қарақалпақстан АССРы прокурорының карары менен қайтадан ақланды. Соңғы отыз жыл ишинде жазыўшының ең жақсы поэзиялық, прозалық ҳәм драмалық шығармалары қарақалпақ мектеплери менен арнаўлы орта ҳәм жоқары оқыў орынларында қайтадан үйрениле баслады. Оның қарақалпақ тилинде Таңламалы шығармалары (1935-жыл), гүрриңлери (1970), рус тилинде қосықлар жыйнағы (1973-жыл) өз алдына бөлек китап болып басылып шықты. Шымбай қаласындағы педагогикалық училище ағартыўшы-шайыр С. Мәжийтовтың атына қойылды. Жазыўшының көп жанрлы творчествосы туўралы бирқанша илимий мийнетлер, еске түсириўлер, қосықлар дөретилди.

С. Мәжийтовтың дүзген сабақлықлары менен дөреткен көркем шығармалары бүгинги күни де идеялық-көркемлик қунын жоғалтқан жоқ. Ол өзиниң туўры сөзлилиги, ҳақ нийетлилиги, мийнет сүйгишлиги менен халыққа хызмет етиўдиң ҳақыйқат үлгисин көрсетти. Ески мийрасқа садық болған С. Мәжийтов қарақалпақ халқының басынан кеширген тарийхый ўақыяларды айқын сәўлелендирген эпсаналарды, классик шайырлардың қосық ҳәм поэмаларын жыйнап, өз сабақлықларында бастырған еди. Бул әжайып шығармалар Т. Қайыпбергеновтың „Маман бий эпсанасы“, „Бахытсызлар“, „Түсиниксизлер“ атлы трилогиясының, Т. Жумамуратовтың „Мәкария сулыў“, К. Мәмбетовтың „Бозатаў“ романларының дөретилиўине қозғаў салды.

С. Мәжийтовтың көркем шығармалары өзи дүзген „Қарақалпақ тилинде әлипбе“, „Әлипбеден соң оқыйтуғын оқыў китабы“, „Егеделер саўаты“ (Ташкент, 1925-жыл), „Қарақалпақ әдебиятының жыйынтығы“ (Төрткүл, 1926-жыл) атлы сабақлықларда жәрияланды. Сондай-ақ оның көп ғана қосықлары менен пьесалары, дүнья әдебияты классиклеринен аўдармалары өз ўақтында „Еркин қарақалпақ“ газетасында, „Қарақалпақ жас шайыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

يكنچى بىلم جۆلى

الىپبەدەن سوڭ وقى تۆغۆن

# قاراغالپاق تىلندە

# وقۆ كتابى

جىناۆچى س. مەجىتوف

بۆۆ بر جول بلمچى بالالار
تاڭتاڭ سزدى دانالىق قىا
جدارنى ابات قلغانىڭداى
جول قالدىرماس قارالىق عا
كيلك لەر بايقاب قارايق
بلگن ېل بلەن بربارلق
بزدە بلگن ېل بزلايق
ماز بولسايق بالالىق عا
بلم بولسا قولدا بارلق
وجيس بارلق كيتىس لق
ودار برلك توسىس تارلق
تومالاتار الالىق عالم

Книга для чтения II ч.
ПОСЛЕ БУКВАРЯ
на кара-калпакском языке
Автор С. МАЖИТОВ

Публичная библиотека



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларының қосықлар жыйнағында" (Төрткул, 1930-жыл), „Жеңис ҳаўазы" әдебий журналында" (1934-жыл, №4), Қазан ҳәм Хийўа қалаларында шығып турған, „Шора", „Югурма" усаған журнал ҳәм әдебий альманахларда басылған еди.

Биз көп жыллар даўамында орайлық қалалардағы мәмлекетлик китапханаларда ислеп. С. Мәжийтов дүзген сабақлықлардың фотосүўретин алдық. Китапханалар менен архивлердиң фондларында сақланған сийрек ушырасатуғын нусқаларды қолдан көширип жаздық ҳәм усындай исенимли дереклер тийкарында С. Мәжийтов шығармаларының жаңа топламын дүзип шықтық.

Жазыўшының баласы Рахим Мәжийтов ҳәм филология илимлериниң докторы Қаллы Айымбетовлар тәрепинен жыйналып, баспаға таярланған С. Мәжийтовтың „Таңламалы шығармалары" топламында (Нөкис, 1965-жыл) гейпара қәте-кемшиликлердиң орын алғанлығы мәлим болды. Сонлықтан биз жаңа топламды дүзген ўақытта 1965-жылғы китапшадан сын көзимиз бенен қарап пайдаланды қ ҳәм текстологиялық изертлеў жумысларының нәтийжесинде зәрүрли дүзетиўлер енгиздик, түп нусқаны қайта тиклеп, көп ғана қосықлардың көлемин бурынғы қәлпине келтирдик. Мәселен, 1965-жылғы китапта „25-октябрь" қосығы 24 қатар болса, „Егеделер саўаты" (Ташкент, 1925-жыл, 73—74 бетлер) сабақлығында ол 32 қатар көлеминде еди, „Бәҳәр паслы" қосығы 1965-жылғы китапта 36 қатар болса, „Оқыў китабында" (Ташкент, 1925-жыл, 90-92 бетлер) ол 64 қатар көлеминде басылған еди. Текстологиялық изертлеў нәтийжесинде биз С. Мәжийтовтың „Жерди бежер", „Қыс келди", „Жалқаў дийханға", „Жасларға", „Өнер", „Мәҳәл деген не?", „Мәрт жақсы", „Кеш болмасын", „Тири қорқақ", „Оқыўға кел", „Оқыўдандур", ҳәм басқа да қосықлары қысқартылған түринде басылып киятырғанын анықладық. Сонлықтан бул қосықлардың түп нусқасын қайта тиклеп, С. Мәжийтовтың өзи дүзген сабақлықларында жарияланған вариантларын таңлап алдық.

Сондай-ақ 1965-жылғы китапта гейпара қосықлардың атлары өзгертилгенин байқадық. Мәселен, „Таза жыл" қосығы бурын „Оқыў китабында" (65—67 бетлер), „Наўрыз-таза жыл" деп аталған болса, „Дийқан менен маймыл" тымсалы „Егеделер саўаты" (Ташкент,



www.ziyouz.com kutubxonasi

1925-жыл, 61—63 бетлер) сабақлығында „Дийхан менен күншил маймыл" түринде басылған еди. 1965-жылғы китапты баспаға таярлаўшылар усылай етип қосықтың атларын қысқартқан болса, гейде базыбир сөзлерди өзгертип жибергенлигин көриўимизге туўры келди.

Мәселен, „Наўрыз-таза жыл" қосығының „Жадырап қыс кийимин қойып" деген қатарындағы „қойып" сөзин „кийип" деп өзгерткен ямаса шайыр „Наўрыз кирген соң адамлар қыс кийимин таслады",—десе, китапты баспаға таярлаўшылар автордың пикирин керисинше түсиндирип отыр. Бундай мысалларды тағы да көплеп келтире бериўимиз мүмкин. Бирақ оны китапқа жазылған алғы сөздиң көлеми көтермейди.

Биз 1965-жылғы топламды С. Мәжийтовтың тири ўақтында басылған китаплар ҳәм газета-журналлар менен салыстырып изертлеп, шайырдың қосықларының тийкарғы нусқасын қайта тикледик және бүгинги китап оқыўшылар жәмийетшилигине биймәлим болып кеткен бирқанша шығармаларын излеп таптық. Мәселен, „Қарақалпақ жас жазыўшыларының топламында" (Төрткүл, 1930-жыл) С. Мәжийтов. „Қопалы", „Ғарры дийкан" деген лақаплар менен „Ғажжа-ғаж", „Пахтаны күтсем", „Жүреккенем", „Айыларсаң", „Қызлар тилинен", „Қызыл отаўға". „Октябрьдиң жәўланы", „Не әрман", „Қайсы күн" усаған онлаған қосығы „Еркин қарақалпақ", „Қызыл Қарақалпақстан", газетасында „Ҳаяллар күнине", „Екинши қуралтайға" (1927-жыл, 4-март, № 3/33), „Кеўил шадлығы" (1936-жыл 27-июнь № 170/1419, „Узақ ушыў" 1936-жыл. 21-август, №19/1440, „Егеделер саўаты" сабақлығында (Төрткүл, 1929-жыл) „Жасларға", „Биргелки гүллер" атлы қосықларын бастырған еди. Биз ҳәрқыйлы китаплар менен газеталарда жәрияланған С. Мәжийтовтың усындай шығармаларын жыйнап, оларды бул топламға енгиздик.

С. Мәжийтовтың бул шығармалар топламы тийкарынан үш бөлимнен ибарат болып, биринши бөлимге шайырдың сиясий-жәмийетлик, үгит-нәсият (дидактикалық) қосықлары менен тымсаллары енгизилди. Талантлы жазыўшы С. Мәжийтов әдебиятымыздың ҳәрқыйлы жанрларында жемисли мийнет етти. Соңлықтан топламның екинши бөлимине драматургтиң „Бағдагүл"



www.ziyouz.com kutubxonasi

пьесасын, үшинши бөлимине прозалық шығармаларынан үлгилер (әпсана, гүрриң ҳәм ертеклер) бериўди мақул көрдик.

С. Мәжийтов қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшыларының бири болып, ол революциядан бурынғы дәўирде де, совет ҳүкимети жылларында да шығармалар дөретти. Сонлықтан шайырдың творчествосы аўызеки халық дөретпеси ҳәм классикалық поэзиямыздың ең жақсы дәстүрлерин қарақалпақ совет әдебиятына алып келип тутастырыўшы көпир хызметин атқарады. Сол себепли С. Мәжийтовтың дөреткен образлар системасында оның өзине тән болған жекке шайырлық өзгешеликлер сақланып қалған. Биз оның шығармаларын баспаға таярлаған ўақтымызда бул стильлик айырмашылықларға тийисли итибар бердик ҳәм сол дәўирге характерли болған гейпара сөзлер менен сөз дизбеклерин бурынғы турысында қалдырдық ямаса олардың мәнисин түсиндирдик. Ҳәзирги әдебий тилимизде қолланыла бермейтуғын бул сөзлер менен сөз дизбеклери, биринши жағынан, С. Мәжийтовтың шайырлық стилиниң өзгешеликлерин анықлаўға жәрдем етсе, екинши жағынан, қарақалпақ әдебий тилиниң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў нызамлықларын изертлеў ушын үлкен әҳмийетке ийе болады.

*Байниязов К., Филология илимлериниң кандидаты, Беруний атындағы Өзбекстан республикасы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОКТЯБРЬДИҢ ЖӘЎЛАНЫ

Он жетинши жылы, күн жигирма беси,
Аспанға шығардың тозаң, Октябрь,
Заманын куўырып, жылаўын алып,
Азат деп қышкырдың, сазаң Октябрь.

Сен азат деген соң, туўды толған ай,
Азатлықтан муңлы көңил болып жай,
Гүллән жарлы ҳәм жапакеш бир жамай,
Бирлести де, болды туўған Октябрь.

Жарлы жапакештиң сен аштың бахтын,
Душпан қашты көрип бар истиң сақтын,
Зулымлык мәркәзи-таж бенен тахтын,
Қурылмастай еттиң ўайран Октябрь.

Қатты кызды исши, дийқан ылғалы,
Ҳүжим етти тахты-тажын алғалы,
Тарийх көрмеген ҳал дүнья болғалы,
Көрсеттиң сондай бир жәўлан Октябрь.

Жәўлан еттиң истиң мәўсимин пайлап,
Дәс келмеди душпан қашты сазайлап,
Жәҳәнгерлик жолын бәнт етип байлап,
Бул жолға жеткиздиң ләрзан Октябрь.

Жолға ләрзан жетип, шырағы сөнди,
Қуллық дәўири өтти, еркинлик енди,
Бойсынбадың, тәғдийр саған бойсынды,
Бердиң кележекке пәрман Октябрь.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилекке муўапық майдан дус болып,
Шарықладың, қойды душпан сус болып
Мазлум елдиң күни туўып, мәс болып,
Әдалатқа толды жәҳән Октябрь.

Езилгенге, аз миллетке қол бердиң,
Еркин еттиң жасамаға жол бердиң,
Жансызға жан, димарсызға ҳал бердиң,
Теңлести, дүзлести заман, Октябрь.

Заманa дүзлесип, сазласты оған,
Сазлас, баспа тутсаң шын жолдың ҳағын,
Өткен он жыллықтың бир демлик ўағын,
Берсе мың түменге арзан, Октябрь.

Елдиң жан азығы ҳүр тутқан жаның,
„Жапакеш бирлес", деп қышқырған үниң,
Тарийх тәғдийр еткен, тарийх-бул күниң,
Жылда бир күн әзийз мийман-Октябрь.

## ЕРКИНЛИК ТАҢЫ

Таң саз берип атты күншығар жақтан,
Оянды бәрше халық, бизге не болды?
Қара түнлер өтип, шуғласты бар жан,
Қуўанды бәрше халық, бизге не болды?

Ағарып таң атты, ол еркинлик таңы,
Умтылды мийнеткеш келди деп шағы,
Тәбият шуўлап тур келди деп ўағы,
Шуғласты бәрше халық, бизге не болды?

Атқан таң дүньяны нур менен көмди,
Зулымнан қуўраған гүллер де өнди,
Ис қарадан аўып, ақ жаққа дөнди,
Дөндирди бәрше халық, бизге не болды?

Салланып алдында қызыл туў турған,
Таң менен жалтырар алтын пуў урған,
Ҳәмме ашық атқан таңға умтылған,
Умтылды бәрше халық, бизге не болды?

Бәрше ҳайран бул қалай таң десип тур,
Таңға аралас еркинлик жели есип тур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәрким жырлап, муңын-зарын қосып тур,
Жырлады бәрше халық, бизге не болды?

Бул таңға сәлем бер, тур, қарақалпақ,
Нурына аралас, жүр, қарақалпақ,
Езилдиң, женшилдин, исиң еди ҳақ[1],
Журытлар араласты, бизге не болды?

## ЫСЫҚ

Ҳәй Октябрь, сизиң бизге,
Жигирма бес күниң ысық,
Саз берип сол күни атып,
Сәўле берген таңың ысық.

Жарлы болсаң жөнге түс деп,
Тараў жүргениң әбес деп,
Бирлесиңиз жапакеш деп,
Сүрен салған үниң ысық.

Ҳағын сөйлеп сумлығы жоқ,
Раҳаты бар, хорлығы жоқ,
Зарлығы жоқ, зулымы жоқ,
Бағдар алған жөниң ысық.

Ҳаққа туўра бағдар тутып,
Жеңдиң қалпаллықты утып,
Жарлы балаларын оқытып,
Бизге берген аңың ысық.

Көрдик, жақынлады алыс,
Алдымызда турмыс шабыс,
Ғәрезсиз, пайдамыз халыс,
Нени айтсаң соның ысық.

Дегениңди қабыл көрип,
Инандық пайданы билип,
Ушың узайғандай болып,
Жарлыға берген наның ысық.

---

[1]Ҳақ—дурыслық деген сөз



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бадалғысын[1] тайындырып,
Ҳуқуқ берип сүйиндирип,
Әдил турып тойындырып,
Ашқа берген наның ысық.

Ел болып жақтылық көрген,
Заманында дәўран сүрген.
Қарақалпаққа арнап берген
Қатардағы орның ысық.

Усынғанда қолы жеткен,
Қолы жетпеге үйреткен,
Дүньяға жайып гүрлеткен,
Шәўкет пенен шаның ысық.

## 25-ОКТЯБРЬ

(*7-ноябрь*)

Неше мың жыллық ҳүкимет бели сынған күн бүгин,
Екибаслы қус әламат туў жығылған күн бүгин,
Дүньяға ҳақлықтың жолын жарық қылған күн бүгин,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Ем табылған ҳәм дүзелген елдеги жайсыз жара,
Шар тәрепқа жайлаған бул күндеги еркин ҳаўа,
Үмит артқан, йош дарытқан көңилине салған сана,
Бирлесип исти дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Жайылды пүткил жаҳанға еркиншиликтиң сәўлеси,
Шорт кесилди патшалықтың елге пасық ҳийлеси,
Тахты менен жүзи төмен, кетти, жығылды бәршеси,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Жетти бүгин көп ўақыттан берги мақсет ҳәм тилек,
Ҳәр миллет өз еншисин алды, бир тилекте сап жүрек,
Шын тәбият басын ийди, көрди ол талмас билек,

---

Бадалғы—үстемлик (ред.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирлесип исши дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх жүзинде мәңги қалған күн бүгин.

Мәз болып күлген тәбийғат ерик гүлин ашқан бүгин,
Қанға батқан исши, дийхан бәри табысқан бүгин,
Жеңилип қара жүреклер ортадан қашқан бүгин,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин.
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Тутқын елдиң болып азат бәнттен шыққан күни,
Балға урып, орақ орып душпан туўын жыққан күни,
Барша халықлар қызыл туўдың астына ыққан күни,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Ояныл көрген ҳәр адам болды ҳайран, ақылы лал,
Түсти деп қайдан бул сәўле бизге қандай биймәлел,
Жалтырап туў усласып қол, ескен еркинлик самал,
Бирлесип исши дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх жүзинде мәңги қалған күн бүгин.

Туў көтер әй, жарлы дийхан, сендағы тур, алға бас,
Жатпа тек биййкар үйинде, сол журт пенен де жанас,
Бир нақыл бар: көпшиликтен шетте болған ис оңбас,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

## ИЛЬЯНЫҢ УЛЫ

Тәрезиге салсақ жаҳанның бәрин,
Жекке басым келген Ильяның улы.
Адамгершилик, еркиншилик жолында,
Толық баҳа берген Ильяның улы.

Тарийх көрген емес бунындай ерди,
Өткен ер көп болды, көрсет, не берди.
Бузып қыянетке толған бир жолды,
Тазадан жол салған Ильяның улы.

Салған жолы өзи туўра, өзи кең,
Ғәрийпке-қәсерге қолайлы теп-тең,
Журт жайнады, биййшарадан кетип мұң,
Тилегиң сол екен Ильяның улы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаҳан жаратылып, миллион жыл кетип,
Неше жүз мың ақылы дана ер өтип,
Мундай бола алдыма туўры жол тутып?.
Бул байрақты алған Ильяның улы.

Қай философ шығып орнатты жолын,
Қайсы дана созды ғәрипке қолын,
Владимир Ильич Ульянов (Ленин)
Бәршесинен озған Ильяның улы.

Отыз жыл исследи дарақлар егип,
Бағын миййелетти тәрбия қылып,
Еңбек қайтты, бағдың миййесин терип,
Көзи менен көрген Ильяның улы.

Барысын жазбаға қытық келер тил.
Мың тоғыз жүз жигирма төрт еди жыл,
Жигирма бир еди январь айы ол,
Елли төртте өлген Ильяның улы.

Себеби сен алдың жарлының ҳалын,
Жайына жетисти мазлыўмның[1] зары,
Жетимсирер жапакешлер топары,
Бийўақ гүлиң солған Ильяның улы.

Жапа шеккенлерге усынған қолын,
Жапасын сен шектиң, биз тарттық палын,
Дағды раўан болып сол салған жолын,
Бизге мийрас болған Ильяның улы.

Орын алып жаҳанда ҳәр ўәсиятың,
Болар коммунизм деген мурадың,
Тилде ҳүрмет пенен сөйленген атың,—
Мәңгиликке қалған Ильяның улы.

### ЛЕНИНГЕ БАҒЫШЛАП

Жоқсыл еллер дүньясының аспанында парлаған,
Тынбайынша исшилерди зор урысқа шарлаған,
Жоқсыл еллер рәҳбәри Ленин жоғалған болса да,
Ол көтерген шанлы байрақ мәңги турғай дүньяда.

---

[1] Мазлыўм—ғәрип, езилген деген мәниде (ред).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Исшилердин көкирегинде орнаған ҳәрбир сөзиң,
Мәңгилик жол болды бизге баслаған изги жолың,
Жоқсыл еллер рәҳбәри Ленин жоғалған болса да,
Ол көтерген шанлы байрақ мәңги турғай дүньяда.

Биз тутармыз шанлы байрақ, ҳеш умытпаспыз сени,
Яд етермиз исиңизди, мәнги кутлармыз сени,
Жоқсыл еллер рәҳбәри Ленин жоғалған болса да,
Ол көтерген шанлы байрақ мәңги турғай дүньяда.

Сен жоғалдың алдымыздан: өлди тек жисмиң сениң,
Жарлы елдиң көкирегинде ядланар исмиң сениң,
Жоқсыл еллер рәҳбәри Ленин жоғалған болса да,
Сен көтерген шанлы байрақ мәңги турғай дүньяда.

## МАЙ БАЙРАМЫ

Туў алып абай көргизген,
Бул халықтың қай байрамы?.
Исши-дийханларға мақсус,
Бул Биринши май байрамы.

Халық ағылып, суўдай тасып,
Шыкты қолға қол усласып,
Исши-дийханлар дослaсып,
Қосылған жубай байрамы.

Жүзге шықты сырдай болмас,
Байлар шожып дырдай болмас,
Ҳәмме журт бирдей болмас,
Жарлының жамай[1] байрамы.

Жолдас касыңнан қаларма,
Жамай тусыңнан қаларма,
Бул күн есиңнен каларма,
Жамайының пай байрамы.

Бүгин бар болды, бурын жоқ,
Бунда байларға орын жоқ,
Ийт қайзағандай журын жоқ,
Бул өңшең малай байрамы.

---

[1] —Жамай—класс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарлылар теңлик алмаға,
Теңлик не, саңлық алмаға,
Аўдарып кенлик алмаға,
Өзине қолай байрамы.

Жүрмегенниң тек жайына,
Муш тийер күн маңлайына,
Тәкаббырлар жамайына,
Дейтуғын қыйсай байрамы.

„Қыйсық жолың тарылды"—деп
„Қыйсаяр ўағың болды",—деп,
„Өмириңиз қысқа қалды"—деп,
Көрсеткен абай байрамы.

Қылар абайын оянып,
Жан сақлайды ким аянып,
Байлардың бүйирин таянып,
Шуўластырған ўай байрамы.

Күни туўып қосшылардың,
Ишин тырнады байлардың,
Сиз қорлаған исшилердиң,
Бай аға, қалай байрамы?

## МАРКС БАБА

Туўралық бағдарын алып,
Шықты Карл Маркс баба,
Түнектен таза жол салып,
Етип жүрди далбыс баба.

Ҳүжданы пәк, өзи ҳасыл,
Өзи алым, өзи фазыл,
Жолы жайлы, өзи әдил,
Қурмаға бир турмыс баба.

Туўра, әдил кең жол салып,
Китап жазды, қәлем алып,
Залымларға қарсы болып,
Ете берди тартыс баба.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түрли ислер етип турды,
Жан алқымға жетип турды,
Ҳүкиметтен көрип турды,
Қатты-қатты шалғыс баба.

Тынбай зорды бере берди,
Кем-кем халық ере берди,
Жан-қыйнады көре берди,
Жан-жағынан түртис баба.

Ҳақ нийеттен айрылмады,
Ҳәмел-пулға кайрылмады,
Молланың сөзин қылмады,
Еткен менен қарғыс баба.

Парық етпей абай, қарғысты,
Жаздырмады тутқан исти,
Фридрих Энгельсти,
Етип алды шын дос баба.

Парлаған шам шырақ сөнбес,
Жан кетер жолынан дөнбес
Жолдасы жоқ, ел түсинбес,
Мүмкинбе ис жүритис баба?

Халық түсинди кем-кем көрди,
Сезип өзине дем көрди,
Пикиринде бир сезим көрди,
Сааты менен ҳәр ис баба.

Пикириңиз тегис таралып,
Биринши бирлик қуралып,
Еткен талабы оралып,
Ҳақ жолында өрбис баба.

Соңырағы қалды мәқсетин,
Өз орнын алды мәқсетин,
Оңынан келди мәқсетин.
Жаҳанда бар буркыс баба.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНИЯТ БОЛЫСҚА[1]

Ўалаят ағасы Иништ болыс,
Бир арзым бар нәзериңе салмаға.
. . . . . . . . . . . . . . . . . .
. . . . . . . . . . . . . . . . . .

Чимбайдың жери кең, сууы параўан,
Ликин, билимнен жоқ ҳеш намуў-нишан,
Жыйырма мың үй жүз жигирма мың жан,
Бир мектеп жоқ оқып, сабақ алмага.

Басласаңыз ел ҳәм жүрер жанасып.
Ел басламак шаныңызға мүнәсип,
Серке баслап қой ҳәм жүрер жанасып,
Ҳәмийше машқул Сизге дуўа қылмаға.

Дуғымды ел жолға баслар ҳәммени,
Билер абырой менен пәнди шамәни,
Жолдан шығып қыйсық кеткен нешени,
Сиз дарғасыз тууры жолға салмаға.

Гедей елди туўры жолға салмаға,
Оқыў оқып, билим-өнер алмаса,
Орысшаға тағы ҳисса қылмаса,
Имканы йоқ бир қатарда турмаға.

Ең аңсат жол бүгин усылы жәдит.
Қабыл етесең, жайдық алдына кәрит[2],
Ақыл айтпақ Сизге кәмине Мәжит,
Хиял етер тек ядына салмаға.

*1907-жыл*

## ҚУСЛАР КЕЛДИ

Замана енди күлерсең,
Сайрамаға куслар келди,

---

[1] С. Мәжийтов 1907-жылы үстем класс ўәкили Инийт болыска хат жазып, хатта жаң усылда мектеп ашыўға шақырған. Шақырық хат Инийт болыс тәрепинен әмелге асырылмай, аяқсыз қалдырылған.
(Баспаға таярлаўшы).

[2] Кәрит—карта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўандырып күлдирмеге,
Тәрбия алған жаслар келди.

Тәрбиялы аштың улы,
Бир тилеклес достың улы,
Бай жамайға қастың улы,
Шынын айтсақ, ашлар келди.

Жарлы халық ушын ислеп,
Күндиз тынбай, кешин ислеп,
Ғабырыспай өз исин ислеп,
Ўазыйпасын услар келди.

Қол узайып, ен қосылып,
Тарқаў жүрген шын қосылып,
Келгенлер менен қосылып,
Елде татлы аслар келди.

Байлардың мушын көргенге,
Туўралықты жөн көргенге,
Мийнет етип күн көргенге,
Жәрдем берер дослар келди.

Қулақ тутып[1] шын көрмеген,
Тенликтиң түсин көрмеген,
Ислеп рәҳәтин көрмеген,
Ел кеўлине хошлар келди.

Қыс өтип жазда гезбеген,
Ойналған сазда төзбеген,
Айдын-ай бағда гезбеген,
Қоңыр салқын кешлер келди.

Мийнет етпей жасағанға,
Мәзи тилин төсегенге,
Бурынғысын күсегенге,
Буршақ жаўып, таслар келди.

Жолын сызып сырдай қылып,
Бары болса жүрдай қылып,

---

[1] Қулақ тутып—мал тутып көрмеген деген мәниде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басларын мыңғырдай қылып,
Үсти- үстине мушлар келди.

Залым болса зарлатпаға,
Аштың жырын жырлатпаға,
Еркинликти орнатпаға,
Ийгиликке жаслар келди.

## ЖАСЛАРҒА

Қараңғы түнди жандырған,
Елдиң Сиз шырағы жаслар,
Тәбият ҳәм пурсат берип,
Адам қылар шағы жаслар.

Ықтыяр бар қолыңызда,
Пурсат турсын ядыңызда,
Көрсетейик алдыңызда,
Сөздиң мынаў ҳағы жаслар.

Жүре алмадың болып дарқан,
Еркин сүре алмадың дәўран,
Алдында гезеўли турған,
Наданлықтың оғы жаслар,

Оқ гезеўли усынып тур,
Сен болжаўдың шарасын көр,
Журт жолыңа қарап отыр,
Тур үлкен қулағы жаслар.

Қарап түрине заманның,
Ҳәлин сораң надан жанның,
Тилде болмаса душпанның,
Дым сынган жоқ сағы дослар.

Душпанның сағы сынған жоқ,
Сынғандай ўағы болған йоқ,
Елдиң көңлинен қалған йоқ,
Қысыўметтиң дағы дослар.

Дағын арылт қысыўметтиң,
Жолын кес ески әдеттиң,
Дәртке аспаған жигиттиң,
Барынан да жоғы жаслар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәртке асар йигит тақланған,
Ар-намыс ушын шақланған.
Душпанға қарсы оқланған,
Елдиң Сиз ярағы дослар.

Ел жағдайын сораған күн,
Жасларға бақ қараған күн,
Сизлер иске жараған күн,
Мийўе берер бағы жаслар,

Мийўе жетилсе бағында,
Тикенек жатпас жолында,
Ғыжлап тур елдиң кеўлинде,
Жанған оттың шоғы жаслар.

Сөндирип оттың зәҳәрин ал,
Зәҳәри кетсин, жетиссин пал,
Душпаннан аштың арын ал,
Кетсин ҳәмме дығы жаслар.

Дығы кетсин, шарасын көр,
Арылсын маңлайынан сор,
Жарақландағы қарсы тур,
Истиң бул бир жағы жаслар.

Сол бир жағы нықланған соң,
Ис жайлзсып байланған соң,
Мында бираз тоқталған соң,
Сөйлесермиз тағы жаслар.

## ҲАЯЛЛАР КҮНИНЕ.

Еркинликтиң толысканын,
Ҳаяллар ҳайты көргизер,
Бағ жетилип, мийўа берип,
Мийўасын елге тергизер.

Кутлы болсын айтып тилде,
Тилеклеспиз шын көңилде,
Ҳаял ҳүр болмаған елде,
Ҳәким сүрип, куллық езер.

Миллетти туғры жолға сал.
Салып куллық буғаўын ал,

3—167



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билимли, ҳүр болса ҳаял,
Елден ашлык, қуллық безер.

Мийўа тер билим бағынан.
Исти басла сен шағынан,
Сондай ана қушағынан,
Шыққан балалар ел дүзер.

Елди дүзе, ҳалын көрип,
Адым атла алға керип,
Қызларға тәрбия берип,
Ҳинжидей қамарға дизер.

Ҳинжиниң қатары толса,
Қыз, келин өз орнын алса,
Тәрбиясы толық болса,
Бостанлықтың дәмин сезер.

Миллет қуллықтан айылып,
Қуллықтың заты жойылып,
Бостанлық тегис жайылып,
Жәҳалат[1] қалмай қол көтер.

Көркейсе қуллықтан босап,
Мийўалап толған бағ қусап,
Халық дүзелип, рәҳәт жасап,
Ҳаўазасы дүнья гезер.

Рәҳәт жасасын, серти сол,
Қыз-келин тутса қолға қол,
Сондай болып жетискен ел,
Көкте ушып, суўда жүзер,

Тәрбиядур-истиң басы,
Басқа жолдың жоқ төтеси,
Тәрбиясыз елдиң иси,
Малдай бирин-бири сүзер.

Қыз, келин қосылса толар,
Жарты қалса, ақсақ болар,

---

[1] Жаҳалат-(арабша сөз)-қараңғылық, наданлық мәнисинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткен өтип, қалған қалар,
Дүньяда бир өткен гүзар.

Гүзардан өтте, алға бас,
Мәдений журытқа аралас,
Алдыңыз алыс, жол саррас,
Талабын қылған ел озар.

## ҚЫЗ-КЕЛИНЛЕРГЕ

Жүзиндеги балқыған нур,
Перкы жоқ иште болмаса,
Күндиз ай ҳәм жақты бермес,
Қараңғы кеште болмаса.

Ўақытлы нур өзин алдаў,
Көрер билим менен барлаў,
Шилте урып, зулпын таллаў,
Жараспас шашта болмаса,

Аңла, ҳәр исте парық болар,
Бил, елиң шанлы халық болар,
Миллет кемеси ғарық болар,
Қыз-келин есте болмаса.

Мунсыз үлестен пай болмас,
Ылайық орнынан жай алмас.
Ели көркеймес, пикир оянбас,
Ҳүрликте баста болмаса.

Наданлықтың дегиши урар,
Бағыт қайтар, мойнын бурар,
Көбирек үйинде отырар,
Дус келген пәште болмаса,

Бул миллеттиң ярымы Сиз,
Тәрбия алсын қатын-қыз,
Күш пайда етпес, билимсиз,
Тентек урыста болмаса.

Тур, тутқынлық дәўири өтсин,
Бил, наданлық күни батсын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислер қандай орын тутсын,
Акыл, ҳуўыш, билим де болмаса.

Гүл йүзлери гүлгин дөнер,
Оған билим зийнет берер,
Душпаның пайлар, көз салар,
—„Ҳәй"—деген сес те болмаса.

Миллет бағының даласын,
Оның дек кәни-қаласын,
Бахытлы миллет анасы,
Көринбес түсте болмаса.

Өнде көринсин жараңыз,
Көрсетип дәртке шараңыз,
Инсап пенен бир қараңыз,
Заманға ҳеште болмаса.

## ҚЫЗЛАРҒА.

Таза бәҳәр, таза мәўсим,
Болмалы раўана қызлар,
Гүл ашылып, бүлбил сайрап.
Жан күйер афғана қызлар.

Ҳүрмисиз яки пәризат,
Ҳүсниң ҳүр пәриден зыят,
Гүл жүзинде нокат-ноқат,
Қаллар дана-дана қызлар.

Бағда таза гүлдей өнип,
Гүбелектей ушып қонып,
Қызыл жүзлер гүл-гүл дөнип,
Оттай жана-жана қызлар.

Бағда гезиң заманға ерип,
Сайран етип, гүлин терип,
Билим менен зийнет берип,
Таранып безене қызлар.

Өткен дәўир артта қалды,
Таза дәўир орын алды.
Бир қәдирли мийман келди,
Сыртқа шық миймана қызлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келген мийманға нәзер сал,
Заман не исте, не аўҳал?
Заманның тәрбиясын ал,
Хызмет қыл Ўатанға қызлар.

Бағлар тегис мийўе берсин.
Қыз-жигит бирдей жетилсин,
Елге таза жанлар кирсин,
Жан бериң бийжана қызлар.

Елге билим булағын жық,
Наданлықтың өкпесин сык,
Бүгин ғайрат қыл, бүгин шық,
Қалмасын азана қызлар.

Елге рәҳмет суўы ақсын,
Наданлық кемеси ықсын,
Билип қол бер жүзге шықсын,
Ол, сеннен игана қызлар.

Игана қыз көшип сарға[1]
Өткизбе күнди бийкарға,
Заман жүрер күнде алға,
Қарамас турғана қызлар.

Таттық жаҳалат ашшысын,
Қолланбай бийлик басшысын,
Дүньянын ашы- душысы,
Билинер татқана қызлар.

Тарийх ҳәм көрсетер заман,
Қыз-келинлер болса надан,
Халықтың ойы болмас аман,
Дус болар борана қызлар.

Бул жолда жарағың билик,
Билимге ҳеш келмес илик,
Ел ҳуқықы еркиншилик,
Түспесин талана қызлар.

---

[1] Сарға-ағымға деген сөз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шығың майданға жолланып,
Түсиңлер жолға салланып,
Наданның сөзин қолланып,
Таппаңлар баҳаңа қызлар.

Заманға қараң сер етип,
Ҳақыйқатты тағдир етип,
Тәбийғатты тәсқыйыр етип,
Ийе болың, қәне қызлар.

Ойлап заманаңы барлап,
Хат жаздым түнейди шарлап,
Сиз алтынсыз, ел бир саррап,
Түстиңиз мийзана қызлар.

## ҚЫЗ-КЕЛИНШЕКЛЕРГЕ

Қарындаслар, оян серпип көрпеңди,
Енди оянбасаң, кешке қаларсаң,
Ҳешким тоқтата алмас бул жолда сени,
Ҳәзир оянбасаң, кешке қаларсаң.

Жоқ еди басыңда бурын ықтияр,
Тутқыннан шығыўға болмады мәдар,
Азатлық күн туўды тоқтатар ким бар,
Өзиң шық, тезирек кешке қаларсаң.

Тутқын едиң, қәпестеги бүлбилдей,
Ўақтың жетпей солдың саяда гүлдей,
Күшиң көзине жетип зар жылап бирдей,
Түргел, жасыңды сүрт, кешке қаларсаң.

Қул болып сатылдың бийне мал яңлы
Қайғыдан ийилип белиң тал яңлы,
Үндеўге еркиң жоқ, турдың лал яңлы,
Умыт барлығында, кешке қаларсаң.

Ишинде толған дәрт болып ең қапа,
Не күнлер өткердиң, көрдиң көп жапа,
Қуўанып еркинди ал, сүр заўқы-сапа,
Тезирек умтылмасаң, кешке қаларсаң.

Ардақлы апалар, әрманда кетти,
Қайғыдан сарғайып, өмири өтти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Малға сатпас, қартқа бермес күн жетти,
Ал өз ҳуқуўқыңды, кешке қаларсаң.

Жылайсаң аўлакта, оннан не пайда,
Жасыңды тый, ҳәрекет ет, қыймылда,
Алға атла, күткениңниң бәри алда,
Жасырмай сөзиңди айт, кешке қаларсаң.

Бар жолың ашылды, көтер енди бас,
Өзиң шық, азат бол, басқаға жол аш,
Оқы ҳәм ал билим, наданлықтан қаш,
Гүрес, шының менен жетип аларсаң.

## ҚЫЗЫЛ ОТАЎ.

Жол қайырлы иске сәҳәт,
Саўлық пенен бериң шағлап,
Таза дәўир, таза ҳаят,
Таза жолдан жүриң шағлап.

Ҳүжим болып, сәўлат пенен,
Гүрес ески әдет пенен,
Бирлесип ҳәм үлпет пенен,
Ҳүрлик гүлин терин шағлап.

Мақсетиң сол зорлық қылса,
Ҳаял өз ҳуқуқын алса,
Жөн билмеген муңлы болса,
Жолын оңға бурың шағлап.

Алмайыш қыз жарлы болса,
Ықтыярсыз сорлы болса,
Муңлы болса, зарлы болса,
Ҳал-жағдайын көриң шағлап.

Гезип сәҳираның елатын,
Ашып көңлиңдеги татын,
Майданың саз, ҳүрлик атын,
Өрли-ғурлы сүриң шағлап.

Үдеп ислер орын алсын,
Соңғылыққа ядыгар қалсын,
Желге ушқандай тарқалсын,
Көңлиңдеги шериң шағлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ләўент бар сатылған малға,
Кустай шақыр, далбай былға,
Шөлкемлесип таза жолға,
Топар-топар кириң шағлап.

Жәўлан етип мисли дәрья,
Сайран етип суўы-сәҳира,
Таза дәўир, таза дүнья,
Таза турмыс қурың шағлап.

Абырай-иззет сол жолда ды,
Шийрин-ләззет сол жолда ды.
Ҳәмме хызмет сол жолда ды,
Қайтсын намыс-арың шағлап.

Нәўше қызлардың нәшесин,
Өңергерлер әндийшесин,
Хызметиңниң нәтийжесин,
Тез-тез хабар бериң шағлап.

## ҚАЙСЫ КҮН

Ҳәрким бу күн ат байраққа,
Сазлап атын салған күни,
Сазлаған ел жарыспаққа,
Озып байрақ алған күни.

Насаз болған елдиң аты,
Тек аты бар, жокты заты,
Сазламағаннан соң елаты,
Ерисе алмай қалған күни.

Көрмей парахатлық заман,
Шығыстан айырылмай думан,
Жәҳәнгәрлер ҳийле менен,
Қол аяғын таңған күни.

Шынды қойып қолланып еп,
Бәрин отар қылайын деп,
Қанын сорып, көз майын жеп,
Сорпасына қанған күни.

Күн-күннен жан шай келмекте,
Ҳалыңды сынап билмекте,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир озып, кележекте.
Көңнин бирлей тынған күни.

Мәзи жаны бар безгектей,
Салбырап жүрип гүзекте,
Тоқсандағы тоң тезектей,
Бизиң елдиң тоңған күни.

Журт пенен қатар жүре алмай,
Шағылысқан күни көре алмай,
Бирге шығып ере алмай,
Жол ортада қалған күни.

Шаңға аралас қалмай көшип,
Оңлаўшы тур жолын тосып,
Бежериўсиз атын қосып.
Мийнет күйип, жанған күни.

Жүрмес жөнди билип сорға,
Бәрҳә арбасын айдар жорға,
Қосқан аты өгиз арба,
Алла-жалла салған күни.

Дослар бу ҳәлди көрип тур
Алдынан болжап билип тур,
Кеңеслер қолын берип тур,
Тырбанар ўақ болған күни.

## КЕТ-КЕТ

Бул жерде сизге орын жоқ,
Ис басынан ирилер[1] кет,
Қыйсық жолын бузылыпты,
Енди туўра жүрилер, кет.

Ел безип, сизден бет бурған,
Үзилди дузағың қурған,
Ишиң ғыж-ғыж қайнап турған,
Сырты-тулып терилер кет.

---

[1] Ирилер-ҳәкимлер деген мәниде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елдиң тилеги табылып,
Иске қунтыйды жабылып,
Қойдың терисин жамылып,
Қораға шапқан бөрилер кет.

Қыйпақлап мазасын билип,
Бөридей қораға кирип,
Кетпесең де өзиң өлип—
Тулыпларың жарылар, кет.

Таптық, сеники жол емес,
Қолында уў бар, пал емес,
Аўырыўдың еми ол емес,
Уў қосылған дәрилер кет.

Бираз ҳәлсиреттиң буўып,
Демин алды күни туўып,
Жарлы питкен жолың таўып,
Туўра жолдан барылар кет.

Енди мансаптан үмит үз,
Мөлийме, тағы тикпе көз,
Қайда барсаң да сол бир сөз,
Сондай жуўап берилер, кет.

Жем илип қармақ салғанның,
Базары өтти жалғанның,
Үзилген соң булқығанның,
Сағақлары жырылар, кет.

Пақырлардың өзи қалсын,
Өз мүлкине ийе болсын,
Өз тапқанын өзи алсын,
Мен-менсиген ирилер кет.

## АЙЫЛАРСАҢ

Таў биле желиссе төменги таптан,
Дәртиң басым болса, соныңнан аяр,
Сенде бир шикәс бар ҳәмелден тапқан,
Шикәстан саўалтып жиниңнен аяр.

Жанақлы ел сезсе бағдарын истиң,
Сынар, сезер болар пасырды үстиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тигислик билдирмей кән ўақ шыдастың,
Бағдар тутқан гизли жөниннен аяр.

Бара алмассаң қыя тартқан жөн менен,
Барар болсаң серилерсең шын менен,
Ойланып ислерсең салқын қан менен,
Бурыңғы қызғынлы қанынан аяр.

Бай көрсең жылмаңлап алдынан орап,
Аш көзиң түнерип, борандай бораn,
Қаршығадай қула дүзден аўқарып,
Қолдан сарытқан тарытпақ жемиңнең аяр.

Дәўран сүрдиң тежериўден бос болып,
Ғоддасладың жин урғандай мәс болып,
Сыр билинсе, бир күн сынға дус болып,
Пәтигиңди жығар, жиниңнен аяр.

Мәсликке пул төктиң жөнге қарамай,
Қояр деппе едиң бир күн есап сорамай,
Манаўсырап күндиз иске жарамай,
Гүлайыт етип гезген түниңнен аяр.

Қыянат жай таппас ҳақтың алдында,
Қалпаллық жөн, шын ақмақтың алдында,
Бетине басқанда көптиң алдында,
Тамсаңлап кеберсең, дымыңнан аяр.

Дымың қурып, сөйлемеге тил қалмай,
Ҳақ ашылар ҳийлеңе де жол қалмас,
„Сени ҳақ"—деп жекиргендей ҳал қалмас,
Сестиңе суў қуяр, үниңнен аяр.

Ағашты тез, ер жигитти сын дүзер,
Мүсиндей боларсаң қурылса тезлер,
Демиңнен нан писти, қыйпақлап көзлер,
Ҳәўириң тез басылар, демиңнен аяр.

Қылмасаң қанаат ҳалал ҳаққында,
Тез түсерсең тез кебиңе, шарқыңа,
Уллылық ўәжге аспас, бармас парқыңа,
Кесил аўқат еткен күниңнен аяр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕРДИ БЕЖЕР.

Десеңлер болмайық нәмәртке мүтәж,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар,
Пәрўасызлық етип мине болдың аш,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Дүньяда жасаған жанлы-жаныўар,
Жерден өнген менен тирилик қылар,
Тамақ, кийим, бәри сол жерден өнер,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Жер бир ғәзийнедур алып таўсылмас,
Алған менен ол ғәзийне азаймас,
Жанлы-жансыз бәрше жерсиз туралмас,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Алтын, гүмис пенен темир ҳәм мыслар,
Ҳаслы жерден болар барлык турмыслар,
Жерден тояр көкте қанатлы қуслар,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Атаң, анаң қандай болса қәўендер,
Жерди де сондай бил, ол сени асырар,
Ҳасыл-ана жер деп билмегиң дәркар,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Жериңди ҳүрметле, сыла ҳәм сыйпа,
Бежердағы жең түр, сүр заўқы-сапа,
Ол асыраса, сен ҳәм оған қыл опа,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Жер тойдырар, бирақ ол бир серт қояр,
Сол сертин тутканның тамағы тояр,
Ашлық-жалаңашлық бәрин де жояр,
Жерди бежер, жериң сени тойдырар.

Күн кептирсе мени тез-тез суўғар дер,
Қатқанда жумсартып, қосынды сүр дер,
Күшим қайтса төгип, қуўатландыр дер,
Жерди бежер, жериң сени тойдырар.

Бул сөзди тынла да, ҳармай талап қыл,
Болур ҳеш гүмансыз мурадың ҳасыл,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийўелеп бағларың кубылсын ҳәргүл,
Жерди бежер, жериң сени тойдырар.

Хусусан пахтаны ядында сақла,
Ертеден қыймылдап, жеринди бапла,
Ўақтында ек, ол жеткизер муратқа,
Жерди бежер, жериң сени тойдырар.

Билемиз, дийханлар, мийнетиң дым көп,
Мақсетиң де бәлент, зийнетиң ҳәм көп,
Сен екпесең журтка түсер аўырлык,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Исим ҳәм мийнетим аз болсын десең,
Жумыслар тәртипли, саз болсын десең,
От-машин ал, қысым жаз болсын десең,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Аўыр хызметиңниң бәрин от-қылар,
Трактор-жер сүрип, от машин орар,
Көп егип алыўға пурсатың болар,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Заман билгендики, билип ис қылды,
Машынға ислетип өзи бай болды,
Билгенлерге ерсек бизге сол қалды,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Не себептен бар каракалпақ аш қалды,
Жер исине қамдәс болғаннан болды,
Жер бежерген елдиң қазнасы толды,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

Заман айланбаса, сен бол оған саз,
Өткенлерден нақыл қылмадым бираз,
Әдептен ҳәм соңынан бәрибир ҳаўаз,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

## ЖАРЛЫ ДИЙХАН

Дийхан аға, бәрҳә, тақ өгиз бенен,
Өмириң өтти қослап жеге билмедиң,
Туқымды мол таўып колай жеринен,
Көл-көл етип егин еге билмедиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк сыйырдың жалғыз танасы қалды,
Қыслай қысыр емип, жазда суўалды,
Оннан бурынғысын жолбарыс алды,
Сен соны ўақтында неге билмедиң?

Ол сай болса жарар еди исиңе,
Көгин алса жегер едиң қосыңа,
Ҳарығанлықтан түспедиме есиңе,
Қулласы, күнде барлап баға билмедиң.

Саўалмады кеўлиндеги сол жара,
Тәғдирге тән қойдың, таппадың шара,
Гүрмеўге келмеди қысқа жип сирә,
Барлық өнериңди төге билмедиң.

Исиң бир баспады оңға жол алып,
Қырман сүзип бир тынбадың мол алып,
Жетпесликтен көтеримге пул алып,
Күнде төлеўинен шыға билмедиң.

Аўырлықлар көрдиң, қайтпады күшиң,
Қыйналып „Эҳ" деген шықпады сестиң,
Қарсы турмақ болды мудамы исиң,
Мийзамға көшпедиң, ыға билмедиң.

Өтсем дедиң душпаныңды мат етип,
Дегениң болмады көп ғайрат етип,
Бағ дүзетип, кейнинде бир аг етип,
Мийўели дарақлар тиге билмедиң.

Дийдиңнен шықпады заманның сақты,
Бири босанғанда екеўин тақты,
Сениң душпаныңды балларың жықты,
Қуўан сен, ўақтында жыға билмедиң.

## ҲАРМА ДИЙҚАН

Исиң көп те, тынышың аз,
Тына алмайсаң бәрҳә дийқан,
Талабың кетсе гежине,
Түскениң сол тарға дийқан.

Отыз күн удай жап қазып,
Топырақ аттың қарды жазып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз қаратып, жүрек сазып,
Ашлы-тоқлы талма диййқан.

Онсерилик белиңди алып,
Тептиң, жүзин жерге салып,
Айғыз-айғыз териң ағып,
Ҳарма диййхан, ҳарма диййхан.

Келип ек ҳармасын айтып,
Жүрипсең исти зорайтып,
Қазыўды питкерип қайтып,
Қыршыдың ба салма диййқан?

Жериң аяқпа, сағама?
Мойны узақпа, герд жағама?
Қазған жаптан суў ағама?
Жериңде суў барма диййхан?

Мойынтырық, гүнде, мала,
Шаўжының, самьяның барма?
Ҳәзир жерге қос салмаға,
Қос өгизиң сайма диййқан?

Төгинге арба жектиң бе,
Жериңе төгин төктиң бе,
Шелиңди дүзиў шектиң бе,
Жериң тегис, сазба диййқан?

Суў келгени-сениң бағың,
Енди ашылар қабағың,
Үш мезгил ишкен тамағың,
Ас қатықлы жарма диййқан.

Егиниң болса байытып,
Қайтар, өз кеўлин жай етип,
Шаш алдырып, кири кетип,
Нәзер салар ярға диййқан.

Кештен жатып, ерте турмақ,
Билмейсең шаршамақ, ҳармақ,
Керек болар кетпен урмақ,
Қаўын-қарбызларға диййқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетпенлеп жериң босласын,
Абайлап жүр, курт түспесин,
Пахтаңды отақ баспасын,
Сол қарасын барла дийқан.

Пахтаң түскенде қапшыққа,
Басыңды қойма көпшикке,
Жүўериң келсе шымшыққа,
Бақ, изинен қалма дийхан.

Ыссы күнде шыжып-күйип,
Дән қыларсаң қырман үйип,
Себеп сен уллы журт тойып,
Сенде әрман барма дийқан.

## ҒАЖЖА-ҒАЖ

Күн қызып көринсе бәҳәрден нышан,
Жағымтал самаллар есер ғажжа-ғаж.
Дүнья жүзин қылмақ ушын абадан,
Дийханда көринер әсер ғажжа-ғаж.

Тоң кетип, ўақ болып жаз келсе тосын.
Ойлар жерге гүплеп суўдың келисин,
Десип бул жосунлы қазыўы барсын,
Ҳәрким өз шелине түсер ғажжа-ғаж.

Кепше ойнап леппик ылайды шырпа-шырп,
Ушып шығып жабысып тур шарпа-шарп,
Борбас жерден топырақ шығар гүрпа-гүрп,
Көрген жанның көңли тасар ғажжа-ғаж.

Ақырасын қайтарып биреў алып тур,
Ол орынға таза-таза келип тур,
Жықса келер, сағада суў толып тур,
Гүплеп атызларды басар ғажжа-ғаж.

Минтазлап, пухталап алып тарашын,
Етип суўдың иркилместей шарасын,
Липлеп толсын атызға суў тарасын,
Диййқан сондай күнди күсер ғажжа-ғаж.

Ис уқсаса сондай күнге жетпейме?
Аш-арықтан уўайым-қайғы кетпейме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислер жолта болса мәўсим етпейме?
Өтсе, халықты ашлық қысар ғажжа-ғаж.

Жолта болса, мәўсим өтер ис оңбас,
Демек, жаз паслында дийқанлар тынбас,
Иске өзи хожа, өзи жапакеш,
Мийнетсиз пайдадан қашар ғажжа-ғаж.

Бурын бийлеп қазыў исин жемхорлар,
Жерсизге қаздырып, қазбады зорлар,
Быйыл бәрин ылайға салар абқарлар,
Сол себептен қайнап йошар ғажжа-ғаж.

Бурынғыдай қамшы ойнамас пәт пенен,
Жердарлар ылай қазар процент пенен,
Буйрық жары қылып жәмийет пенен,
Сондай буйрық тастан өтер ғажжа-ғаж.

Ҳақ жол услап, ҳақ мийнетке тән берип,
Себеп дийқан толы журытқа нан берип,
Дийқанды жеткизген журытқа дән берип,
Жасатар ҳәм өзи жасар ғажжа-ғаж.

## ПАХТАНЫ КҮТСЕМ

Жуўықлай ала алмассаң қаллашлық жора,
Бежерип жериме ексем пахтаны,
Қәўендерлик қылар ол мени күтер,
Тәрбиялап менде күтсем пахтаны.

Ертерек қозғалып, қумбыл боларман.
Суўғарып жер сүрип ғайрат қыларман,
Ойланғаннан зыят ҳасыл аларман.
Тежеп тегислесем, төксем пахтаны.

Калпал орын тутпас, ол шындай болмас,
Терис қайыў жол алмас, түз жөндей болмас,
Жазлайғы мийнетим бир күндей болмас,
Серелеп қанарға тықсам пахтаны.

Сондай күнди менде талўас етермен,
Сөзимнен қайтпастан, куллас етермен,
Теңгесин лөк алып, ҳаллас етермен,
Хлопкомға елтип сатсам пахтаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳукиметтен питип турса бар кәжет,
Жапакеш дуньяны қылмайма абат,
Ҳәр дақылдан оның өними зыят,
Киисем кийим, көлик жексем патхныа.

Дегенимдей етсем болар ҳәрекет,
Ғоддаслармыз номай болса кәрежет,
Пайдасы жуғымлы, турған беpекет,
Алтын туттым дермен тутсам пахтаны,

Жер бизде, күш бизде, енди не әрман?
Партаў жер каларма болмай абадан,
Қазанда май қайнап, мөрели шапан,
Кийсем де ғоддаслап шықсам пахтаны.

Өзим жерге хожа болғаннан бери,
Қын—қыңлаған тутым қалғаннан бери,
Өткен жылмазасын алғаннан бери,
Түсимде көремен жатсам пахтаңы.

Шел шаўып, бел теўип билегим талмас,
Ғайрат пенен ислеген жан аш қалмас,
Қаллашлықтың дәрти көңилде қалмас,
Мени таныр, мен де бақсам пахтаны.

## ҚАРАҚАЛПАҚША ИНТЕРНАЦИОНАЛ

Турғыл нәлет тамғасы басылған,
Ашлар ҳәм куллар бар-жоғың.
Жүрек қайнап ғайратқа толған,
Уллы урыс майданына шығың!

Залымлар уясын бузып,
Орнатамыз енди жаңаны,
Орнына кең жайлыны дүзип,
Ҳәмме тең сайран қыламыз дуньяны.

Нақыраты: Бул болар ең кейинги,
Ҳәм қатты саўаш.
Жайрар пүткил дунья
Миллетлери бирге аралас.

Қуллықтан қутқара алмас ҳешким,
Патша, қудай ҳәм батыр бизди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күш пеңен тартып аламыз,
Қутқарамыз биз өзимизди.

Қутыламан десең қуллықтан,
Тайсалмастан орныңнан тур.
Бас көрикти қыздыр да,
Темирди қызған мәҳәлинде ур.

Нақыраты: Бул болар ең кейинги,
Ҳәм қатты сауаш,
Жайрар пүткил дүнья
Миллетлери бирге аралас.

Биз пүткил дүньяны абад қылған,
Исши мийнеткешлер топары,
Жерге ийе болыуға ҳақымыз бар,
Тегин, тамақлар турсынлар.

Залымлар үстинде шорт етип,
Шағылса отлы шақмақ,
Күн бизге келер жарық етип,
Қара күнлер болар аппақ.

Нақыраты: Бул болар ең кейинги.
Ҳәм қатты сауаш.
Жайрар пүткил дүнья
Миллетлери бирге аралас.

ЕРКИНЛИКТИ КҮСЕЎ

Бурынғы ҳалға қарасақ,
Не бир күнлер өтип кеткен,
Жарлы елдиң соры қайнап,
Зәҳәр-заққум жутып кеткен.

Тапқан ўәжин бере-бере,
Иши жанып көре-көре,
Жүз жарлыға бир бай төре,
Қулдай жумсап тутып кеткен.

Жүз жарлыға бир бай тулға,
Есигинде қусап қулға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Он пуллық ўәжин бир пулға,
Илаж таппай сатып кеткен.

Түсип дүньяның тарлығы,
Есинен кетпей қорлығы,
Байлардың қылған зорлығы,
Арқасына батып кеткен.

Арқайын басып туралмай,
Байларға қарсы баралмай,
Тамақ-таппай, күн көре алмай,
Жүз мың әрман етип кеткен.

Тамақ табалмай сандалып,
Жүз мың әрман иште қалып,
Жарлы ислеп, байлар алып,
Ҳал-дымары питип кеткен.

Дүньяға неге келдик деп,
Келип көп азап көрдик деп,
Қашан болар еркинлик деп,
Жарлы күтип-күтип кеткен.

### ШЫРАЙЛЫ ЗАМАН

Күлер жүзли бағ-дәўлеттиң,
Қарағанын бизлер көрдик,
Еркинликтиң, әдәлаттың,
Сораганын бизлер көрдик.

Аўдарыспақта бир дегис,
Енди болмас малдай жегис,
Болған истиң халыққа тегис,
Жарағанын бизлер көрдик.

Пақырдың қарап жайына,
Өз мүлки тийип пайына,
Ишкен асы өз бойына,
Тарағанын бизлер көрдик.

Дәўирледик қанат урып,
Ойлағаннан зыят урып,
Шадлық пенен шаппат урып,
Шуўлағанын бизлер көрдик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосылып елдиң түрлиси,
Орын алып ең сорлысы,
Бадалғы болып жарлысы,
Сорағанын бизлер көрдик.

Заман бурын еди қандай,
Ашылмас қара думандай,
Тоқсанда бууўған сырандай,
Борағанын бизлер көрдик.

Пахырға созылған қолдың,
Бүгин тек турылған қолдың,
Ҳәзир куўсырылған қолдың,
Таралғанын бизлер көрдик.

Кешеги күни шақылдап,
Мийиңди тесип, тақылдап,
Бүгин алдыңды мақуллап
Орағанын бизлер көрдик.

Байлары бағынан тайып,
Патшасы тағынан тайып,
Түби ширигендей қыйсайып
Сулағанын бизлер көрдик.

Ашық шырайлы заманның,
Сүрилер ўағы дәўранның,
Ҳәз етисер ўағы жанның,
Күлгенлерин бизлер көрдик.

## ҲАРЫП ЕДИҢ

Замана күлер жүз берди,
Не күнлерди көрип едиң,
Жәбир-зулым аса кетип,
Естен танып ҳарып едиң.

Ерлер дөреп пәтли-пәтли,
Күн көрип ең татлы-татлы,
Тарийхларың салтанатлы,
Бираз дәўран сүрип едиң.

Душпан дегениңе болмай,
Ҳайт десе изинен қалмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ар-намыска шыдай алмай,
Өзиңди отка урып един.

Сал таяныл ықтырмастан,
Суўдан кештиң жуқтырмастан,
Қанатлыға қақтырмастан,
Елди сөйтип қарып един.

Ықламадың боран болса,
Патша ма, мәйли хан болса,
Қарсы келген душпан болса,
Қуп сазасын берип един.

Шыдадық екиге, үшке,
Не шара келмеген пешке?
Шыдай алмай кара күшке,
Ўатаныңнан бүлип един.

Ўатаннан кештиң туралмай,
Барған жеринде куралмай,
Бүлгинлик изи арылмай,
Дүньяны бир шолып един.

Жаздырылған соң өримин,
Узаклап кетти сүримиң
Ақырында бир бөлимин
Хорезмге келип един.

Батырлардың аманында,
Есенгелди заманында,
Айдос бийдиң дәўранында
Қорлық көрмей турып един.

Кеңеслер елде орнамаса,
Тилегиң кабыл болмаса,
Еркинлик сая салмаса,
Зая болып ширип един.

### ҚАРАҚАЛПАҚ

Ханлардың дәўиринде саған,
Жетипбеди сан қарақалпақ?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сан деген не, болған жоқ па —
Өз үниң-зиндан қарақалпақ?.

Өткен ҳал барма есинде,
Не көрдиң ханлар тусында,
Аталдың олар ишинде,
„Еси жоқ-ауан қарақалпақ".

Көп жәбирлер көрип един,
Гүлиң қуўран солып един,
Қаның кеўип қалып един,
Тек шықпаған жан қарақалпақ.

Қол салды намыс-арыңа,
Қулақ салмады зарыңа,
Сол қорлықтан бедениңе, —
Жуўырмады қан қарақалпақ.

Тек сеннен билди алыўды,
Жөнли-жөнсиз пул салыўды,
Таң саз берди, күниң туўды.
Айланды заман қарақалпақ

Қара күниң батты сениң,
Абройыңды жапты сениң,
Коммунистлер тапты сениң,
Дәртиңе-дәрман қарақалпақ.

Өткер қайғылы кешиңди,
Арқайын бол, қыл исиңди,
Енди жыйнап ал есиңди,
Түрленип қаран қарақалпақ.

Тур! Қатардан ал орныңды,
Қулақ тыңлар, айт муңыңды,
Керип атла адымыңды,
Қалмасын әрман қарақалпақ!

Өз исиңди ете билсең,
Туўра жолдан кете билсең,
Қәдирин билип тута болсең,
Сенде шәўкет-шан қарақалпақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәўкетке, шаңға алданба!
Толықтыр артынан қалма!
Исим питти деп ойланба,
Питпеген ис кән қарақалпақ.

Келешекке салмасаң сер,
Шубалысар буннан бетер,
Талабын қыл билим, өнер,
Боларсаң аман қарақалпақ.

Аманлықты ойланбасаң,
Белди буўып сайланбасаң,
Уйқыңды ашып оянбасаң.
Жетилмек гүман қарақалпақ.

Уйқылаған ел көркейе алмас,
Жетилген елдей бола алмас,
Еркинликтен пайда алалмас,
Ел болса надан қарақалпақ.

Наданлық кетпей постыңнан,
Қорлық көрерсең достыңнан,
Өткизбе исти үстиңнен,
Бул сөзге инан қарақалпақ.

### ҚАРАҚАЛПАҚҚА

Өткенде бар еди шаңлы күнлериң,
Шаңлы күниң батып, күниң шықпады,
Көптен теңлик алған шаңлы күнлериң,
Сесленди бул күнлер, үниң шықпады.

Малың көп, жериң мол, мәс едиң бәрҳә,
Бир жағың шалғын көл, бир жағың дәрья,
Аңлысқан жаўын жоқ, төрт жағың қубла,
Дос қылдың душпанды, зарың шықпады.

Жаў келсе, алдыңда батырларың бар,
Журыт жыйған жол басшы билгирлериң бар,
Сөз келсе шешениң бүлбилдей сайрар,
Өзиңнен намақул гүрриң шықпады.

Сүт билен қан жуўдың, қалдырмадың қас,
Әдил бийлериңиз журытқа еди бас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# qaralpaq.

qanlardьn dəvrinde saqan,
jetiʙsedi saꞑ qaralpaq,
saꞑ degen ne ʙoqan joqʙa.
ez yjyꞑ zından qaralpaq.
ətkeꞑ hal ʙarma esiꞑde,
nə kerdyꞑ qanlar tusunda.
ataldьꞑ qalьqtьꞑ icinde.
esi joq ʙvan qaralpaq.
qol saldь ʙamьs harьna.
qulaq salmadь zarьꞑa,
sol qorluqtan ʙedeniꞑe,
juvurmьdь qan qaralpaq.
tek seꞑnen ʙildi alьvdь.
jəniy jənsyz pul salьvda.
taꞑ saz ʙerdi kynyꞑ tuvdu.
ajlandь zaman qaralpaq.
qara, kynyꞑ ʙattь seniꞑ,
aʙьrəjьndь jattь seniꞑ,
kəmiʙnesler taptь seniꞑ,
dərdiꞑe dərman qaralpaq.
ətkeꞑ qajьqlь kecindi,
arqajьn ʙol qьl isindi,
endi jьjnaʙ al esiꞑde.
dyrlenip taraꞑ qaralpaq.
tur qatardan al ornuꞑdь.
qulaq tьꞑlar ajt muꞑuꞑdь,



www.ziyouz.com kutubxonasi

kerip atla adьmьꞑdь.
qalmasьn arman qaralpaq.
ɵz isiꞑdi ete ʙilseꞑ,
tuvrь joldan kete ʙilseꞑ,
qədirin ʙilip tuta ʙilseꞑ,
sende cəvket şan qaralpaq.
cəvketke şanqa aldanʙa,
toluqtьr artьnan qalma,
isim pitti dep ojlanʙa,
pitʙegen is kɵp qaralpaq.
keleçekke salmasaꞑ ser,
şuʙalьsar munnan neter.
talaʙьn qьl ʙilim həner,
ʙolarsaꞑ aman qaralpaq.
amanlьqtь ojlanʙasaꞑ,
ʙeldi ʙuvuʙ sajlanʙasaꞑ
ujqundь aşьp ojanʙasaꞑ
jetilmek gyman qaralpaq.
ujuqlaqan el kɵgere almas.
jetilgen eldej ʙola almas,
erkinlikten pajda alalmas,
el ʙosa nadan qaralpaq.
nadanlьq ketʙej postunnan,
qorluq kɵrerseꞑ doştunnan,
ɵtkezʙe isti ystyꞑnen
ʙul sɵzge inan qaralpaq.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақта әрманың бар десе болмас.
Ким айтар намыс ҳәм арың шықпады.

Жерин дийқаншылық, суўында балық'
Бири болсам деген тилекте халык,
Салтанатың түўел, ишинде арық—
Жоқ еди, сол ушын зарың қалмады.

Көз тийди ҳалыңа қаралар былғап,
Алды қара думан, жан-жағы шулғап,
Тек сағынып соны биз турмыз толғап,
Тәсийин саған, саўсаң, жаның қалмады.

Енди орынласты таза бир заман,
Деген сөз жоқ мен жақсыман, сен жаман,
Нақыл: „Қоңсым аман, мендағы аман",
Еттиң қол усласар, парың шықпады.

Заман нийети дурыс, пейли дағы кең,
Жақсыға, жаманға берине теп-тең,
Билим алсаң келер баяғы деўириң,
Тулпар едиң дүбириң, шаның шықпады.

Бурынғы күниңди қара бир санап,
Бир кеңликтен пайдаланар жайды тап,
Бел буўып иске кир ықпалды сынап—
Журыт сыналды, сениң дениң шықпады.

### АТАЛАР-АЙ

Жан қыйып, еркинлик сүйип,
Жар урғызған аталар-ай,
Қайыл болмай жанып-күйип,
Ис туўғызған аталар-ай.

Хорлық көрип жана-жана,
Сыран түсип таппай пана,
Ел ишинде уста ғана,
Ис жүргизген аталар-ай.

Бас көтерип билмек ушын.
Я алып, я өлмек ушын,
Соңғыларға өрнек ушын,
Жол салғызған аталар-ай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болдырмақ ушын дегенин,
Сөндирмес ушын күйгенин,
Нийетин, ҳүрлик сүйгенин,
Ҳай билдирген аталар-ай.

Билдиргенде бағың тайып,
Оқтан уштың қанат жайып,
Қазан урғандай сарғайып,
Жүз солдырған аталар-ай.

Өгпей бир күниң күлип,
Ким оқтан, ким дәрттен өлип,
Арқаларын қамшы тилип,
Сиз жарғызған аталар-ай.

Тилкимленсе де арқасы,
Жаза болса да тартасы,
Жалаңаш қол топқа қарсы,
Зор көргизген аталар-ай.

Большевиклер оны басты,
Еркинликтиң жели ести.
Сениң кеўилиндеги исти,
Орынлаған аталар-ай,

Оңға басып истиң бети,
Басылып залымның пәти,
Болды кеңес ҳүкимети,
Дем алғызған аталар-ай.

## БОЛЫП ӨТТИ

Дүнья болып ҳеш болмаған,
Уллы урыс болып өтти,
Тарийхта ҳәм оқылмаған,
Дүньяны сел алып өтти.

Пайдасы ушын дүнья қуўып,
Соннан зор әламат туўып,
Адам қаны жерди жуўып,
Сай-саласы толып өтти.

Пурсат жоқ еди қашқандай,
Оқ жаўып, тухым шашқандай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барғанлар оқтан ушқандай,
Қалған, аштан талып өтти.

Сондай заманның түри.
Жигиттиң сыртланы, шери,
Кимниң улы, кимниң ери,
Бауырын тилип-тилип өтти.

Байлар тулға боламыз деп,
„Басына күн саламыз",—деп,
„Ол журтты да аламыз",—деп,
Ийттей улып-улып өтти.

Инанған соң қара күшке.
Қырылғанды алмай еске,
Байлар мәс болып бул иске,
Қурышы қанып күлип өтти.

Бүлген, қырылған санда жоқ,
Мәрҳаматлық заманда жоқ,
Ийтке сан бар, адамға жоқ,
Жер дастаныл солып өтти.

Жауған соң әжелдиң тасы,
Ақты муңлының көз жасы.
Не көрмейди адам басы,
Бул заманда желип өтти.

Қурбан бердик дүнья толып,
Бағда қызыл гүллер солып,
Соңғы жағы қайыр болып.
Арқайынлық болып өтти.

### ТОЗҒАН ЗАМАН

Аянышлы болған екен,
Бизден бурын озған заман,
Бабаларға дус келипти,
Сондай бир азған заман.

Усынғанда қолы жетпей,
Бир күни мың болып өтпей,
Жарлы елге күн көрсетпей,
Уайран етип бузған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ақырзаман“ гез болғандай,
Байға жайрап жаз болғандай,
Бурынғысы аз болғандай,
Тағы шуқыр қазған екен.

Күн өтпей ислеп жүристен,
Дем алмай бере беристен,
Тириликтен, күн көристен,
Тегис үмит үзген екен.

Ислеп қатарда жүре алмай,
Истиң жемисин тере алмай,
Дүньяда рәҳәт көре алмай,
Өз ханынан безген екен.

Күни тек қара күш еди,
Жарлы мың, байлар бес еди,
Бузылмаға тийис еди,
Ол еди бир тозған заман.

Тозған заман жығылыпты,
Әдиллик пенен толыпты,
Биз бахытлы, дус болыпты,
Арқайын ҳүр гезген заман.

Залымның көзи ойылып,
Зулымы дүньядан жойылып,
Пүтин дүньяға жайылып,
Алдында бир қызған заман.

### БӘҲӘР ПӘСЛИ

Қыстан әлемат қалмай жанның бәри жайрасар,
Қулпы дөнип, жер жүзи қумры, бүлбил сайрасар,
Қысылған жанның бәри де еркинлесар жайласар,
Қысқан қыстың соңынан еркинлик таза бәҳәр.

Адамлар анталасса. күн күлер бизге қарап,
Тең қурбы бир жаңласар бир бириниң ҳалын сорап,
Жаздың көрки түрли қус сайрасар жаңа талап,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр

Жаңа уйқыдан турғандай кемпир билен қарт шығар,
Атаўдағы, қырдағы ел қосылып жалт шығар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Истен босап жас буўын маўқын басар, дәрт шығар,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Мал бузаўлап, қой қозылап ел арасы, ызыў-шуў,
Гүбелек, қус-қурт бәриде дүркин-дүркин дуўда-дуў,
Буралып, жылт-жылт етип ҳәр жап пенен ағар суў,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Тал-дарақтын ҳәммеси ийилген мийўе питип,
Қутлы болсын еркинлик деп бас ийер тәғзим етип,
Қызыл, жасыл кийинген гүл, гия ўақты жетип,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Мамырлап суў жағалап ғаңқылдасып қонар ғаз,
Түрли қустың ҳаўазы қулағыңа келер саз,
Қыз-келиңлер кийинген, буралысқан түрли наз,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Дийқан барып атызға қос айдар, тек отырмас,
Алдында зор үмит бар, ҳарығанлығын билдирмес,
Елдиң жыллық азығын әнжам етер, тындырмас,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Шарўаның кеўли қош, бири еки болған күн,
Таза төллер қосылып шаңлаққа мал толған күн.
Жер жүзиниң бәри мәс, алла рәҳимин салған күн,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Анамыздай емизип, жер кандырып ийип тур,
Күн жалтырап төбеде, көп қыздырмай сүйип тур,
Тағы көклетпек ушын булыт себелеп жаўып тур,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Жан бергенге жай берип, зийнетленген жер жүзи,
Тәбияттың нурына шөмылғандай жан ҳәзи,
Ас көбейип, ақ шығып кеўли өскен ел сөзи,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Қуўат питип жанларға, балқып тур иште жигер,
Тамаша етип қудиретке бир демде болды нелер,
Бир сараңнан басканың сол ўақытта пейли ийер,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түн караңғы болғаннан жулдыз шығар бадырайып,
Ол не қылсын бадыраймай, күн турған соң жадырап,
Күндиз үки уша алмас, жулдызлар болар ғайып,
Қысқан қыстан курқарған еркинлик таза бәҳәр.

Хабар берип жыллы жел ай, жулдызға бәҳәрден,
Күлимсиреп қарап тур жаслардай тойға ерген,
Алмастырып тәбийғат қысты серпип жиберген,
Қысқан қыстан курқарған еркинлик таза бәҳәр.

Кемпир менен қарт турып шуўақ излер панадан,
Мал масайрап, мәс болып түнеп келмес даладан,
Қыйқыў салып көлдеги ғаз, қуў, өрдек, палапан,
Қысқан қыстан куткарған еркинлик таза бәҳәр.

Жердиң жүзи түрге енип, күн нурына тойған соң,
Қыслай көрмей сағынған күлер жүзин көрген соң,
Ашық-машуқ қосылып бир-бирине күлген соң,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

Қарай алмас тиклепип, күлген күнниң жүзине,
Тур сүйинип жымынлап жанның еткен ҳәзине,
Шатырына киргени көринди кешке көзиме,
Қысқан қыстан қутқарған еркинлик таза бәҳәр.

### НАЎРЫЗ-ТАЗА ЖЫЛ

Болса наўрыз таза жыл деп,
Қуўанысар елдиң бәри,
Қутлы болсынлап көрисип.
Шаққанласар кеўил сери.

Күн нурланар жылыңқырап,
Қутлықлап ол күлимсиреп,
Жылмайып тур бизге қарап,
Жайма шуўақ күнниң түри.

Болашақ көк орай шалғын,
Қырларда егилер егин,
Топар баллар ойнар ойын,
Тез болашақ күнниң нуры.

Жадырап қыс кийимин қойып,
Қонақ шақырылар қой сойып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыйлықтан сыйланып тойып,
Шадлықта журттың ҳәр бири.

Келген екен жылдың қусы,
Күнде улы-шуў көлдиң иши,
Бәҳәр болар, өтти қысы,
Арылар қашшақтың соры.

Бүгин дийқан ерте турды,
Қос өгизге мойнын бурды,
Керек затын бир-бир көрди,
Тез тарқар дийқанның шери.

Туқым қалай, жетерликпе,
Тазама, тез өнерликпе?
Тазалап қой, көп кешикпе,
Туқым сатпаң буннан ары.

Егин әсбабын тақлап қой,
Гүндең түскишпе, баплап қой,
Бәрин тайынлап сақлап қой,
Жылт етсе шық болсаң тири.

Бирли ярым сыйыр туўып,
Асқатыққа дәлда болып,
Жылдың ақша қары жаўып,
Көбик қармап жазған тири.

Көк елеслер бүлбил сайрар,
Гүл-гүл дөнип гүллер жайнар,
Атызда быжда-быж қайнар,
Басланар бар қустың жыры.

Сулыўлар гезер сыланлап,
Наз бенен жүрер қылаңлап,
Кәдди майысып бураңлап,
Кетеди енди кеўил кири.

Жигит қыдырмаға баслап,
Ески шапан тонын таслап,
Шер тарқатар кеўил хошлап,
Қыз-келин де көшер бәри.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул кәрәмат наўрызда бар,
Таза күн, таза жылда бар,
Жақсылық нышан бунда бар,
Тасқын кеўил шадлық тери.

## ГҮЗ

Қулпы дөнген қубылып, өскен шөп, өлең қайда бәри,
Неге сарғайып бәри, түскен ағаш жапыраклары,
Не себептен кундағы дым аз күлер бизге қарап,
Қызғыны жоқ түн аязырақ, жылмаяр тек жылтырап.

Өрлеген көкте булыт бар, сур булыт гәйде жаўар,
Быжнаған пешше шыбынлар жоқ болар, дым азаяр,
Қойды бүлбил сайраўын ҳәм қайтты ғаз-қуў кейнине,
Қурыт билән қумырысқалар жоқ, шықпас, кирди инине.

Елде бар түрли ҳәрекет, түрли-түрли ис қылар,
Қылады бәрше таярлық, шүнки кем-кем қыс келер,
Шәрўаларда шөп тасыў ҳәм малға тоқ қара соғыў,
Түн азырақ, тәсийр еткен малда бар бираз тоңыў.

Ең аўыр ўақ сол дийханға еккен егинлер пискени,
Жыйнамақ, ормақ ҳәм айдап алар ўақыт жеткени,
Егин ормақ, сабан тасымақ, топламақ қырман қылып'
Болмайын жаўын-шашын қырманды алмақ дән қылып.

Қысқарып күн, узарып түн бизден қуяш узақ кетип,
Билмедиқ нендей ўақыт ҳәм қандай истиң түри жетип,
Мине, бул ўақ болғаны гүз, бәлки қыстың салдары,
Көреди қыска тайынлық жанлы-жандардың бәри.

## ҚЫС КЕЛЕР

Түнерген күн дайым қабағын түйип,
Елге қәҳәрин жайып, қарлы, қыс келер.
Үстине ақ жайып, ақ тонын кийип,
Булытлары қорқыныш қарлы қыс келер.

Самал турып алағаншық[1]—жағынан,
Әсер қалмас жаздың, гүздиң ўағынан,

---

[1]. Алағаншық—Арқа, күншығар деген сөз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Толықсыған байлар түсип тағынан.
Дегенин болдырып, қатты қыс келер.

Боран турып, көз ашырмас күн болыр,
Қайбир уақта күн-түн бирдей түн болыр,
Күнлер кысқа болып, түн узын болыр,
Ертерек ғамың же жарлы, қыс келер.

Усти-үстине жауар, кешеги аздай,
Жауғанын жел қуўып көширер ҳәр жай,
Күн-күннен бетеррек ғайратын жазбай,
Искирт-искирт үйген карлы кыс келер.

Бетине қаратпас күнниң бораны,
Буршақ жауып бетке пәтли урады,
Дем бермей ысқырып ҳарлап турады,
Ертерек ғамың же, қәҳәрли қыс келер.

Бир күнниң өтпеги бир жылдан узын,
Ҳәр адам аҳ шекер көрсем деп жүзин,
Яд етер сағынып бәҳәрдиң сөзин,
Үйиңнен шығармас зарлы қыс келер.

## ӘМИЎДӘРЬЯ

Ҳәй, Әмиў, сениң суўыңды ким демес өмир-қуўат,
Бул суўға тәбият өзи өзгендей қантыў-набат.
Бармаған жериң-қарап, барған жериң болар абад,
Советлик Хорезмде көтерилсин ықтысад,
Ал белиңди исши-дийқан, суў керек қазайық жап.

Жап қазып, шелин шаўып, диййқан суўына интизар,
Сен жетсең шөллерде бағ ҳәм де болур лалазар,
Ҳәм өзиңнен тиришилик сағалары басланар,
Советлик Хорезмде көтерилсин ықтысад,
Ал белинди исши-диййқан, суў керек, қазайық жап.

Сар-сарлап мың тауланған ағысыңды көрейин,
Пәтли ағып келиўине шад болайын, күлейин,
Жерди, сени ҳәм адамды-үшеўин тең көрейин,
Советлик Хорезмде көтерилсин ықтысад,
Ал белиңди исши-диййқан, суў керек қазайық жап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббатың күшли бизге, бауырыңды ийесең,
Байытып халықларды улы-қызын сүйесең,
Қуў даланы гүллендирип, жаўынды саплап келесең,
Ал белиңди исши-дийқан, суў керек, қазайық жап.

## ӨЗЕН

Таўдан булақ болып аққан суўлар,
Қосылып көбейер бир өзен болып.
Гүмистей жылтылдап жылысқан төмен,
Бәлки арна болар бәри жәм болып.

Самал, ыссылықтың ҳеш парқы болмас,
Таў, тасты аралап ағар тоқтамас.
Шөллеп суўын ишкен жанда дәрт қалмас,
Көңлиңди ашар ҳәр дәртиң ем болып.

Ҳалқылаған ыссылықтан түрли мал,
Рәҳәтленер қанар өзеннен дәрҳал,
Дегендей қыр, шөл, тоғайлар хабар ал,
Жылы билән булер суўсыз ғам болып.

Он мың мал айдасаң, өтсең ылай қалмас.
Тасып қойса суў бармаған сай қалмас,
Көк шықпаған жасармаған жай қалмас,
Тасқанда тоқталмас суўы кем болып.

Ел қыслап ҳәм жайлар әтирапын алып,
Балық алар қаза яки аў салып,
Ағар бир жүрисин бузбас ойланып,
Тас я алтын тасласаң да дем болып.

Ҳалқылдысын басып қайтып кетпеге,
Арыслан болып кирсе рәҳәт етпеге,
Балықлар умтылар соған жетпеге,
Тәнин шымшып ойнар, жүрер жәм болып.

## САЙРА БҮЛБИЛ

Сайра бүлбил, зарла бүлбил түрли-түрли сес билен,
Сайрасаң сен зарланып, мен муңлыман кеш билен,
Гә аяңлап, гә жылыслап қайсы бир ўақ жылт етип,
Ыссылап гә суўынаман, елжиреп гә жылт етип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Куясаң татлы даўысты қайсы ўақ тамылжытып,
Мен емес тек бәрше жанлар мәс болар демин жутып,
„Уў" деген сес жоқ сол ўақта дүнья тынған силтидей,
Ғарға, торғай бәри тынған жырқ етерди ойламай.

Татлы сөз муңлы даўысқа дәртли баслар байланар,
Дәртлиниң титиреп денеси басы ғыр-ғыр айланар,
Муңлы сестиңди еситкен бәрше жанлар елжирер,
Жер билен таўдың жылыўы шәшмесине суў төгер,

Сонде де дәрт бар қусар, менде кеш қайғым аўыр,
Тыңла зарым мен ашықпан бир перийге тас баўыр,
Өлсе тек соннан болур, ол дәртиме дәрман мениң,
Басқадан ҳешбир үмит жоқ, толған ишимде қан мениң,

Уштағы буннан барып, тап ол пәрийниң мәнзилин,
Қонып өзиңге орын қыл, жанындағы наздың гүлин,
Сайра сонда, сөйле бир-бир мендеги дәрттиң бәрин,
Елжиретип көңлин оның да аңлатып ашық ҳәлин.

Қубылып сестиңди түрлет қатты рақаңа әстелет,
Жүрегин тептирши жиийрақ, суйдир мени бар ентелет,
Муңласым ҳәм сырласым сен дәртиме дәрман мениң,
Муңлы сес, өткир тилиңнен геўдемге киргей жан мениң.
Түспесе меҳриң сениң, үмит гүлимди солды бил,
Болмаса ҳасыл мурадым бир ғәрипти өлди бил.

## ЖАЛҚАЎ ДИЙҚАНҒА

Неге көп уйықладың бийшара дийқан,
Көп уйықласаң нәўбетли исиң қалмайма?
Жаз келди үстиңе былтырғы өткен.
Абырой барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Қоңсыларың кетти исли-исине,
Сен неге жатасаң күндиз-кешине,
Оянып бир қара үйдиң ишиңе,
Абырой барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Шарбағың тап-тақыр, жатқаның қалай,
Уранда ғәллең жоқ, қабың да солай,
Қарызың атыңды алды жайға қарамай,
Абырай барда уйқыңды ашсаң болмайма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйиң тур қыйсайып тек жығылмаған,
Сандығың қақпақсыз отын болмаға,
Енди ўақыт келди бир ойланбаға,
Абырой бар да уйқыңды ашсаң болмайма?

Ойланып көр бурын қандай едиң сен,
Бағ-дәўлетли асқан бир бай едиң сен,
Қәдириң бар ҳәр жерде жандай едиң сен,
Абырай барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Көрмеге журыт сени интизар еди.
Ҳәмме журыттың муҳтаж иси бар еди.
Есик ашық гейде орның төр еди,
Абырай бар да уйқыңды ашсаң болмайма?

Енди жарлы болдың. досларың қашты,
Ҳәркимнен қарызың басыңнан асты,
Өзиң жалқаў болдың ҳәм уйқы басты,
Абырай барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Атызда бийдайың қашан пискени,
Қармақ болып жерге сынып түскени,
Доңыз жеп қалғанын даўыл шашқаны,
Абырой барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Ҳәзир жаз болып тур, бул дағы өтер,
Ол боска өтпесин басыңды көтер,
Боска өтсе қар боратып, қыс жетер,
Абырой барда уйқыңды ашсаң болмайма?

Жол түссе қоңсылар жан-жаққа кетер,
Арбалап, кемелеп ғәллесин сатар,
Тамағың жоқ, қысың қалайша өтер,
Абырой барда уйқыңды ашсаң болмайма?

## НЕ ЖАМАН

Ҳәй яранлар, бул дүньяда,
Жаманлардан ашлық жаман,
Сүйкимсизсең халық көзине,
Сондай жалаңашлық жаман.

Қыс болып түни бораған,
Көзи телмиңлеп қараған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аш болғанда албыраған,
Жөн таптырмас бослық жаман.

Жөн табалмай боска жүрген,
Өз сырын журтқа билдирген,
Турмысқа өзин жеңдирген,
Қайғы-ҳәсирет, суслық жаман.

Жаслыкта жетим қалыўды,
Бермесин сондай болыўды,
Дүньядағы бар аўрыўды,
Шақырғандай жаслық жаман.

Ким жетим қалса жасында,
Түрли қайғы бар басында,
Қайғылы жанның қасында,
Желкилдеген хошлық жаман.

Ал ағасы орнын таўып,
Ел ғамы ушын ат шаўып,
Әдил турып қанат жаўып,
Сақламаса баслық жаман.

Иш аразлықты тутқандай,
Көринбей жолда жатқандай,
Гезе қурып оқ атқандай,
Достан жеткен қаслық жаман,

Дослық керек шын кеўилден,
Сөндай татлы болар палдан,
Олай болмай қуры тилден,
Болып турған дослық жаман.

## ЖАСЛАРҒА

Оян жаслар, ойлан жаслар,
Қарап жатпа, көзиңди аш,
Азатлық таңы шашты нур,
Түргел, алға жүр, алға бас.

Елиң қалды бираз артта,
Тур, жол басла, қарап жатпа,
Елдиң намыс, арын сақла,
Жол көрсет, елге илим шаш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аянбай халыққа хызмет қыл,
Қуўанып алға адым ур,
Ақ жүзиңди ел жаққа бур,
Кулашыңды кер, елге аш.

Оянғандай туўды бир күн,
Таң атты, кетти қара түн,
Жүректеги дәрти пүтин,
Шығар, утасаң алға бас.

Булыт кетти, думан арылды,
Сен ҳәм аяма барыңды,
Журтлар көрсин жаз қарынды,
Ғайрат ет, жатқан жаранас.

Мин бедеў, қызыл туў көтер,
Сал қыйқыў изден ел жетер,
Даңқың сениң журтқа жетер,
Қыс өтип келер жыллы жаз.

Жериң болсын бағы-гүлзар,
Елиң көрмесин ҳеш азар,
Нызам кирсин мәккем карар,
Мәдений журтқа аралас.

Парахатшылық орнассын,
Жақсыға жаман теңлессин,
Жарлының иси оңға бассын,
Кепсин көздеги аққан жас.

Өткен ерлердиң жолын қуў,
Бедеў мин, көтер қызыл туў,
Сақлап елиңди сал қыйқыў,
Жарақлан, жаўға қарсылас.

Қайтарар деп жаўымызди,
Оңғарар деп даўымызды,
Билип сизиң барыңызды.
Жолға қарап ел тилеклес.

Елди тыныш жасатар деп,
Дар-дузақтан босатар деп,
Исти питкерип қайтар деп,
Алған ярың арыў да мәс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕКИНШИ ҚУРАЛТАЙҒА

Елди бағ деп ҳисап етсек,
Сен бағдағы гүл, қуралтай.
Дуйым журт саған үмитдар,
Көз тутып тур ел, қуралтай.

Көрдик наданлықтан жәбир,
Өлмей турып қаздың қәбир,
Елдиң көрген күни аўыр,
Аўырлығын ал, қуралтай.

Дуйым жаслар ағарғандай,
Мал бир түлеп тазарғандай,
Жөнин тапса шығарғандай,
Жерде байлық мол, қуралтай.

Ҳарман ислеп ҳақ жол тутып,
Жарамасын таслап отырып,
Елдиң Сизден үмити көп,
Пайдалы ис қыл, қуралтай.

Пайдалысын қыл пайла да,
Ҳақыйқатын ал сайлада,
Парасат пенен ойла да,
Ел жағдайын бил, қуралтай.

Ел өриси узақ қалды,
Ойлап билиң өткен ҳалды,
Жериниң көбиң суў алды,
Көп жерлер бар шөл, қуралтай,

Елдиң хожалығын удет,
Зийнетте, турмысын дүзет,
Көзиң тигип жас пенен карт,
Жетим, жесир, тул, қуралтай.

Мәжилислер ис пенен толсын,
Артына жақсы ат қалсын,
Елде Сизден ырза болсын,
Алдыңа умтыл, қуралтай.

Сөз бенен өтпесин қуры.
Ашылсын көңилдиң кири,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрепбазлык елдиң соры,
Бир аўызда бол, куралтай.

Бәриң болып бир жан, бир тән,
Жол салыңыз таза жөннен,
Илгир зейин, тапкыр шешен,
Ақыл менен тол, куралтай.

Коммунистлер алдын баслап,
Еркинликтен көңил хошлап,
Енди жөнсизликти таслап,
Жол басшылық қыл, куралтай.

Истиң жүйесин таўып ет,
Елди үдетип, сөзине жет,
Кәмбағаллар колынан тут,
Соңғы сөзим сол, куралтай.

## АҒАСЫНАН ИНИСИНЕ ХАТ

Иним, саған бир сөзим бар,
Тыңла аҳыў-зарым мениң,
Сөзим шындур кулағың сал,
Билгеним сол барым мениң.

Наданлықтан көрдим жапа,
Сүрмедим ҳеш заўқы-сапа.
Мийнетим ҳеш. көңлим қапа,
Қалмады мәдарым мениң.

Талабым алдына баспас,
Қара-күш бир пулға аспас,
Билмей қылған ис келиспес,
Кетти намыс-арым мениң.

Наданлықтан аўзым писти,
Көп саўда басымнан кешти,
Басыма көп ислер түсти,
Тек шықпады жаным мениң.

Мен надан болдым, сен болма,
Мениң жолымды сен куўма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саў болсаң оқыўдан калма,
Бол алғыр суңқарым мениң.

Сералы дер: жаным, түсин,
Окы да бил өзиң ушын,
Бул сөзлеримди билип шын,
Тыңла аҳыў-зарым мениң.

## НЕ ӘРМАН

Жай турып. арқайын гезип,
Былланған елде не әрман?
Күн илгери жөнин дүзип,
Шақланған елде не әрман?

Шақланғанша дамыл көрмей,
Доқа-душпанға жер бермей,
Ақырет сөзин көтермей,
Сыпайламаған елде не әрман?

Шақланып аркайын гезип,
Көкте ушып, суўда жүзип,
Миллий қызыл әскер дүзип,
Тақланған елде не әрман?

Такланбақ ушын таласып‘
Досын танып, ҳал сорасып,
Душпан келсе қарсыласып,
Атланған елде не әрман?

Атланмалы қара көрсе,
Ат салмалы абырай берсе,
Жайрап жүрип душпан көрсе,
Топланған елде не әрман?

Топланмалы нәўбет жетсе,
Я душпанның дығы өтсе,
Бир жағыңнан бой көрсетсе,
Тикленген елде не әрман?

Тиклен душпанға сыр бермей,
Алда жүр шөп, шелди көрмей,
Қыйсайыткан сөзди көтермей,
Пәтленген елде не әрман?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәтлен де, айт, берман кел деп,
Көзиңди ашып, сынап бил деп,
Дәмең болса келип көр деп,
Мақтанған елде не әрман?

Мақтан, айтсын зор екен деп,
Әрман бермей тур екен деп,
Саў-саламат бар екен деп,
Ядланған елде не әрман?

Ядқа алындың, турма сасып,
Из бенен жүр алға басып,
Өзи ушын өзи таласып,
Суқланған елде не әрман?

## МӘҲӘЛ ДЕГЕН НЕ?

Бармакен жаҳанда мәҳәл деген ис,
Болмас ҳиммет болса мәҳәл деген не?
Мәҳәл сөзи жалқаўлық пенен шатыс,
Ҳиммети бар ерге заўал деген не?

Бирақ бир мәҳәл бар кетсе колыңнан,
Қайтарып алмаға келмес ҳәлиңнен,
Күш сарп етсең, кешсең дүнья-малыңнан,
Өткен өмир қайтпас аман деген не?

Саат озар, нәўбет күнлерге жетер,
Күнлериң тазарып, айларың өтер,
Сол тақлыйт артыңнан жыллар да кетер,
Бир күн келип жетер әжел деген не?

Өмир бир китапты, ҳәр қағазы күн,
Саат питер, қағаз питер, келер түн,
Ақыл ҳайран өткен сол саат ушын,
Өзин масул тутар, саўал деген не?

Босқа өткен бир сааттың зыяны,
Жинаятты келешекке, бил аны,
Бир бел топырақ байлар шығыр салманы,
Ҳаятта жеңилер, зәлел деген не?

Өмир қымбатлы зат жоқдыр баҳасы,
Өткен ҳәр сааттың болмас шарасы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр сааты емес, ҳәр дәқыйқасы,
Жан берсең де қайтпас, бедел деген не?

Кеўилдеги дағлар арылып изи,
Мүшкил ис ҳәл болып табылған ҳәзи,
Сол саатта көрилгенди илажы,
Көз алдында тайын, мысал деген не?

Билесиз жаҳанды хаят майданы,
Ат қоспақ, жарыспақ озбақ заманы,
Тоқталмаған камалаттың жаўланы,
Демек шалыспақлы қыял деген не?

Ақыл ойлар саат не менен өтти,
Өмириниң бөлегин неге сарп етти,
Қылдыма бирер ис, я босқа кетти,
Ўақыт өтсе жеткизбес камал деген не?

Ерте тур да ойлан, бир иске таклан,
Саат бос өтпесин, беккем бол сақлан,
Байраққа қосар аг шыққасын таптан,
Келешекке умтыл, озал деген нә?

### МӘРТ ЖАҚСЫ

Жигит болсаң халық исине так турар,
Аўыр жүкти өз мойныңа арт жақсы,
Өристе мың қойды бир серке баслар,
Дәртиң болса ел жылаўын тарт жақсы.

Тутпақ керек бабалардың ақылын,
„Атың соңға қалсын" деген нақылын.
Сайлап тутың жигиттиң де ҳасылын.
Бир ўәдеден дөнбейтуғын мәрт жақсы.

Мәрт пенен жолға шық ортада талма,
Кеўилдегин исле дегенге болма,
Ақылың болса азға қанаат қылма.
Ойлап қара еки-үштен төрт жақсы.

Аңсатынан басла қолайын көрип,
Қайтып дөнбе орта жолда бел берип,
Мойны узақтың жолы аўыр қәўпи көп,
Жер тутынсаң жап сағасы герт жақсы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала кус кйтарып салсаныз ауға,
Бабын тапсаң барар, журмес алдауға,
Иши писип ис таппаған жалкауға,
Ермек етип ойнамаға мурт жақсы.

Ақыл керек, сөз мәнисин таппаға,
Ғайрат керек қатарында шаппаға.
Өзин билгир есап еткен ақмаққа,
„Билмейсең“ деп көптирмеге урыт жақсы.

Абройын ойлаған шықпас нызамнан,
Мийнетсиз күнелтпес, татпас ҳарамнан,
Биреуге жүк болып жатқан адамнан,
Қый аударып домалатқан қурыт жақсы,

Түсинбеге пәҳим керек, ой керек,
Сөз айтылмас мәниден тыс бийләрек,
Ҳәли келмей от басында мөгедек,
Тырп етпестен отырмаға қарт жақсы,

Тил бир гилтдур, ақыл ғазпасын ашар,
Алтын, мыс сандықта не барын шашар,
Көп сөз пайда бермес, мазасы қашар,
Сөз сөйлесең, өзи қысқа шорт жақсы.

Жигит жаннаң көшер елдиң арына,
Ел арқайын сондай мәрттиң барында,
Ҳәрким өз елинде өскен жеринде,
Тилеулес қалың ел, туўған журт жақсы.

## ДАЎ БОЛМАСЫН

Кисиниң уәжин сорап ал,
Соңғы жағы даў болмасын,
Көрмегең жерди аңлап бас,
Қурып қойған аў болмасын.

Аўға түспесин аяғың,
Пухтарақ болсын ояғың,
Жолдан шығып кеткен жағың,
Ушпа бийик таў болмасын.

Адамын таўып басыңды қос.
Ойлан, өзиңде болса ес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сегиз өлшеп, бир жола кес,
Изи өкиниш „ҳаў“ болмасын.

Сапар шықсаң, жолдан қайтпа,
Ойлап айт, сөзди молайтпа,
Бирден ашылып сыр айтпа,
Ол сени барлаў болмасын.

Әдепте танабың бос тут,
Асықпа, еки күн кеш тут,
Әбден сынап, кейин дос тут,
Тутқан соң алдаў болмасын.

Дос табарсаң, мақтанарсаң,
Жаўға қарсы тақланарсаң,
Сырткы жаўдан сақланарсаң,
Дос ишмерез жаў болмасын.

Бедеўге ис түспес ҳәр күн,
Керек болар ол да бир күн,
Баса-бас болса бир сүргин,
Минген атың шаў болмасын.

Минген атың шаў болғандай,
Шаң жутып изде қалғандай,
Қартайғанда дем алғандай,
Балларың жалқаў болмасын.

Басына ис түссе саспа,
Мен деме, мақтанба таспа,
Зорлар менен көп қатнаспа,
Қатнасқаның ғаў болмасын.

Майдан саз келди ылғаныз,
Жан-жакка қолды былғаныз,
Бул сөзлерди шын тыңланыз,
Мәзи бир толғаў болмасын.

## ЕРЛИК ДӘРКАР

Ҳәмме тилер еркинликти,
Жан питкенге ҳүрлик дәркар,
Арқайын жүрип гезсем дер,
Ҳәмме өзиндей, ҳәзлик дәркар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муңлы болған бенде күлмес,
Бендениң ҳалын ҳүр болмес,
Шыны ҳүрлик өзи келмес,
Бир аўызлық бирлик дәркар.

Бир аўызға топламаға,
Нанын, дузын ақламаға,
Еркинликти сақламаға,
Билим меңен ерлик даркар.

Қуллық қуралын сөтпеге,
Елди еркин ҳүр етпеге,
Коммунизмге жетпеге,
Байлық, илим, ҳүрлик дәркар.

Бул айтқанға ҳәмме қумар,
Жете алмас болмаса өнер,
Ҳәр истиң өз асбабы бар,
Соған қатты серлик дәркар.

Серсизликтиң ҳәзи болмас,
Истиң көби, азы болмас,
Топ ойыны ҳәм өзи болмас,
Дәстек пенен щүллик дәркар.

Кеме минип роль алсаң,
Желкомға хызмет бүйырсаң,
Ретинде мутәж боларсаң,
Ескек, таяў, өрлик дәркар.

Кәўип-қәтерди ойласаң,
Жер танып жолға айдасаң
Минбек ушын ат сайласаң,
Егер, дизгин, терлик дәркар.

Табылса қусының сазы,
Алса үйрек, сүйлин, ғазы,
Алғыр қус аўшыға тазы,
Жан қыймаға гезлик дәркар.

Жөнин билип атқармаға,
Пөпек жүнин жатқармаға,
Исти дүзиў басқармаға,
Қайтпас жүрек, шерлик дәркар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛИНГЕН БАР

Ҳийле менен дузақ қурып,
Өзи түсип илинген бар,
Өз айыбын өзи ашып,
Гизли сыры билинген бар.

Есабын тауып еки асап,
Ислемей күн көрип жасап,
Суў жуқтырмас пухта усап,
Етек, жеңин түринген бар.

Түрилген етек ашылып,
Өз аяғына басылып,
Жасырған сыры шашылып,
Толы журтқа көринген бар.

Тоғынға тығып таяғын,
Жасырын сақлап сояғын,
Ғаз-ғаз басса аяғын,
Шөңге тауып сүринген бар.

Биреўге дузақ қурғанда,
Билдирермен деп турғанда,
Терисин соймақ болғанда,
Сырт қайысы тилинген бар.

Өтирикке маймақ болып,
Еси-дәрти соймақ болып
Ҳийле менен тоймақ болып,
Ис қылмаға еринген бар.

Қайғы, әлем асқар таўдай,
Ойында келмеген даўдай,
Талабы тамақтан аўмай,
Ески тонға бүрилген бар.

Ол жүргенде ҳарып-талып,
Биреў жүр сыртыңнан күлип;
Өз тасыңа батпан келип,
Жаман тоннан жийренген бар.

Өз айыбын жуўып-шайып,
Биреўлерге жүклеп айып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз пайдасын алға қойып,
Еки жаққа бөлинген бар.

Тил менен билгишлик сатып,
Дузақ қурып жолда жатып,
Тиймегенге кесек атып,
Өз-өзинен урынған бар,

## ТИРИ ҚОРҚАҚ

Адамзат ҳәм еки түрли.
Бири батыр, бири қорқақ,
Батырман деп көп мақтанса,
Сол адамның өзи қорқақ.

Сырттан мақтанып жылтырап,
Иштен қалжаўрап қалтырап,
Болар-болмасқа албырап,
Келиспейди қуры қорқақ.

Албыраған тез болдырар,
Қайғыдан жүзин солдырар,
Аўзындағысын алдырар,
Бола берсе кәри қорқақ.

Адамдай ис қылалар ма,
Көптен пайын алалар ма?
Адам болып саналар ма,
Бола ғойса шыны қорқақ.

Көрсеткендей бир иси жоқ,
Иси болса жемиси жоқ,
Жигитликтиң кемиси жоқ,
Кемситкендей мини қорқақ.

Батып баралмай қасына,
Шыдатпай тутым сусына,
Ис түскенде өз басына,
Мақтаншақтың бәри қорқақ.

Парқын билмей оңлы-солдың,
Жөнин таппай туўра жолдың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуллықта езилген елдиң,
Адамының бәри қорқақ.

Бес күн нәўбет келген менен,
Зор болама жеген менен,
Сырттан қорқақ деген менен,
Болармекен бәри қорқақ.

Тилегени болар еди,
Кеўилдегин қылар еди.
Журтты қоян алар еди,
Орнын тутса тири қорқақ.

Орын алар ер таласып,
Ис түскенде қалмас сасып,
Бузықлықтан узақ қашып,
Ақылы келте-ери қорқақ.

## ДӘРКАР

Күштиң де керек орны бар,
Ер жигитке өнер дәркар,
Атын жойылмастай етип,
Изде қалған әсер дәркар.

Естелик болып қалғандай,
Аты ҳәр ўақ аталғандай,
Көпке бол басшы болғандай,
Ақыл менен мәдер дәркар.

Ақыл керек қошламаға,
Бәрдас керек усламаға,
Ойланбай ис басламаға,
Жигит желдей есер дәркар.

Есер керек уйғармаға,
Билим керек аңғармаға,
Исти сулыў шығармаға,
Қәнигелик шебер дәркар.

Жайын таўып жырламаға,
Ақыл болсын барламаға,
Мәденият орнамаға,
Аўыл менен шәҳәр дәркар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қала керек елге толған,
Мәденият ҳасыл қылған,
Ел исине машқул болған,
Ықпа болмас қәҳәр дәркар,

Ығып бели босанғанға,
Күнелткен ийт қусағанға,
Тоймақ ушын жасағанға,
Тек жан болсын илекер дәркар.

Алдын барлап аңланбаға.
Бедеў аттай таңланбаға,
Бүлбил болып сайрамаға,
Гүл ашылған бәҳәр дәркар.

Бүлбил билер гүлдиң жайын,
Жан берер гүл дөнген сайын,
Тынық муңлы сайрағанын,
Тыңлар ўағы сәҳәр дәркар.

Жигитке керек усталық
Қайырлы жери орталық,
Истиң қазығы туўралық,
Бузықлықтан ҳәзер дәркар,

## ТУЎРЫЛЫҚ ҲӘМ ҚАЛПАЛЛЫҚ

Алды үмитли баланың
Көзлеген жөни ҳақ болар,
Туўрылықты пеше қылса,
Ҳәр жерде жүзи ақ болар.

Туўрылық журтқа билинип,
Халықтың аўзына илинип,
Елге сүйкимли көринип,
Ҳәр сөзде мақтап жақ болар.

Ел болғансоң оның жағы,
Сирә сынбас елден сағы,
Үлкейгенде көрежағы,
Еркинлик, қарны тоқ болар.

Болмас қалпаллықтың изи,
Турған сайын кетер ҳәзи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўры жанның айтқан сөзи,
Питер де турар, нақ болар.

Жигит ҳақлыққа шаклансын,
Елдиң аўзында мақталсын,
Бул сөзим есте сақлансын,
Туўрылап қонған бақ болар.

Бақ тайып бир сүринди ме?
Ел аўзына илинди ме?
Қалпаллық бир көринди ме?
Елдиң кеўлинде дық болар.

Дық деген бир қадалған оқ,
Кайтпас оның шарасы жоқ,
Ел кеўлине бир болған дық,
Бетиңе түскен дақ болар.

Қалпаллық түбиңе жетер,
Әрманың күн-күннен бетер,
Қалпаллық бир жола өтер,
Екиншиде ел сақ болар.

Сақ болса, не болар ҳалың,
Өзиңе қылған обалың,
Бүгин екеў болса малың,
Билип қой ертең тақ болар.

Отырыспа бола ғойса,
Бул да әўес қыла ғойса,
Халық қасына бара ғойса,
Көрериң шыға-шық болар.

## ҚАРТ БИЛЕН ӘЖЕЛ

Қайтты бир қарт отын алып,
Көтере алмай өлип-талып,
Жерге қойды да дем алып,
Түрли-түрли ойға қалып.

Өзим ғарры, өзим жарлы,
Тек жаным бар жоқлы-барлы,
Дүньяда жоқ мендей сорлы,
Ойланып жатты қыйсайып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйли жанды асырамаға,
Бәрине тамақ бермеге,
Қолым тиймей жүр өлмеге,
Ҳәлсиредим ғайрат тайып.

Кудай ҳеш бермеди малды,
Тек қыйнадым шыбын жанды,
Өлмеген енди нем қалды,
Ҳәм ғаррыман өзим майып.

Мени неге деп жараттың,
Бир үйли жанды дөреттиң,
Бәрин бир картқа қараттың,
Билмеймен кимде бар айып?

Еле тамам салғырт келер,
Бир қолсыз карт несин берер,
Балалар қалай күн көрер,
Күнде бир жылайман налып.

Қутылмадым сор мийнеттен.
Тилек барма қабыл еткен?
Барма бир күн тыныш өткен?
Қайғысыз бир жарма тауып?

Өлим тилесем келмейди,
Дегеним сира болмайды,
Әжел келип неге алмайды,
Келҳа әжел,мени ал келип.

Муны еситип әжел келди,
—Шақырдыңба мени,—деди,
Картқа жүуық келип еди,
Карт сескенди, шоршып турып.

Сасып қалды бийшара карт,
Көмеклесип қолынан тарт,
Отын ауыр, арқама арт,
Булайша деди жол бурып.

Өзим ғарры, қуатым жоқ,
Ырлы-тырлы, тамағым тоқ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйеп жибер, артыма шык,
Кетейин енди козғалып.

Жасы жетип жеңген картлык,
Жокшылыктың зарын тартып,
Тириликти көрген артык,
Жетпис-сексен жаста турып.

Накылда бар: „Өли арыслан,
Оннан артык тири тышкан",
Тек саў жүрсин өлмей аштан,
Арылмастай мийнет көрип.

## АНАНЫҢ СҮЙИЎИ

Ким болур сенлерди ең жакын көрген,
Жанын пида кылған сениң жолында,
Туўғаннан өлгенше сол ойда жүрген,
Пикири-зикири дайым сениң туўрыңда.

Жаксы болсаң, көрип куўанған кимдур?
Еркелеп айланып толғанған кимдур?
Жылап көзде жасы көл болған кимдур?
Жаман, жалкаў болсаң, болмай арында.

Түн уйкысын бөлип, түнлер уйкыламай,
Әлдүўлеп, уйкылатып, өзи дем алмай,
Тек сеннен басканы рәҳәт деп билмей,
Күн-түн тилегинде турар зарында.

Балалар, ким сизди ең жакын сүйген,
Куўансаң, куўанып, қайғына күйген,
Баўрына от жағар кабағың үйген,
Ол анадур, ғамхорың сол барында.

Шетке кетсең, болып көзинен ғайып,
Турар күни болмас бир күн тыншайып;
Кайғыда калғаны бағынан тайып,
Хат жазып тур, куўант тез-тез саўында.

Сарғайып жолында күн-түн болып зар,
Келмеди деп болар көрмеге кумар,
Ананың көңлинде не әрман болар,
Адам болып кайтсаң жаның саўында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАЙДАСЫН БИЛИЎ

Оқыдым алпыс күн, таныдым хатты,
Пайда, зыян қайсы биле басладым,
Наданлық арқама аяздай батты,
Арттырмаға әўес қыла басладым.

Билмей ҳеш нәрсени исимиз өнбей,
Бил деген дослардың сөзине көнбей,
Қарнымыз тоймады ис қылып тынбай,
Бурынғы ҳалыма күле басладым.

Байға үш шайыдан күнликши турып,
Қарным бир қалықпады сегиз ай жүрип,
Күн-күннен әзизлеп дәрманым қурып,
Алдымда нелер бар көре басладым.

Неден болды бизге бул қара күнлер,
Сонда да тағылды бизге көп минлер,
Көрип арылғанын серпилип түнлер,
Билмеге жақынлап келе басладым.

## АЙТЫП ЖИБЕР[1]

Нәўпиршимен. урыўым Қоңырат,
Тәлиймим жоқ, әдебият,
Буў заманның түри зият,
Ҳәр түрли жол айтып жибер,

Не әдеп, икрам болмышын,
Ҳәр түрли елдиң турмышын,
Қағазға қалай салмышын,
Кәлем алып жазып жибер.

Мен еситтим сыртыңыздан,
Ашық болдым затыңыздан,
Әдебият китабыңыздан,
Бизге инам қылып жибер.

---

[1]. Қазақбай шайыр 1928 жылы Сейфулғәбитке хат жазып, онда өзине әдебият майданында жол көрсетип ғамхорлық етиўин өтинген. /Баспаға таярлаўшы/



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлердиң сөзимиз ири,
Сөз айтаман әри-бери,
Бири писик, бири тири,
Қыйсық жерин дүзеп жибер.

Қазақбайдур мениң атым,
Ебин жорық салтанатым,
Ендиги хат болар латын,
Буған бир көз салып жибер.

Бирге мәжлистар болмаға,
Ҳүкимет парқын билмеге,
Марҳаматлық қылып маған,
Бир қолыңды созып жибер.

**ЖОЛДЫ ОҢҒА БУРЫП ЖИБЕР[1]**

Казакбайжан дәртиң болса,
Алға қәдем урып жибер,
Әдебият майданы кең,
Нама атын сүрип жибер.

Жорға сүрер майданы кең,
Пайты келген заман екен,
Сүрмегенге әрман екен,
Ойындағыны айтып жибер.

Жағдайын айтып даланың
Жылаўын тартып тазаның,
Пайдасы ушын пухараның,
Ылайық жолда жүрип жибер.

Шул майданды жаўлан етип,
Шиллени буз ўайран етип,
Адасқанды аян етип,
Жолды оңға бурып жибер.

Илим ақсын сарқыраған.
Гүллер шықсын жарқыраған,

---

1. 1928-жылғы Қазақбай шайырдың өтин ишине Сейфулғәбийт Мәжийтовтың жазған жуўап хаты. Қосықтың изине „Еркин қарақалпақ" басқармасынан деп адрес берген. (Баспаға таярлаўшы).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Каршығадай аўсыраған,
Пәнже салып бүрип жибер.

Басылсын газетаға хатың,
Журтқа белли болсын атың,
Дүзиў болсын жазған хатың,
Сайланып бир көрип жибер.

## ТАЗА АРНАҒА

Жүргизилген изертлеўге сүйенип,
Бағдар белгиленди Таза арнаға.
Илимий ҳақыйқатлар тийкар етилип,
Планлар дүзилди Таза арнаға.

Партаўлар көп, бирақ абат жерлер аз,
Сол себепли дийқаншылық өсер аз,
Халық турмысын қылмақ ушын жақсы, саз,
Зейинлер бөлинди Таза арнаға.

Партаў жер де абат болар суў барса,
Суўға аралас колхозшылар дуў барса,
Дийқаншылық өсер, суўы мол болса,
Деп қарар қылынды Таза арнаға.

Гүллендирип колхозшылар турмысын,
Машинаға ислеттирип ҳәр исин,
Кеңейтсин деп колхозлардың өрисин,
Тәттәррик[1] етилди Таза арнаға.

Пурсат болып келип истиң оңайы,
Колдың бос ўақыты, жағдайдың жайы,
Отызыншы жылы, ноябрь айы,
Баслап шек берилди Таза арнаға.

Аңлы дийқан алдан пайдасын билип,
Барлық күш-қуўатын арнаға берип,
Қыпшақ районынан белдарлар келип,
Ғаз-қатар дизилди Таза арнаға.

Өнсери бел менен тепкенде жерди,
Жүреклер ҳалықлап, ағызар терди,

[1] Тәтәррик—таярлық (ред).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жер қазылды, жумыс журди, ис қызды,
Сондай куш салынды Таза арнаға.

Ис ўақытында белдар келер топланып,
Истен кейин отырады шоқланып,
Кунде саррасланып, кунде бапланып,
Аянбай ат салды Таза арнаға.

Исте-илим керек, илимде-ҳөнер,
Илимсиз ис өнбес, ол демде сөнер.
Искер қәнигелер, техник, инженер,
Хызметке жегилди Таза арнаға.

Инженер Мышатов алым ҳәм дана,
Өз ўақтында ис жургизди мәрдана,
Ядигар ислетип, берди нишана,
Баслық болып турды Таза арнаға.

Танкуров—ол исин билип жургизди,
Барған сайын жумыска пәт енгизди,
Өткир зейин, талай пайда тийгизди,
Жақсы жаўлан турды Таза арнаға.

Дала-тақыр, жерлер-тегис, жол-саррас,
Ис мәнисин билмес Мырзамбет қақпас.
Оған тайласпайды иске қош жакпас,
Ол да баслық болды Таза арнаға.

Техник Рыбынков қызарды балқып,
Бираз ислеп журдн өкпедей қалқып,
Бирнешелер журди шалқайып, шалқып,
Олар да „зор“ салды Таза арнаға.

Көп болды катнасқан инженер-техник,
Зверов та болды улкен десатник,
Тахиаташтан тас қопартты берип шек,
Ол да хызмет қылды Таза арнаға.

Раҳимқул ақ кеўил бирадар, ар көп,
Ҳарығанға, шаршағанға болысар ол көп,
Жаслық-ғайраты мол иске жедел көп,
Көп ислер атқарды Тәза арнада.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ени он метрден, гей жери кемирек,
Тереңи үш метр, оннан да көбирек,
Ой жери қазылса, алаң тереңирек,
Шек алып шабылды Таза арнаға.

Плансыз ис тез шатасар кәтеге,
Тахиаташтан баслап, Мискин атаға,
Отыз алты километр араға,
Сондай бой қазылды Таза арнаға.

Жас күш жүрер келген дәуирде бес күн.
Исеним зор болып, жаслыққа үстем,
Сағасы-Тахиаташ, аяғы-Мискин,
Узын жол созылды Таза арнаға.

Көрдиңизбе көпшиликтиң қүдретин,
Бул арнаның халыққа берген рәҳәтин,
Партияның ҳасыл, жақсы нийетин,
Билип, халық қуўанды Таза арнаға.

Билимге сүйенген жумыс қам болмас,
Жуўғара да қайыр теппес, ылай болмас,
Бир питкен соң қайта-қайта қазылмас,
Бул қәсийет болды Таза арнаға.

Екиншиден, арнада суў мол болар,
Керегинде жазы-қысы суў ағар,
Колхозлар жерлерин суўға қандырар,
Бул таза усылда Таза арнаға.

Үшиншиден, боз ҳәм партаў жер қалмас,
Дийқаң егер көкирегинде шер қалмас,
Аяқтан суў барса, бир шығыр қалмас,
Тәжирийбели жолды Таза арнаға.

Төртиншиден, бирлик, кеңес жол болар,
Классыз жәмийет иси басланар,
Абаданлық орнап, турмыс гүлленер,
Ўақты хошлық келди Таза арнаға.

Бәри бәржай болып, ислер гүжисе,
Дийдидегидей болып камине келсе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дийканшылық раўажланса, гүлленсе,
Абаданлық келер Таза арнаға.

„Арнаға дегеним көпке қонғаны,
Колхоз, совхозлардын абат болғаны“,
Мениңше, сөзимниң болмас жалғаны,
Лайықлы мақалды Таза арнаға.

Арна питти, бар пайдасын көрер ел,
Даңққа бөлеп, мақтай-мақтай сөйлер тил,
Абаданлық артып, турмыс гүлленер,
Бахыт қусы қонды Таза арнаға.

Көп жер пайда болар ашылса шөлден,
Сондай байлық орнар елде жыл-жылдан,
Шын тилеклес садақатлы кеўилден,
Ядигар етилди Таза арнаға.

*1933-жыл. Кыпшақ.*

## КЕЎИЛ ШАДЛЫҒЫ

*(Жолдас Ахунбабаев келгенине)*

Шадлық пенен көрдик, шадлықлы бир күн.
Тасып жайнап турған кеўил шадлығы,
Бир күн емес, бәлки, өмирли бир жөн,
Беккем билен қурған кеўил шадлығы.

Қустай ушып әл ҳаўада урынып,
Көз тигилип қулақлар ҳәм түрилип,
Шадлықтың даўамы ашық көринип,
Мийнеткешке толған кеўил шадлығы,

Колхозшылар ҳәм алды мийманын күтип,
Күтип арзыў болған дейдине жетип,
Ашық айтып, дурыс факт көрсетип,
Толық жуўап берген кеўил шадлығы.

Ўәде қылып дослық қолын бермеге,
Кол усласып қызыў алға жүрмеге,
Серигин көтерип алға сүрмеге,
Шарасы көрилген кеўил шадлығы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Парасатлы сөздиң магнити тартып,
Қытықлаған киби бүйирине түртип,
Кеўиллер жос урып, үмитлер артып,
Ақты тыннан жарған кеўил шадлығы.

Ҳәмме жылмайысқан жылмайып күлип,
Сес шықпай тыңланды ҳәмме жәм турып,
Ис келисип жүрген жоллар оң болып,
Саррас жолға жүрген кеўил шадлығы.

Келешек турмысқа саз қылып жөнин,
СССР да шықты асасый қанун,[1]
Ис басында болып көсемим Ленин,
Ғамхорымыз дүзген кеўил шадлығы.

Қайда партия бар, толық теңлик бар,
Еркинлик бар, нур жасаўға кеңлик бар,
Тискенбей туўрысын сөйлемек дәркар,
Көзи жетип билген кеўил шадлығы.

Тынысы кең болған ентигип саспас,
Додаланбай ислер алдына баспас,
Қараңғыда жолдан жазбас, адаспас,
Пән жолына енген кеўил шадлығы.

Бастан аяқ оның көрсеткен жөни,
Еркинлик, кеңликке толған мазмуны,
Дүньяда бир демократиялық қануны,
Партия жаратқан кеўил шадлығы.

Жол көрсетти ақыл қосып, ислесип,
Күшти қосып, қолға қолды усласып,
Билимли мәдений журытқа досласып,
Жолын таўып берген кеўил шадлығы.

Барық урып йош етти кеўиллер тасып,
Жоқары өрледик қатардан асып,
Бағға мысал етсек болар минасып,
Ислеўге гүл терген кеўил шадлығы.

---

[1]. Асасый қанун—тийкарғы нызам, зан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадлық пенен деген толғаўымызды,
Ҳәмме көрсин алға ылғаўымызды,
Күнлеўшилер көрсин жасаўымызды,
Бар болса көз тиккен кеўил шадлығы.

*1936 жыл, 18 июль, Төрткул.*

## УЗАҚ УШЫЎ

Жаҳан бир кеңислик, шеги жоқ бослық,
Сол бослық ишинде жер мәкан еткен,
Топырақ, көл, теңизлер, муздың таўлары,
Абаданлығында ел ўатан еткен.

Әгирапын қоршаған ҳаўа, думанлар,
Бәлент таўлар, жыра-жыра оқпанлар,
Атаўлар, шуқырлар, муздан майданлар.
Ҳаўасына ылайық ҳайўан дөреткен.

„АНТ—25“Мәскеўден ушып,
Вектария атаўларына түсип,
Франс—Йосиф атлы мәнзилден асып,
Челюскин тумсықтан арманған өткен.

Ол ҳаўада төрт мың метр жоқары,
Силпи думан туўын тиккен топары,
Ҳешкимниң жүрмеген бул бир сапары,
Ҳешбир жүрилмеген жоллардан өткен.

Тас қараңғы түпсиз күнде салысқан,
Дүбелей боранлар ҳәддинен асқан,
Силпи тоңып, самолетқа жабысқан,
Сонда ҳәм дедикли жайына жеткен.

Бул жол дым қәўипли адам жүрмеген,
Дым узақ жол, ҳешким жүрип көрмеген,
Мүмкинлик табылған, бағдар серлеген,
Келешек дәўирге ап-аңсат өткен.

Бул ушыўдан көңилдеги талап не?
Қәўипли жолдан жүрилмеге себеп не?
Соған татығандай келешек мәп не?
Не себептен сонша алыстан өткен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Авиацня техникасын сынамақ,
Совет машинасы қандай унамақ,
Қандай иске тайынлықты қарамак,
Техниканы қандай қыраған еткен.

Арктика журты қалмай өзлессин,
Өзлестирмек ушын билимлер өссин,
Гизди гәнжлер[1] адам қолына түссин,
Машьал[1] көтергендей шыраған еткен.

Сондайда байланған истиң сабағы,
Шар тәрепти нурландырар шырағы,
Қандай миййа берди советлер бағы
Тәбият сынаған, имтихан еткен,

Жаҳан бәйгисинде советлер озды,
Техникасын сондай ҳалға жеткизди,
Тәсиийн жигитлер бир ис көргизди,
Болмасты болдырған, жарысқан, өткен.

Валерий Чкалов экипаж басы,
Георгий Байдуков батыр жолдасы,
Александр Беляковтың табысы,
Сондай қыйын жолда жаўлан көрсеткен.

Совет атлы бағда партия бағман,
Бежерип рух берип, тәрбия қылған,
Сол тәрбия мундай миййа жеткерген,
Тәрбия буларды қаҳарман еткен.

Қабыл ал сәлемим, қаҳарман жолдас,
Тәсиийн ғайратына қажымас, талмас,
Партия баслаған ис питпей қалмас,
Миййнеткеш дүньясын гүлистан еткен.

*1936-жыл, 30-июль, Төрткүл.*

## ОҚЫЎҒА КЕЛ

Ҳей, яранлар, биз бундамыз,
Қосылайық, оқыўға кел,

---

[1]. Гизли гәнжлер-жасырынып жатқан байлықлар.
[2]. Машъал-маяк, шам-шырақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар билимди оқып уғып,
Кеўилге әбден тоқыўға кел.

Билимниң жолын тосайық,
Биз де билген ел усайық,
Бир туўғандай бас қосайық,
Биз бундамыз, қыйқыўға кел.

Алдында туўған турған да,
Билим базарын қурғанда,
Далбай былғап шақырғанда,
Ақ суңқардай қағыўға кел.

Суңқар болып илгенинди,
Ил, жаздырма көргенинди,
Бунда келип билгенинди,
Ел ишине шашыўға кел.

Қурыўлы турған аўлар бар,
Ясаўлы турған яўлар бар,
Алдында бийик таўлар, бар,
Албырамай асыўға кел.

Уйысып топар болайық,
Билейик, хызмет қылайық,
Ер кемесин таянайык,
Сен ескегин есиўге кел.

Суўдан өтейик дем алмай,
Желге ықлағандай болмай,
Халық пенен қатардан қалмай,
Ат байраққа шабыўға кел.

## ИНАН МӘККЕМ

Дүньяда жасаныў ушын,
Өз-өзиңе инаң мәккем,
Сенин алдағы күнинде,
Не болары гүман кәккем.

Наданлықтан кешип қалсаң.
Шегараны ашып қалсаң,





www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслығында писип қалсаң,
Сүрилмеге дәўран мәккем.

Сол жол менен жүрмегеннен,
Билимлиге ермегеннен,
Жөн-жосақты билмегеннен,
Көретуғын зыян мәккем.

Зыянды ойлап зарықпа!
Ғамыңды же де, тарықпа!
Алдың еле жай жарық па?
Я болар ма боран мәккем.

Ғамынды же боран болмай
Оқы да бил ҳармай талмай,
Жаслықта тәжирийбе алмай,
Үлкейгенге әрман мәккем.

Әрманда қандай маза бар,
Өлимнен жаман ыза бар,
Билмегенге зор жаза бар,
Айықтырар зиндан мәккем.

Айықпастай жерден жол сал,
Қандай болып турар аўҳал,
Билимли елден өрнек ал,
Жан-жағыңа қараң мәккем.

Болып турған ҳалға қарап,
Өрнек ал заманға қарап,
Узақ-узақ жолға қарап,
Азықланып жараң мәккем.

Жаранып шынық, тастай бол
Шыда, балға урған төстей бол,
Заманға жеңдирместей бол,
Дусласса да сыран мәккем.

Бос болғанды сыран жеңер,
Ҳаўлықтырар заман жеңер,
Заманды ис пенен жеңер,
Билимлиге аман мәккем.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨНЕР-БИЛИМ

Өнер-билим билген журытлар,
Тастан сарайлар салдырды,
Айлық жолдан көз жумғанша,
Түн-туўра хабар алдырды.

Төрт мүйеш үй қатар-қатар,
Қырқ-еллисин бирге шатар,
Берин атсыз қосып тартар,
Толтырып жүкке келтирди.

Атсыз тек бир ушқан арба,
Бир жол билән шабар бәрҳа,
Мың тас жерден күн ярымда,
Келтирип илимин билдирди.

Қустай ушар адамлары,
Билимли ел ислер бәри,
Мал нслейтуғын ислерди,
От билән суўға қалдырды.

Отынсыз тамақ писиртип,
Көликсиз елин көширтип.
Билим билгенди есиртип,
Суўсыздан суўсын ишкизди.

Дуньяны гезди жалықпай,
Ҳәр ис билгенге анықтай,
Өмир сүрди ҳеш тарықпай,
Қазнасын пулға толтырды.

Бизиң ақылымыз алыспай,
Билген ел билән таныспай,
Еле ҳәм болса қалыспай,
Байланбақ керек белбағды.

Атың болса байрақта шап,
Жарыспастан болмас сынап,
Жас туўғаным жолыңды тап,
Бул исти сизге қалдырды.

Қатарың кетти узаққа,
Умтылың қалмаң азапқа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсип қалмайық дузаққа,
Журытлар дегенин болдырды.

Биз надан болдық, бос жүрдик,
Бийкарға сақал өстирдик,
Дүньяның жайын соң билдик,
Наданлық артқа қалдырды.

Өнер-билим ел көрки екен,
Ескермедик бул не деген,
Картлық, наданлық бир жерден,
Гөя белимди сындырды.

Биз қалдық, енди Сиз барсыз,
Үмит етилген суңқарсыз,
Билдик хызметке таярсыз,
—„Жол болсын!",— пәтем сол болды.

## КЕШ БОЛМАСЫН

Жақсылықты жайына қыл,
Жақсылығын ҳеш болмасын,
Қуры сымбатқа қарама,
Дәнеси жоқ пуш болмасын.

Иши пуш болмас жөнлинин,
Қолын тут қара күнлиниң
Дәрти болса бир муңлының,
Ертерек бар, кеш болмасын.

Жайын таппай ис көргенде,
Орынсыз жәрдем бергенде,
Жақсылық етип жүргенде,
Душпан кеўли хош болмасын.

Гүл жанында тикен турып,
Алданба сыртынан көрип,
Аңланып туг қолға кирип,
Азап берер уш болмасын.

Жалтаң-жултаң қарағанын,
Қам болмасын ораганың,
Теңгеме деп сорағаның,
Түпирип қымған муш болмасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муш тийместен бурын оян,
Ийт қасында болма қоян,
Есин жыйса елге зыян,
Тийдиргендей пес болмасын.

Жыланның даўасы солды,
Шықпастай еткен мақулды,
Даўалаған тыйсын қолды,
Тислейтуғын тис болмасын.

Орнын тутпай зая болып,
Өрре турса келе болып,
Жақсылығың бәле болып,
Ел үстине дус болмасын.

Емлеп алдам қалдамларды,
Саўалдырып ҳарамларды,
Саўалғансоң адамларды,
Шағатуғын нуш болмасын.

Шақпастайма нушын көрип,
Даўа қыл әбден тексерип,
Душпаныңа жарақ берип,
Бир күн қаша-қаш болмасын.

## ҒАМЫҢ БАР

Журыттың бәри түлки болған,
Сен бөри болсаң, күниң бар,
Болажақты алдан бойлап,
Билсең күн көрер жөниң бар.

Алдың да не бар: билмесең,
Билгенниң тилин алмасаң,
Заманаға саз болмасаң,
Алда арылмас түниң бар.

Қыймылдамайсаң турмайсаң,
Заманға нәзер салмайсаң,
„Тур“ дегенде қозғалмайсаң,
Жоражан, сениң соның бар.

Жаслар өз абыройын жапсын,
Дизгиң бер, байраққа шапсын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жууабын бер, жөнин тапсын,
Наданлық бир меҳманың бар.

Ҳәмме балалар жолын танып,
Ақ жүзлери гүл-гүл жанып,
Оқып кем-кем тайынланып,
Көрип турған әнжамың бар.

Бир күн ер жетип ел бағар,
Булақ болып билим ағар,
Бара-бара жүзге шығар,
Келешекке зор ғамың бар.

Булар журттың қайрмети,
Туўры ҳәм дурыс нийети,
Еркинликтиң әламаты,
Саз берип атқан таның бар.

Бийкарға өмир өтпесин,
Жасларды сарсар етпесин,
Қатарың озып кетпесин,
Сен де қыймылда, жаның бар.

Наҳаққа ким буғады деп,
Нызамға ким ығады деп,
Хақ бир устке шығады деп,
Услап турған бир жибиң бар.

## ЖИГИТ

Кеўилдең күсеген ләззет,
Мийнет етпей табыларма?
Биреўге ийегин сүйеп,
Аўқат көрип жарылар ма?

Жигитлик атың болмаса,
Өнерин, затың болмаса,
Кеўилде дәртиң болмаса,
Қуры шырай табылар ма?

Бийдәрт адам биреўге ерер,
Дәме етип көзин сүзер,
Дәртли жигит өзи берер,
Киси тонын жамылар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сорап кийип той тойласа,
„Киршил“ дегенге коймаса,
Өз абыройын өзи ойласа.
Жалқаўлыққа салынар ма?

Жақсы сөзбе „гөрқаў“ деген,
Жақсы атпа санраў деген.
Өзин билген, жалқаў деген
Жаман атқа таңылар ма?

Пайдасы тийсе үгиттиң,
Турқындай жалғыз шигиттиң,
Еси, дени саў жигиттиң,
Истен таўы шағылар ма?

Дени саў ҳәр жөнде озып,
Аралатпай күнде озып,
Ойында озған шында озып,
Шын ойында утылар ма?

Ҳайяр болып истен тойып,
Абырой табар жерин қойып.
Гелле кетпей басын ийип,
Өзиндейге жалынар ма?

Жалынарма ойлап билген,
Адасарма бойлап көрген,
Алдын, артын барлап билген,
Туўра жолдан жаңылар ма?

Жигит озар қандай болса,
Ел десе, ол жандай болса,
Жигитлери сондай болса,
Елдиң аты жойылар ма?

## ДОСЛЫҚ ЖАЙЫ

Тилден айтқан дослық болмас,
Кеўилдедур дослық жайы,
Ким биледи тилде сөйлеп,
Гизли турса қаслық жайы.

Жасыра жапқандай төсек,
Гизли турса түрли өсек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамды бир шәҳәр десек,
Жүрек болар баслық жайы.

Тилден сөйлеп жақламаға,
Пурсат гөзлеп тақламаға,
Душпанлығын сақламаға,
Табылады баслық жайы.

Бос орында қаслық толып,
Жүрмесин сырыңды алып,
Шынның орны иште болып,
Писент болмас тыслық жайы.

Шын кеўилден жол ашылса,
Гүл пәшек яңлы есилсе,
Кеўил кеўилге қосылса,
Десе болар хошлық жайы.

Өзиңди таныт рас пенен,
Туўры жол толы бас пенен,
Сөз бенен емес, ис пенен,
Өлшенеди раслық жайы.

Дийқанда да бар бир кеўил,
Алған ғәллеси болса мол,
Жатса, турса ойында сол,
Жерден өнер аслық жайы.

Тегис өнсе айдағаны,
Өнип тағы бойлағаны.
Жатып турып ойлағаны,
Еркин болса қыслық жайы.

Көп егип, суўдан жарыса,
Билинбес қанша ҳарыса,
Егинге иллет дарыса,
Ордв басар суслық жайы.

Ойлағанның есин алған,
Бири жоқтың бесин алған,
Ҳәмменин зәрресин алған,
Зар еңиреткен ашлық жайы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӨРТ МӘЎСИМ

Төрт мәўсимниң алды бәҳәр,
Жан ҳәз етер беҳәр келсе,
Жасыл дөнип гия өнер,
Жерге жыллы бәҳәр келсе.

Гия өнип көлге, шөлге,
Қуслар сайрап қонар гүлге,
Иош енер ҳәр бир кеўилге,
Даўыслары сәҳәр келсе.

Шарўаның да малы туўар,
Бир қарасы еки болар,
Қос шығарып, жерин сүрер,
Дийқан дәрриў сезер келсе.

Екинши мәўсим жаз болар,
Бунда тынышлық аз болар,
Бир жылдың ғамы саз болар,
Дийқанда ис үдер келсе.

Шығыр айдап, төгин жайып,
Исте ҳәмме ақсақ-майып,
Ақ шығып, азық молайып,
Шарўалар мәс гезер келсе.

Жиберсе шүдигарды басып,
Жерге ағар суўы тасып,
Ыссылық ҳәддинен асып,
Жалынлы жел есер келсе.

Үшинши мәўсим гүз дейди,
Жаздан үмитин үз дейди,
Исиңди сазла, дүз дейди,
Алда қыс бар, езер келсе.

Бежерилмеген ислер бар,
Қырманлар тез болсын таяр,
Ызғар алып зая болар,
Қара жаўын нөсер келсе.

Күндиз-хызмет, түнде-ҳай-ҳай,
Бежермек керек айдаҳай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғайратлы дийқан ҳаўлықпай,
Аўырлықты жеңер келсе.

Төртиншн мәўсиминң қысты,
Қыс деген бир аўыр исти,
Қардан толып жердиң үсти,
Үйди үргин көмер келсе.

Жарлыға күн болып қараң,
Суўық үйде жыртық шапан,
Күнде борап, күнде сыран,
Дүзде ҳаят[1] сөнер келсе.

Күн-күннен азары артар,
Қай бир қыс узаққа тартар,
Шарўаның да малын жутар,
Қысы қатты кәҳәр келсе.

## АҚ ҚУЎ, ШОРТАН ҲӘМ ШАЯН

Жүк алды Аққуў, Шортан, Шаян бирге,
Жегилип тартты үшеўи дүркин-дүркин.
Тартады Аққуў көкке, Шаян жерге,
Жулқыды суўға қарай Шортан кейин.

Булардың машақаты аз болмады,
Орнына иси келип саз болмады,
Тартсада бар күшлерин аямай-ақ,
Турған жүк өз орнынан қозғалмады.

Жүк өзи оламата аўыр емес,
Тек сырттан пәлен деген тәўир емес,
Жүк солай елегеше орнында тур,
Бир жөнкил тартпаған соң бәри тегис.

Жигитлер, муннан ибарат алмай болмас,
Әдептен бирлик керек болсаң жолдас.
Бириңниң айтқанына бириң көнбей,
Ислеген бир жылыңыз ҳеш ис оңбас.

---

[1] Ҳаят—өмир.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУЛБИЛ БИЛӘН ЕШЕК

Бир күни ешек бүлбилге келип,
Деди:—Дуўшарластық қуб бәҳәр билән,
Жаным, бир сайрап қарыж етип бериң,
Мен сынап турайын игибар билән.

Несип айдап себеп билән дос болып,
Бәрҳа дос болмаспыз қоллар бос болып,
Еситип тарқайық көңил қош болып,
Ылайық сайрасаң лалазар билән.

—Мақул—деди бүлбил,—хызмет қылайың,
Қолдан келер, несин миннет қылайын,
Тыңлап отыр, мен бир сайрап берейин,
Сайрап қоя берди муңлы зар билән.

Күйип-жаныпп ықлас билән сайрап тур,
Жан ҳәз етип еситкен жан жайрап тур,
Муңлы көңил елжиреп тур, зарлап тур,
Тең болып дүньяның жоғы бар билән.

Түрли даўыс, түрли нама зыңлап тур,
Еситкен жан исин қойып тыңлап тур,
Жан-жаныўар дәртленип тур, зарлап тур,
Маллар гүйисин қойған бир қатар билән.

Шығар ашшы даўыс қай ўакта жайлап,
Базы кулақ жарып, базы тал-таллап,
Мың түрли жол: мың түрли сес қайрап.
Шығар гәда жуўан, гәда тар билән.

Геда келте шық-шық, қайбирин созып,
Геда таңлай қағып, геда ысқырып,
Қуйқаңды жуўлатар жиберсе созып.
Еринбей сайрады шын қумар билән.

Еситкен жан дем алмаққа қыялмай,
Жан-жанўар тыңлап турды дем алмай,
Мәлел бермей жел ҳәм тынды қозғалмай,
Бар-жуғы түсинип бир қатар билән.

Көрсетип өнерин сайрады бүлбил,
Ешек мақтарма деп ойлады бүлбил,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарсы қонып турып қарады бүлбил,
Сөйлер деди инсап билән, ар билән,

Ешек дер:—Ҳәр қуста бир жақсы ҳаўаз,
Ҳәр қайсысы тартар гүрли-түрли саз,
Ҳаўазда, намада, үстундур кораз,
Соннан өрнек алсақ бираз кәр билән.

Сонда артық сайрар един-зор етип,
Ақылымды тут, алма муны ар етип,
Билди бүлбил, ушып кетти пыр етип,
Сөзин тыңламады бир қарар билән.

Ойласаң ҳәр сөзди, итибар бер онда,
Ешектей ойлаған адам көп санда,
Бир қатар деп билгең жезде, алтында,
Парқын билмес тегис жердиң жар билән.

Сынап турған усындай көп жаманның
Көзи саў, көңли кәр гейбир наданның,
—Ҳасыл—пасық тең",—деп билген адамның,
„Сынынан сақласын ҳәр сапар билән.

Мақал: Сыйлағанды сыйыр билмес,
Сыйпағанды ешек билмес.

### АЛТЫН ЖЕГЕН БӨРИ

(*Араб шайырынан*)

Бизлер бир қой көрдик, бөри жетеклеп,
Қулағынан тислеп тартып келтирди,
Бәри мойынсынған қойдың ҳәмирине,
Қәлеген жеринен жүритип келтирди.

Бул бир болмаған ис болды деп қайдан,
Өзи ерси, қызық көринди тойдан,
Мәниси не бунын? Сорадық қойдан,
Бундай ҳалға қандай тәртип келтирди?

Бөри уўлар еди қайда қой нәрсе,
Өзине есапсыз пайда қой нәрсе,
Досласып келесиз шын соңын берсе,
Бирге екеўин де ертип келтирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бөриниң аўзын ким қакты булай,
Койды көрип тәп бермеге жарамай,
Мөңкилдетип жан-жағына қарамай,
Бул ҳалға залымды қәйтип келтирди?

Кой деди бул бөри исин ислеген,
Бир колайын тауып алтын тислеген,
Тиси тыйпақ болған койға дуслаған,
Ойнатып намасын шертип келтирди.

Алтын қайтарыпты бөриниң тисин,
Аўзында алтын бар салалмас күшин,
Жаздық оқып ибарат алмақлық ушын.
Дегенлердиң аўзын сүртип келтирди.

Бөрилер бар қойды аңлып күнелтер,
Алтыннан тислесе дегенге жортар,
Ол алдында ойнар, қой нама шертер,
Мысал бөрилерге түртип келтирди.

## ДИЙҚАН МЕНЕН КҮНШИЛ МАЙМЫЛ

(*Крыловтан*)

Сәҳәр турып жерге кос салар дийқан,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар,
Кәсиби билен дүйым журтты тойдырған,
Дийкандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Кашаннан кәсип еткен кәри дийқанның,
Маңлай терден өнген бәри дийканның,
Жерден тилеў барлық зары дийканның,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Басқа истиң бәрисинен еп етер,
Алдар-суўлар гөдеклерди жеп өтер,
Көрген адам бәрекелле деп өтер,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Журттың мақтағанын бир маймыл көрди,
Кызықты, ишине күншиллик кирди,
Бир ис ислеп мақтатайын деп жүрди,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ис қылып мен дағы етейин ғайрат,
Тынбастан ислейин дийқаннан зият,
Өзимди мақтатпай қалғаным уят,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Бир кесинди ағаш төңгек бар жатқан,
Соны домалатты берманда-арман,
Өзи қырбат ағаш жетистей дәрман,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Ойға түссе шығаралмас жоқары,
Бир жағын ийтерсең, бир жағы бери,
Бәрҳә сондай өтти исиниң түри,
Дийкандай болмаға кимнің ҳәдди бар.

Көтерсе жығылар астында қалып,
Зордан шығып тағы асылар барып,
Жан терлери шықты, ҳал кетти ҳарып,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Неше күн иследи күшин сарп етти,
Көзин таппай қылған истен не питти,
Өзи ҳәм халыққа не пайда етти,
Дийқандай болмаға кимниң хәдди бар.

Көзин таппай қылған истиң түри оңбас,
Пайда болмас қуры мийнет жол алмас,
Өзи ҳарыр аброй-алғыс алалмас,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Тасқа дийқаншылық болғаны барма?
Ойына алған шын мақсетин табарма?
Орынсыз мал шашып пайда шығарма?
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Орынлы ис болса еткен талабын,
Журтқа ысық ҳәм табылар абройың,
Алға басар кейин қайтпас талайын,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.

Жөнин билген дийқан көп алар егин,
Төгип, сүрип күшли қылар ол жерин,
Тоқ болар өзи де, тойдырар елин,
Дийқандай болмаға кимниң ҳәдди бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЫМШЫҚ БИЛӘН КЕПТЕР

Дән излеп-излеп бир шымшық барып,
Илинди жаздырмас мәккем дузаққа,
Қаза солай болса не шара қылсын,
Сарғайып отырды қарап жан-жаққа.

Бир көк кептер келип бабабад қылды,
Аны ақылсыз деп мәламат қылды,
Ақмақсаң деп өзин дана ат қалды,
Деди мен қалмаспан бундай азапқа.

Көзиң бар болса да, есиң жоқ екен,
Ҳийлеге еси бар алданарма екен,
Ким күлмес сендейге ақылы бар деген,
Мақтанғаны созылмады узаққа.

Көп сөйлеп ойланды дәне термеге,
Аш еди лепсиниң ҳақын бермеге,
Тәғдийр оған жай бермеди көрмеге,
Өзи де илинип түсти қамаққа.

* * *

Ақылың қайда кетти, илиндиң өзиң,
Табалап мақтанған не болды сөзиң,
Серт айтқан түспеске жоқпа еди көзиң,
Насақ айтып өзи қалды насаққа.

Насақ айтып табалаған биреўге,
Бағың тайса илинерсең гиреўге,
Бийиктен тутпаға, жерден тиреўге,
Илаж таппас, уқсар герткен шабаққа,

Ис қылса бир адам гә туўры келмес,
Табалар душпаны, ис ҳасылын билмес,
Тәғдийрде жазылған ҳеш аўған болмас,
Соның өзи ақ гейде қалар мазаққа.

Мақал: Өзин өзи билмеген өгиз тентек,
Өз басына кум шашқан буға тентек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАЙЫРЛЫ ТҮЛКИ

Бар еди бир мерген, бир қусты аңлып,
Ағаштың басынан атты да алды.
Уясында оның үш шөжелери
Темир қанатында жас жетим қалды.

Енди анасы жоқ жем тасыйтуғын,
Қалай күн көрер ол, жем жоқ жейтуғын,
Қызғанар ғамхор жоқ өлер дейтуғын,
Буларды қызғанып бир түлки келди.

Алла, байғус, бийшаралар, жетимлер,
Анасыз жас Сизге жемди ким берер?
Алып гүбелекти, жемең шыбынлар,
Шамамыз келмейди, бул қалай болды?

Жан-жаққа қарады, — „Ҳаў, куслар", — деди
—„Гезеклеп жем тасып бериңлер", — деди,
—„Саўап көп жетимди бақсаңлар", — деди,
Аяп байғусларды ишим от алды.

Өпепиш, сен түлеп жүрсең, семизсең,
Нең кетер жетимге бираз от берсең?
Саўабын алдында өзиң көрерсең,
Анасы балалардың ўақытсыз өлди.

Молла торғай, сенде тек турма, гөзле,
Қуры шырлап бийкар өмир өткизбе,
Даладан, тоғайдан буған жем изле,
Шөжелер аш болар, көр-ҳалдан тайды.

Поша торғай сениң уяң бир шетте,
Тамақ излеп балалар бир жаққа кетти,
Жетимлерди аяп қайрылсаң нетти?
Булар ер жеткен соң қарармыз жөнди.

Қарлығаш, сен келтир пешше шыбынлар,
Азда болса қармансын бул мунислар,
Уят қой тек турмақ сақлықта жанлар,
Муннан бурын жедик бизлер талайды.

Булбил сен излеме жемди қозғалып,
Көңлин аўла шөжелердиң қызғанып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр ўақытта сайрап тур сен көңлин алып,
Сениң намаң болса, қайғы таралды.

Кәне, дослар, сондай бир ис етейик,
Жетим қалған шөжени қус етейик,
Көңлин аўлап ўакларын қош етейик,
Билсинлер тоғайда изгилер барын.

Буў сөзлерди куслар мақул тыңлады,
Кимниң көңли толды, кимлер бозлады.
Аш болған шөжелер бозлап жылады,
Талпынып төменге бир жерге қонды.

Түлки дәрҳал олар жанына жетти,
Ҳәр қайсысын бир жалмап, бир шайнап жутты,
Сөйлеген сөз саўап, қай жакқа кетти.
Журыгка ўағыз айтқан соңы не болды?

Елде бар адамлар тилин тартпаған,
Журыткa ўағыз айтып, өзи қорықпаған.
Түлкидей залымлар нени қурытпаған,
Қанша жетим малы кайда жоғалды?

Өзиң сақла сондай жетимниң малын,
Бәри жалған сөйлеп, аяған ҳалын,
Татлы тил, тас көңил, билмес обалын,
Айтың, қайсы жетим шыңлап аялды?

### ЕКИ САЎДАГЕР

Еки жолдас барады өтип,
Арадағы ислерин гүрриң етип,
Ергенекген шықты бир ийт тәп берип,
Арқасынан умгылып келди үрип.

Ҳабалаған тағы бир ийт қосылып,
Сөз бөлинди қарады алаң болып,
Муны көрнп тағы бир ийт айдады,
Ҳәрбир ийт үрип барып айкайлады.

Ийт үнин есигип жыйылды барлық ийт,
Топары қырық-елли болып қойды ийт,
Бири тоқталды қолына тас алып,
Кетпеге оңдайлады ийтги салып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолдасы тоқтатты: — „Кой, деп, өшигер,
Тоқтамас урған билен мәзи бийкар,
Үндеместен барайық акырын жүрип,
Өз-өзинен тоқталар үрип-үрип".

Олдағы — „—Жақсы", — деди макул көрип,
Әсте-әсте кетти бираз жол жүрип,
Сеслери азайды, кем-кем тоқтады,
Көп кешикпей жөн-жөнине тарқады.

Қоспаға ылайық мысал бар тағы бир,
Халық етилген бул адамлар неше тур,
Бағзы ислер. мал табар ислеп талап,
Бағзы жалқаў күнлейди аны анталап.

Қайбиреўдиң дәўлетин, бағын көрип, —
Күншилер шуўлап жүрер ийттей үрип,
Күнлесин, ол шуўласын, қылсын өсек,
Ол „пәлен" деп айтты деп қылмаң есеп.

Ол өзи ийттей үрип, тарқап кетер,
Күнлегени сизге не зыян етер,

Макал: Ийт үрер, кәрўан көшер.

## ЕСЕР БИЛӘН КӨЛЕҢКЕ

Есерлеў бир адам жанында көрип,
Өзи көленкесин қуўды да кетти.
Қуўғаны ол қашты кайрылмай турып,
Аны тутпақ ушын көп себгир етти.

Әдеп әстеледи дәрриў жетпеге,
Қуўып жетип услап алып кетпеге,
Жеткизбейди енди не ис етпеге,
Қайрылмайсаң қарап турғанда нетти?

Ернин тислеп қатты шапты изинен,
Ол ҳәм қатты қашты, қайтпай сөзинен,
Қуўса кашты, турса қуўды изинен,
Жете алмады ҳайран етти жигитти.

Тоқталды бар не деп сонша қуўғандай,
Бираз сабыр қылды турып қозғалмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол ҳәм тоқтап турды ҳеш жаққа бармай,
Ойланып, ойланып кейнине қайтты.

Қайтып еди мунық изинен қуўды,
Қуўса қашып турса олдағы турды,
Ҳайран болды буған не бәле болды,
Есерлик басынан көп қыял өтти.

* * *

Бағ-дәўлет ҳәм көлеңкедей қуўғанда,
Қашар, жете алмассаң жақын заманда,
Қашсаңда қутқармас шын қарағанда.
Бул бир балаларға айтқан үгитти.

ақал: Ҳалын билмеген ҳәлек болады.

## ТҮЛКИ МЕНЕН ҚАБЛАН

Бир түлки менен бир қаблан,
Жолығысты майдан ара.
Қаблан турып қыялланып,
Жемек ушын қылды шара.

Деди түлки: „Не ойладың",
Болмас иске қыялландың?
Мен патшасы жандарлардың,
Бийкарға болма аўара.

Күшим бар ҳәммеден үстем,
Қолай ўақта қолға түстиң.
Қол қаўсырып дизден өгиң,
Гүнайыңа қыл мәдара!

Қаблан айтты: „Олай емес,
Күшли деп ҳешким инанбас,
Мениң саған кеўлим қалмас,
Секлиң мынаў күш шикара".

Деди түлки: „сөзинде тур,
Болмаса ҳәл сынасып көр,
Белли болсың тоғайға жүр",
Жүрип кетти дара-дара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биргелесип жүрип кетти,
Қалың бир тоғайға жетти,
Көринген жан қашып кетти,
Инге гизленди бир пара.

Қабланды көрип туралмай,
Бөри, коян бириқалмай,
„Меннен қашты“ деп уялмай,
Деди түлки: „Шыңлап қара“.

Бул сөзге инанды қаблан,
Қорқыў басты, болды ҳайран.
Есин жыйып шаққан-шаққан,
Қаша берди тура-тура.

Елде сондай түлки жоқ па?
Алдап жүрген епли жоқ па?
Қаблан яңлы күлки жоқ па?
Алданып қашқан бийшара.

## БИРЛИК ПАЙДАСЫ

Қырық кептер басы „матуха“,
Узақ ушып сайран етти.
Қуры сайран зериктирди,
Ашлық келди, ҳайран етти.

Ҳайран етти ашлық дарып,
Дән гөзледи көз жиберип,
Жерге себилген дән көрип,
Нәсийбе деп гүман етти.

Ел жоқ, жан жоқ қула дүзде,
Себилген дән жайнар көзге,
Көктен тилегенди бизге,
Жерден берип мийман етти.

Матуха дер: „батпан қуйрық,
Өзи жолда жатқан қүйрық,
Бир бәлесиз неткен қүйрық,
Өзин бунша арзан етти“.

Жолдаслары гүрилдести,
Жоқ сөзди таппа сен, дести.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоймай сарқып жерге түсти,
Дәнди терип жаўлан етти.

Терип қызық көрип еди,
Пәрўа қылмай жүрип еди,
Төрт-бес дәне терип еди,
Турған жерин зиндан етти.

Мойнына дузақ илинди,
Дәнниң жағдайы билинди,
Ҳәр ким талпынды урынды,
Бәри зарлап гирьян етти.

Аўзы алалық болса жанда,
Қалдырар бизди табанда,
Тәртиплеп берди команда,
Ал ушың деп пәрман етти.

Қырқы бирден қылды зорды,
Дузақ түптен қопарылды,
Бирлик пенен айдай берди,
Саят[1] көрип әрман етти.

Жоқарылап қанат қағып,
Көринбей кетти ылағып,
Бир ин таўып, түсти ағып,
Хабарлас деп талап етти.

Аты зийрек ол бир тышқан,
Бурын бирлескен, дослосқан,
Дузақты қырықты шырмастан,
Бәрин бирден дарқан етти.

## МАҚТАНҒАНДА ДӘНЕ ЖОҚ

Бир адам жас баласын қасына алды,
Қыдырыспа етип майданға кетип қалды,
Қыдырып арман-берман жүргеннен соң,
Дийқанлар егин еккен жерге барды.

Аралап ҳәр егинди қарап жүрди,
Ўақты еди, өсип турған егин түрли,

[1]. Саят – аңшы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баслары дәнге толған төмен буғып,
Бийдайлар ийилип тәжим берди.

Ишинде бир бийдай тур көкке қарап,
Зинкейип жалғыз өзин көпке бәлеп,
Баланың сол бийдайға көзи түсип,
Билейин деди бала жөнин сорап.

Атызда бийдайлар тур басын салып,
Тойғандай қудай берген нурға қанып,
Ҳай аға, бунның жөнин түсиндирши,
Бир иске турман өзим ҳайран қалып.

Бул бийдай көтерип тур басын көкке,
Қарайды шикирейип өзге-көпке,
Өзинен өзгелерди менсинбейди,
Соншелли бул бийдайдың дәни көппе.

Айтайын бунның жөнин балам саған,
Зинкейген бойын көрип алданса оған,
Өзгеси төмен қарап бүгилгенге,
Ойлама кем екен деп дәни оннан.

Тағы да атасы айтты баласына,
Қызықпа тек сорайған қарасына,
Басқалар дәни толық болса дағы,
Бул бийдай бос қалыпты арасында.

Басы толған бийдайлар ийилип тур,
Дәнли болып өскенине сүйинип тур,
Басында бул бийдайдың дәни болмай,
Зиңкийип көкке қарап бүлинип тур.

Елде бар бул бийдайдай адам дейди,
Халық оны тәкәббир, жаман дейди,
Тәкәббирлик жақсылардың қуйы емес,
Қолланба бул минезди балам дейди.

## НАДАН МОЛЛА

Бир молла кемеге минип,
Зор теңизге түскен екен,
Жел жағында сайран етип,
Кеўли әптен өскен екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—„Кемешилер дым жаман“, —деп,
—„Хат танымайды аўан“, —деп,
—„Сенлердиң бәриң надан“, —деп,
Сықақ етип күлген екен.

Бетине басты ол турып,
Адасты туўры жол турып,
Күн шығыстан даўыл турып,
Дүбелей жел ескен екен.

Дүбелей дарып буларға,
Қыйынлық салып буларға,
Аўыр ҳал болып буларда,
Кеме батар дескен екен.

Моллеке тур, ескекке түс,
Қутылайық гүрреслеп ес.
Молла деди: „—билмеймен ҳеш“,
Жүргизе алмай сасқан екен.

Кеме батар, көресең бе,
Суўда жүзиў билесең бе?
Ебин таппай өлесең бе?
Айтып сөзди кескен екен.

Молла айтады: билерим жоқ.
Оқыўдан баска ебим жок,
Батса елди көрерим жоқ,
Кеўлин уўайым тескен екен.

Ҳәр билимниң бир орыны бар,
Түр-түринен билмек дәркар,
Енди кең дүнья болды тар,
Наданлығы асқан екен.

Көзине журтты илмеген,
Не керек барлап көрмеген,
Билемен деп дым билмеген,
Пәнт көбисин жескен екен.

Ықрар етти пақырман деп,
Наданнан тап тақырман деп,
Дүнья илимин оқырман деп,
Аўзы кутә пискен екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# БАҒДАГҮЛ

*(Бес актли, алты картиналы музыкалы драма)*
*(Ҳәдийсе 1916-19 жыллар арасында өтеди)*

1—картина—майданда болады.
2—Мәтирзаның үйи.
3—Шәмшет волостьтың үйи.
4—Жап бойында.
5—Тағы Шәмшет волостьтың үйи.
6.—Чайхана.

## *КАТНАСЫЎШЫЛАР*

**Қожан**—Қанназар байдың дийқаны. Бағдагүлдиң ашығы.
**Мәтирза**—жарлы киси.
**Бағдагүл**—Мәтирзаның қызы.
**Аймереке**—Мәтирзаның ҳаялы.
**Семеқе**—баласы
**Нәзигүл**—Сәмекенин ҳаялы.
**Шәмшет**—волость, сол елдиң волостнойы.
**Қәнигүл**—
**Гүлбийке**—Волостьтың ҳаяллары.
**Ымсын**—
**Әдил**—
**Мырзабек**—Мәтирзаның аўылласлары.
**Мәтеқе**—Волостьтың аўылынан.
**Оя́з**—Сол ўақыттың уезднойы.
**2—адам**—Полиция,] уездной қасында болады.
**Чайпурыш**
**Қараўыл**
**1—адам, 2—адам, 3—адам.**
**Тиленши ҳаял**
**Миша**—Қожанның жолдасы.

## ПЕРДЕ

1916-жыл. Бәҳәрдиң көркем ҳаўасы. Түслик-Шығыстан арқа-батысқа карап бир аққан бир дәрьяның



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойы, сийреклеў өскен таллардың арасынан шығып, шешек атып түрленип турған көк-жасыл тоғайлық. Майданнан қосық айтып Қожан келеди.

Саз „Адыңнан"

Ҳаўаның толқыны ҳаўазым кәниң,
Толқынлатып алып берсен не болды.
Мыңнан бир дәртимниң жағдайын-жөнин,
Алдыңда сүўретлеп берсең не болды.

Барып әдеп пенен аяғын өпип,
Таўсылмас дәртимнин даўасын таўып,
Бийрейим кеўлиме тухымын сеўип,
Муҳаббат гүллерин ексең не болды.

Дәргасына жетерликтей сесим жоқ,
Ҳәсиретимди ортакласар кисим жоқ,
Сеннен басқа сырласқандай досым жоқ,
Сол аўыр хызметти қылсаң не болды.

Кеселликте уйқы, күндиз арам жоқ.
Өртенбектен баска етер шарам жоқ,
Түнерген бир заман, рәўшан шырам жоқ,
Жол көрсетер сәўле болсаң не болды.

(Қожан кеткеннен кейин майданнан қосық айтып Бағдагүл келер).

Саз „Зарлы қыз"

Жылдан-жылға талдай бойым өседи,
Өскен сайын қайғы-ҳәсирет басады,
Бир тикен бар, қадалып тур жүректе,
Кем-кем зорлап, көкейимди кеседи.

Көз алдымда елеслеген сүўрет не?
Көзден жаслар төгилмеге себеп не?
Шадлық кетип, орнын тутып қайғыға,
Жас басымнан қыял не-де, гүлпет не?

Шашым қайым бестен таллап өрмеге,
Көзим тилер қәдди бойың көрмеге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўил бәрҳә тартар-турар елеслеп,
Бир қосылып, бәрҳә бирге жүрмеге.

Ықтиярым кем-кем кетип өзимнен,
Сарғылт дөнди, нуры тайып жүзимнен,
Гизнеп сақлап болар ма екен бул сырды,
Аңлып жүрген душпанлардан изимнен.

(Қулақ салып) Ҳаў, аяқ сести шығама? (аяқ ушы менен басып барып сығалап) Айтқаным келсин, биреў киятыр. Қожанға усаған. Сол Қожан. Мен кете берейин, кетсем де, тегин кетпейин, бир сынап көрейин.

БАҒДА—Ойлағаным дурыс болса, тимискенер, таўып алар, өзиниң пикирин ҳәм билдирер, өз жөнине кете берсе, мен сыр шашпайын, бул отқа бир өзим күйип-жанайын да, сап болайын. (бир қос орамал алып шөптиң арасына жасырады да, өзи шығады, бираздан соң Қожан келеди).

ҚОЖАН—(Жан-жаққа қарап) Аҳ сени, мениң Бағдагүлим усындай аўлақшылықта дуўшакер болмайдыаў, бола қойса, сөйлесип кеўилдегини айтып қумардан бир шықсам (төмен қарап из қуўады) ҳаў, бул жерге меннен де бөтен биреў келген бе? Бул кимнин изи? Астапыралла, бул Бағдагүлдиң изи ғой, буны мен таныйман. Бул из мениң қыялымның айналасында да бар. Сол, сол! (Изинен бир қысым топырақ алып)—Сағынғанда көзлериме сүртермен. (тағы из қуўады.) Мына-мына кәраларға да келипти! (из бенен барып жасырылған орамалды таўып алады, жүзине, көзине сыйпайды). Бул оның маған өз кеўлин билдирип қойып кеткен орамалы! Мениң қараңғы жолыма шырақ жағатуғын усы орамал!

Саз „Дейдим аман"

Буннан артық сағадат[1] не дүньяда,
Не мәрҳәмат, меҳрибанлық әльҳаббиз,
Сыр билдирип, пышақ қойып бул жайда,
Қайғыны алып, берип шадлық әльҳәббиз.

Бунда мениң шийрин жаным сақланар,
Жаҳан мүлким, малым-ашиям ақланар,

[1] Сағадат—бахыт.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғамгүн кеўил қайғы-ғамнан сапланар,
Сая салар абаданлық әльҳаббиз.

Болған едим бир ықрардын гадасы,
Шийрин жаным сол нышанның пидасы,
Жанға рәҳәт берер жәбир жапасы,
Сая салар абаданлық әльҳаббиз.

Өзи ғайып болып қалдырып изин,
Нышаннан аңлатып ўәдели сөзин,
Әрман сол-көрмеди мубарек жүзин,
Сая салар абаданлық әльҳаббиз.

Қайтармасы:

Жандық ярдың дағынан,
Айралықтың шоғынан,
Шәмен гүллер термедик,
Назлы ярдың бағынан.

ҚОЖАН—Мен кетейин, байдың буйырған хызметин питирейин... Қайтысын бир хабар алып өтермен. (Хожан шығар, шала түсинип тыңлап турған Бағдагүл келер. Орамал қойған жерин барлап-күле-шырай менен).

БАҒДАГУЛ—Ҳаў, таўып алған екен. (Қолында сыйыр саўған шелеги Нәзигүл келер).

НӘЗИГҮЛ—(Таңырқап аўзын бир сылып еткизип) Өйбей, адамай, сен нағып жүрсең, бир кула далада?

БАҒДА—(Өзин сергек тутып) Жүрген адам неғып жүреди екен, өзине соны айтса не қылар едиң?

НӘЗИГҮЛ—(Күлимсиреп) Мен бе, мен байдың отарына барып, сыйырларын саўып, гүбисин писип, айранын атлап, асқатықлық айран алып қайттым, деймен де қояман.

БАҒДА—Бизиң саўғандай сыйырымызда жоқ, кеўил алдаймыз дағы.

НӘЗИГҮЛ—Алдасаң алдай қойдағы, бирак қалай алдасаң да орын тутпайды.

БАҒДА—Қәйткенде орын тутады екен?

НӘЗИГҮЛ—Жасырып сырыңды маған айтсаң...

БАҒДА—Мениң сеннен жасырын сырым бар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

НӘЗИГҮЛ—Бар, мен билемен, көзлериң маған соны сөйлейди.

БАҒДА—Сөйлеген болса, айтып бериңиз.

НӘЗИГҮЛ—Айтқаным сол, сениң атың айтылса, оның бетлери қызарып, көзлери әлле-пәлле болады. Оның аты айтылса, сениң қырмызыдай дөнип турған еринлериңниң қаны қашып, көгис тартады. Бул сырды меннен жасырма, мен саған тилеклеспен.

БАҒДА—(Инанбастың илажын таппай) Ишге бир ҳәуир бар аў, кише жан.

НӘЗИГҮЛ—Ҳәуир болса, азғана айран қуйып берейиң, ишесең бе?

БАҒДА—Қырмаң бар ма еди өйтип?

НӘЗИГҮЛ—Бар (Шелектиң аўзындағы қаўсырылған қырманы алып қуйып) Ҳәзир ишесең бе ямаса усыкараға қойып кетейин бе?

БАҒДА—Сол жерге қоя ғой, өзим алarман.

НӘЗИГҮЛ—(Қырманы қойып) Жақсы, мен асқатықты алып барып берип, бир заманнан келермен. (Шығады, майданнан қосық айтып Қожан келер).

Саза „Айжанай"

ҚОЖАН—Қырғаўылдың қанаты ушса парлар,
Тилеп жулқып жем дейди алғыр суңқар,
Пигеў жара болыппан, ишим жалын.
Айтшы жаным кеўлимде не қыял бар.

БАҒДА—Сары көлдиң қамысы наў қарағай,
Наў қамыстың ормағы болмас оңай,
Келди ме екен ҳәл сорап сайма-сайым,
Көзим талды жолыңа қарай-қарай.

ҚОЖАН—Дәл бойыңа жарасар бешпент кийсең,
Бердим ақыл арыўым мени сүйсең,
Шийрин жанды жолыңа пай гигейин,
Кеўлим қосып сырласып қурбым десең.

БАҒДА—Сәуир түссе күн жақтан еседи жел,
Музлар ағып, суў тасып басады сел,
Айнымастай бир сөзге байланайық,
Ўәделессең, ҳаў қурбым, бермаған кел.



www.ziyouz.com kutubxonasi

(Мойнына қол салысар. Бағдагүл қырманы қолына алар)

БАҒДА—Дийқан билер егиннниң, жердиң исин,
Ақыл сора билгеннен, сен де түсин,
Мен жарпысын ишемен, ышқым сеўип,
Ишермисең қалғанын мениң ушын?

ҚОЖАН—(Қырманы қолына алып)

Жаңа келдим атыздан ҳарып жүрип,
Хош ийисли гүллерди көрип жүрип,
Бул ғой маған жан сууы-абы-ҳаят,
Зәҳәр берсең ишер ем палдай көрип.

ҚОЖАН—(Бөлисип ишип болған соң) булкәрада мениң узақ турыўым қәўипли. Биреў келер. Кешиге берсең, байдың азабы оннан да жаман, Пазыл Саятты таўып кел деп жиберип еди.

БАҒДА—Оны не қылады екен?

ҚОЖАН—Бурынғы жылы ашырқағанда бир баспағын көтерере алған екен. Соның ушын еки жыл ислеги. Ислегени байдың пайдасына есап болды ма, ене пулы мойнында тура береди. Соған енди пишен орғызажақ.

БАҒДА—Ой бийшара, еки жылдан берли Қанназар байдың есигинен шықпады. Қысы менен қамыс орып, не деген камысларды тасып берди, сонда да қутыла алмаған екендағы байғус.

ҚОЖАН—Қәйтесең, ақыры зорға кимниң шарасы бар, Жақсы онда, Бағдагүл. (Қушақласып қушағынан шыға бергенде) Бағдагүл, сен мениң бағдағы гүлимсең.

БАҒДА (Аўа, мен сениң гүлиңмен (Қосық айтады).

Саз „Мухаллес"

Бағда—Хош ҳаўаз муңлы сазы-тигиретпе салды жаныма,
Дәрт басыма йоқса сайрадың ба мениң жаныма,
Бир жылан ысқырды секирип қасты бардай қаныма,
Жәбир етип шайтан залым тиймекши намыс-арыма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам уғлы ҳәр сыпатта-бир-биринен айрылар,
Кимси газзап, кимси ақ қой, түрли-түрли қулқы бар,
Суўда сондай, қайсы шийрин, қайсы ашшы, талқы бар,
Мақсетим жетпек мениң нурлы күнниң таңына.

(Нәзигүл келер, Бағдагүл уялар, қызарар).

НӘЗИГҮЛ—Сен уяларсаң, мен сениң бетинди ашайын, сен Кожанды сүйесең, солай емес пе?

БАҒДАГУЛ—(Иркилип) Солай.

НӘЗИГҮЛ—Соның менен қосылмаға нийетиң барма?

БАҒДА—Аўа.

НӘЗИГҮЛ—Сениң исиң қыйын. Дос жылатып үйретеди деген. Саған ерте бастан түсиндирип қояйын. Шемшет болыс сени еки қатынның үстине алажақ қусайды.

БАҒДАГҮЛ—(Шоршып) Шәмшет болыс?

НӘЗИГҮЛ—Бурынағы жылы мени түсиргенде атам соннан 40 тилла карыз алып, сол пул пайдасы менен 60 тилла болып атамның тилинен хат алыпты, сонда Қалийла кандидат оның несин аласаң, десе малы болмаса қызы бар ғой деген екен. Усы жақын арада қызын сорайман, бермесе мениң пулымды бирим-бирим санайды деген. Болыстың сөзи дуп-дуп етеди.

БАҒДА—(Орамалы менен көзин сүртип) Ықтиярсыз алар ма екен. Сәмеке ағам еситти ме екен, ол не дер екен?

НӘЗИГҮЛ—Ағаң сени қыймас, бирақ әкең мал көрмеген маңлайы сор. Қарызын сораса, сениң айўайына қарамас.

БАҒДА—Оған ырза емеслигимизди айтып, ағамнан жәрдем сорасақ кәйтер екен.

НӘЗИГҮЛ—Макул, Өзиң айта ғой, айып болмас.

БАҒДА—Өйбей, адам ай—(бетин тартып) бетим шыдап неғып айтаман' Мени айтты деп ағама сен айтағойса, кишежан.

НӘЗИГҮЛ—Ондай болса сен қайта бер. Ағанда пишеннен қайтып киятырған шығар. Усы кәрадан өтеди ғой, мен бир заман байыркап аўлақта сөйлесейин. (Бағдагүл шығар, бир өзи қосық айтар).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саз „Бес перде“

Көзи жаслы муңлы нашар,
Ықтиярсыз аҳ шегерсең,
Өз басына ерк сорап,
Көзден канлы жас төгерсен,

Мүмкинбе екен ҳақты сораў,
Биреў шашым, биреў дар-аў,
Жез буйданды услап биреў,
Басса ерксиз шөгерсең.

Жетпис аламан ҳәм ҳаят,
Кайта көресең қыянет,
Болсада қәддин тик, саламат,
Кайғың көп болса бүгерсең.

(Сәмеке келер)

СӘМЕКЕ—(Таңыркап қарап) Нағып жүрсең мезтилсиз?

НӘЗИГҮЛ—Аўлақта айт деген биреўдиң сөзи бар.

СӘМЕКЕ—Ким ол, не гәп бар, айта бер.

НӘЗИГҮЛ—Бийкештиң саған айт деген арзы бар.

СӘМЕКЕ—Хош-хош, айта бер, не арзы бар?

НӘЗИГҮЛ—Хошы сол, Шәмшет болыстың зулымынан куткарыўды қарындасың сеннен өтинип тилейди.

СӘМЕКЕ—(Көзи алақланып) Болыстың неси бар онда?

НӘЗИГҮЛ—Бийкешти еки қатынның үстине алажақ кусайды.

СӘМЕКЕ—Оған ким береди екен?

НӘЗИГҮЛ—Ҳешким бермейди, кемтарлық мәжбүр қылмаса.

СӘМЕКЕ—Аш болсақ жөнимизге ашбыз. Аш болған адам гүлдей қарындасын бир ғаррыға берип жылата ма екен? Болыслығына қызамыз ба оның?

НӘЗИГҮЛ—Бурнағы жылы мени түсиргенде ел кәтқудалары коймай той қылдырды, атам сонда болыстан 40 тилла қарыз алған екен ғой. Сол пул пайдасы менен 60 тилла болып атамның тилинен хат алып-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ты. Соны бирим-бирим санап бер, емесе үстине мал алып кызынды бер дейтуғын кусайды:

СӘМЕКЕ—Ҳаў... атаң десе атаң дермен, ҳақым бар десе не дермен деген усы ма? Баска илажы табылмас па екен?

НӘЗИГҮЛ—Шарасы сол, менин кийим кеншеклерим менен асынған-тағынғанларымның бәрин, кыздың да кийимлерин сатсаң, кысқы быламык болар деп койған еки мың баў пишенинди де сатып берсен, бир тамак болса көрер едик дағы.

СӘМЕКЕ—Олар жете койса-жан дер едиң-аў. Сатарман болған жарлының ўәжин жары пулына алмайтуғын әдети бар аў.

НӘЗИГҮЛ—Мен төркинлеп барсам—ағамның өгиз кыламан деп койғаң бир кунаншығары бар еди. Соны бермес пе екен?

СӘМЕКЕ—Хош, бир кунаншығар көп болса еки тилла. Ол дәрьяға такан шайғандай болар ма екен? Ендиги сөзди жүре сөйлесермиз, мен күтә ҳарып киятырман (кетип баратырып) ҳә кем—тарлығы түссин-ә! (Олар шығар, бираздан соң Шәмшет болыс келер).

ШӘМШЕТ—(Кайырылып карап) Бул журтка исиң түссе болажакғы сол. Әллекашан еди шакыртып жибергеним, еле келген жок, оның жағдайына карап жүрген Мәтекени айтаман аў. (Ымсын келер, тәжим кылар). Аманбысаң? (тағы тәжим).

ШӘМШЕТ—(дегишип) картайғанда усындай кылықларың бар, кыз екенинде кандай болдың екен?

ЫМСЫН—(Күлип) Бир журттың ҳәкими ҳәм байы шакырады деген соң апаланлап келисимиз усы.

ШӘМШЕТ—(Басын ырғап) Жолы болар жигиттиң женгеси шығар алдынан,—деген екен.

ЫМСЫН—Өйтип не ғәрезиң бар сенин, төрт жағын бирдей кубла.

БОЛЫС—Матирзаның кызын аўлакта ушырастыр. Сени пашшайы менен көмемен.

ЫМСЫН—Мениң дегениме жүрмейди ол кыз.

БОЛЫС—Сен олай деме (койнынан бүклеўли шыт алып береди) ҳәзир мынаны көйлек етип кийе тур, изин толтырарман.

ЫМСЫН—(Тәжим берип алып) Дегенди кылмас, жаман сөзли кыз.

БОЛЫС—Сен алдынан бир өт, болмастай болса



www.ziyouz.com kutubxonasi

байлықтың епкинин, болыслықтың пәти менен мурынға суққандай қылып алармыз.

ЫМСЫН—Ол гәпиң дурыс-аў, көмекши де болса.

БОЛЫС—Ондай болса, ол қызды ким қолға түсирип береди?

ЫМСЫН—Арзы мураптың иниси Әдил не? Өзиниң ебиде бар. Қызлар ырая сақлайды, сол бирнәрсе қылмас па?

БОЛЫС—Ондай болса сен ҳәзир усыманға оны шақырып кел. (Ымсын шығар. Болыс теңселип) Аты Бағдагүл дейди, бағдағы гүл ҳәм онындай бола алмас. Сын-сымбат, бет-ажар дегениң болса бола береди екен. Адам жутып ғана жибергендей, кеўлиме бир орнады, ғаррылықтың алдында ҳәмел менен байлықтың арқасында соны алып дүньяда әрмансыз болажақпан (ғыжымырланып) ҳо-ҳо, адамлар-саған бермес, қыз да тиймес дейди, қыз тәңириси мал деген, қызда не ықтияр бар, Неге бермейди, аўа бермес, таўға жаңбас салсам, аўдарып урғандай болыслықтың күши менде бар. Қарсыма шыққан 4—5 адамның төслигин жайып турып, тонын берсем, қарманбай алатуғын байлық менде бар. Неге бермесин, неге пайдасын билмесин. Мен ғой бул күнде мәўиж урып турған дәрьяман, қанша алсаң алдың екен демес, кемимек дәстүр емес, былайынша айтқанда мен ғой қыдыр дарыған ғәзийнемен. Мениң ығымды шалып, дегенимди қылған адам ғана күн көре алады, мурадына жәте алады, ғәрипшиликти умытады. Ҳә-ҳә... қарсыласқан, дегениме жүрмеген адам не қылады, ол-ма, ол, оның үстинен дәрьяның дегиши қарайды, қарап болады. Қарап болғаны менен қарап қалмайды, жарық дүнья көзине тастай қараңғы болады. Соны қылмақ мынаў дәкең пақырдың қолынан келеди (Әдил менен Ымсын кирер. Әдил сәлем берер).

БОЛЫС—(Аманлық сорасып, ийнинен тартып) Мен Бағдагүл сулыўды алажақпан, соған сениң қандай ғайратың бар?

ӘДИЛ—Ол күтә бир аўыр хызмет екен, болыс аға.

ЫМСЫН—Ой әдира қалғай, усыннан артық кимге тийеди ол ширкин, неси бар бунын?

БОЛЫС—Ҳай-ҳай, белдеўсиз үйдиң тутыўындай қолпылдаған заңғар. Бермаған қара. Ықбалым ислеп турғанда маған жағымпазлық еткен адамның кесеўи көгереди. Бир ийек силтеп жиберсем, өмиринше алып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қала алмайсаң, шебине шықсам туғянсыз жиберемен. Бул күнде мени жолбарыс десе болады, бир пәнжем менен мойын омыртқаңның гүл-опатын шығарайын ба? Пайданды қылсам, сен ақыр.

ӘДИЛ—Пайдамызды қылайық болыс аға, пайдамыз қайсы?

БОЛЫС—Аўа десең—ҳәзирден 10 тилла санап беремен, болмаса, урысқа мәрдикарға адам айдатқанымызды көрип турмысаң? Сонын бирисең, хат басындағы адамсаң, әне соннан қалдыраман.

ЫМСЫН—Беў, бала, кудайың жарылқап қалды, жақсы дей ғой.

ӘДИЛ—Теңгенниң өзи билсин, жаңағы мәрдикар деген сөзиң ырас, бир тәўекел көрейик.

БОЛЫС—(Ымсынға басын шайқап) Пайдасын билмейтуғын усайды бул, ҳаў қолпылдақ, ҳәзир ҳәр белдарға 500 манат созып турған адам көп екен. Неде болса аўзымнан бир шықты. Бағдагүл жанның садағасы болсын, қалдырдым сени мәрдикардан.

ЫМСЫН—Беў, бала, бүгин оң жағыңнан жатып турған екенсең.

БОЛЫС—Қашан питкересең?

ӘДИЛ—Мәрдикар жөнелип кетсин.

БОЛЫС—Пай бәле, пухта бол, күтә пухта бол. Жақсы-жақсы, ол да бола қойсын. Онда бүгин бир аўлақта ушырастыр.

ӘДИЛ—Ол қыз-болыс аға, көре-биле сениң қасыңа өлмей келмейди, мениң дегенимди қылсаң, араға киси сал, малға қызықтыр. Мәмлешилик пенен ал, болмастай болса бир әмелин таўып артыңа мингестирермен.

БОЛЫС—Көп, жақсы, алып кел қолыңды (қоллашар) Сөз саламан, мал қызғанбайман, енди меннен өлмей жаздырады екен деме, ўәде сол.

ӘДИЛ—Ал биз қайтамыз. (болыс, Ымсын шығар).

ӘДИЛ—(шаңлы етегин қағып) Ҳәй әттегене-гене, мине әдиллик, мине ел бийлеген басшылардың жағдайы. Жасы 60 қа келгенде кеўли әнжир күсеген. Ал дегенин етпей көриң қәне, үстиңе жасыл түссин! Ҳей бийшара Хожан ай, усы қыз деп зар қағатуғын еди.

перде түседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПЕРДЕ

Матирзаның үйи. Үйдиң төсеги шыпта болып, қазан аяқ бетте және сапаяқ, оның үстинде шобыт көрпе, жыртық төсек, кийиз усаған нәрселер. Қаршынның үстинде жыйыўлы, оның қапталында бир тәрепте жатқан қазан-табақ, оң жапсардағы ағаш сандықтың үстинен қаршын, оның үстинде төмен баҳалы төсек, кийиз бенен көп тозбаған көрпе, бул үйге соңғы жылларда келиншек түскенин билдирип турар. Төрде Матирза менен Аймереке бир-биреўи менен бурыннан сөйлесип отырған түрде болар.

Перде ашылады.

АЙМЕРЕКЕ—Кемлиги түссин, үлпеншектей баланы бир ғаррыға берип (Ырзабек кирер).

ЫРЗАБЕК—Ҳаў маңлайы курған сениң, өзиңниң кешки ишетуғын тамағың қайғы, соннан келген жигит сайламақпысаң? Қолыңнан не келеди? Тири балықтың кеспеси қазанға түскеннен соң туўлаған менен не шығады. Сениң соннан артық жериң қайсы?

МАТИРЗА—Мен сениң сөзиңди тыңлап отырман, түсинип турман. Бирақ өзинде аңлап отырған шығарсаң. (Әдил келер. Сөзден шеттеги адамлар ҳәрекет пенен болысқа дәрек биреў тәрепин тутар).

ӘДИЛ—(Ырзабек пенен көрисип отырып) Кеңес бириксин.

ЫРЗАБЕК—Келисе қойсын, десек, мына иси қайтқан катын—деп баланың сөзине ерип мойнын ишине тарта береди. Жарлының кеўли қурт күсейди, үйинде аскатығы жоқ дегендей.

ӘДИЛ—Бере қойың, питире қойың. Дәўлетли адамның зыяны тиймес, кем тарлықтан қутыларсаң.

МАТИРЗА—Бала-шағаның жылағанын айтсаңа, кем-тарлыққа қашаннан қайыл болған адамбыз ғой.

ЫРЗАБЕК—Ҳаў иси қайтқан, саған енди төтелемесе болмады ғой. Болысқа тил хатлы 60 тилла қарызың бар. Соны ҳәзир бирим-бирим сана десе, не дейсең?

МАТИРЗА—Мениң еки қолым бир төбем, мениң ҳеш илажым болмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ӘДИЛ—Ондай болса сөздиң мазасын қашыра бергенше жақсы дей қойсаңыз болмай ма?

МАТИРЗА—Мен соны қыла қояйын десем, үйдиң иши болмай отырғаны.

АЙМЕРЕКЕ—Өйбей адамай, мынаў қалай-қалай еди, гөне тамдай жаңғырып, ҳә десе ҳә, мә десе мә, дей бересең ғой.

МАТИРЗА—Енди не қыламыз?

АЙМЕРЕКЕ—Болыс пулын сораса, қызыңның, келинниң кийим-кеншегин, асынған-тағынғанын бәрин сат. Жетпестей болса Сәмекежан Қанназар байға 2000 баў пишен береди, соннан қалған 15 тилласы бар, оны да алып бер. Бир тамақ болса көрермиз. Ол да жетпестей болса, Сәмеке жанды биреўге дийхан тутып бер. Еки-үш жыл жүрсе де, еркек бала, үйренискен аўыр хызмети, саў болса ислеп шығар.

. ЫРЗАБЕК—ҳә, еле сизлер алўаны да санап жүрипсиз. Сизиң усласқан адамыңыз ким? Шәмшет болыс деген ол. Бул айтқанларыңыз бүрикпеге де болмайды.

МАТИРЗА—Арзан-арзан кесип есап етип көриң, қәне, қайтер екен?

ӘДИЛ—Сәмекеге еки жылға 40 тилла берер. Ал биз арзан кесейик. Отыз тиллаға қойың. Соған нақ 15 тилла қоссақ 45 тилла болады. Енди қалған 15 тилласына не бересең?

АЙМЕРЕКЕ—Кийилмеген еки жаңа орысы жип түрме, алты сақа түйме, он алты шығақ, ол жетпестей болса, келинниң төркинлеген қәдесине бир қунан шығар атаған екен, соны да қосың.

ӘДИЛ—Онда мол-молақай болып жетип қалады.

ЫРЗАБЕК—Аўызларын аўыртып сөйлесип отырғанларына қараң булардың. Болыстың нәзери қыз алмақ, мал өзинде де көп.

ӘДИЛ—Ондай болса сиз болыс пенен табан тиресип шығыса алмассыз. Қызды бере қойың, Қалыңын сөйлесе қойын. Қәне, Ырзабек барыңды айт. Алдына не салып келдиң?

ЫРЗАБЕК—Тек беремен десе, малдан кеўлин табамыз ғой.

МАТИРЗА—Аўа, қәне?

ЫРЗАБЕК—Алпыс тилланың тил хатын жырға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыз. Ол қалсын. Тағы аяғынан басқан елиў туўардың малын байлаймыз.

МАТИРЗА—Ол не болады?

ЫРЗАБЕК—Ол ма, ол аяғынан басқан жети мал болады. Соның бесеўи бузаўлы сыйыр, екеўи нәҳән саңлақы өгиз болады.

ӘДИЛ—Бәрекелле, әне бир күнде байыў деген. Болысгың атасы болған соң журт қәдирлеп сәлем береди, мереке-мәжилисте төрге шығарады, бас табақ сениң алдыңа қойылады.

МАТИРЗА—Көп жақсы, Семеке (мунайып қалады) соған қалыңнан тысқары бир жақсы ат ҳәм бересең.

ӘДИЛ—(Ырзабекке) Буны сен өз мойныңа ала ғой.

ЫРЗАБЕК—(Ойланып) Көп жақсы. Буны өз мойныма алайын, енди жумыстың питкени ғой, нан сындырайық. (Нан жесип Ырзабек, Әдил шығады).

МАТИРЗА—Шабазым, берманырақ кел.

АЙМЕРЕКЕ—Ал маған неғыл дейсең?

МАТИРЗА—Жаңағылар болса қызды сорап келген екен, үйдиң ишине ойласпай, кеңеспей берип жибердим, оған неғыл дейсең?

АЙМЕРЕКЕ—(Шаңқылдап) Сен өз билгениңе жүрген адамсаң ғой. Анаў өзиңе теңелген балаға кеңеспей, ойласпай не қылғаның?

МАТИРЗА—(Қатты) Бала нени биледи?

АЙМЕРЕКЕ—Өзиңе теңелген бала нени билмейди?

МАТИРЗА—Мениң қарызымды бала бере ме? Ҳә, атаңа нәлет, өзимди сатып берейин бе?

АЙМЕРЕКЕ—Ҳә, қарызыңның астында қалғыр, сени сатып беремиз сени.

МАТИРЗА—Ҳә, атаңа нәлет, (бара жабысып урады) бермейсең бе.

АЙМЕРЕКЕ—Мен қызымды өлсемде ғарры шалға бермеймен.—(Арада бираз шаўқым урыс болады. Дәрриў есиктен Сәмеке жуўырып келип, екеўин айырып).

СӘМЕКЕ—Ҳә маңлайы қурғанлар, өлейин деп отырып урыс таўып (орағын қыстырып жатып) оңай жердеги пишенлер сайылды, енди қалың қопалықтың арасынан жуўан саннан ылай кешип жүрип орасаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

АЙМЕРЕКЕ—Сен қыйналсаң, бизлер де оныв отырғанымыз жоқ.

СӘМЕКЕ—Айтпақшы сенлер сүмирейип отырып, не урыс тауып отырсызлар?

АЙМЕРЕКЕ—Қарындасынды күйеўге берейик деп отырмыз.

СӘМЕКЕ—Кимге?

АЙМЕРЕКЕ—Шәмшет болысқа.

СӘМЕКЕ—Ҳә, Шәмшет болыстың сақалы елекшиге түссин, журт жылатқан мақаўға қыз береди деген не?

МАТИРЗА—Ҳей, ҳей, сен, сөз тынла.

СӘМЕКЕ—Не ой-пайы бар оның, көп болса мал беретуғын шығар, сол ма ой-пайын,

МАТИРЗА—Жигитлер ылақ ойнағанда сениң жаяўлығың ядыма түсип, көк бедеў атын беретуғын болғаннан соң мен бир ҳаўа деп салдым.

СӘМЕКЕ—Ҳе, беретуғын аты Шәмшет болыстын ысқатына жарасын, тауықсыз да атқан таңым.

МАТИРЗА—60 тилла қарызымыз бар, соны нақ сана десе, не деймиз?

СӘМЕКЕ—Ҳаў...(ойланып) ай усы үйде пулға жүргендей ўәж болса, бәрин сат, Нәзигүлди төркинлет, Байназар тийекли адам қыдырып жүрипти, соған мени дийкан тутып бер. Елдиң ортасында аштан өлмессиз.

МАТИРЗА—Қылмайда-аў, қылмайды-аў, сорлы басыма қылмайды.

СӘМЕКЕ—Апа аў, ҳәзир нан-пан қатырып қой, мен мына аўылларға барып қайтайын.

МАТИРЗА—Мен де сол аўылларға барып қайтпасам.

АЙМЕРЕКЕ—Мынаў аўыллардың дигирманына барып келейинши. Жаңағы сорлы бала да аш болып келди. (Ҳәммеси де шығады, Бағдагүл қосық айтып сахнаға шығар, Қожан далада турып гезек-гезек айтысар).

Саз „Аҳ назлы яр“

БАҒДА—Ата нәзер салмас жастың жайына,
Оған муңлы қыздан тайын мал жақсы,
Өмир саўдасына, жаслык кеўлине,
От қойса ҳәм еркин өткен ҳал жақсы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ХОР—..„Ах!. назлы яр от койса ҳәм еркин өткен ҳал жақсы", ҳәр куплеттен соң усындай етип сол куплет қосықтың аяғындағы бир қатарды қосықшылар хор етип айтар).

ҚОЖАН—Замана унтадың, ездиң бауырымды,
Қумар, көзден төккен жасқа не дермен,
Күн-күннен арттырып жәбир-зулымынды,
Еңиреп шыққан бул налышқа не дермен.
БАҒДА—Мал сауылып каймақ болса ерте-кеш,
Қатықта май нәупир болса теп-тегис,
Сен отқа түс, өртен, оған гәп емес,
Татлы қаймақ керек оған пал жақсы.
ҚОЖАН—Гүлдей өңип ашылмастан қорланған,
Қорлық көрип, намыс кетип зорланған,
Тағдирине ырза болмай зарланған,
Муңланып толғаған сеске не дермен.
БАҒДА—Бойым өсти урықлының талындай,
Қол шыдатпас, демим отлы жалындай,
Саудаласып базар салған малындай,
Мен солайын, сен дүньяда қал жақсы.
ҚОЖАН—Өзим себеп болып әдеп ис қылмай,
Шама келмей сасып жөнин таба алмай,
Қара күштен ҳақыйқат жөн ала алмай,
Ийрим төрткан сум дегиске не дермен.
БАҒДА—Ағам болмаспа екен дәртиме дәрман,
Ол жәрдем етпесе, бул дүнья зиндан,
Шәмшет жалаққа тоқал болғаннан,
Жердиң асты абзал маған, сол жақсы.

перде түседи.

## 3—ПЕРДЕ

Болыстың қосалқа отау үйи. Қарақалпақ тугыулары менен зийнетленген. Төрге гилем, оң жапсарға гүлли текимет, сол жапсарда қоңыр кийиз төселген. Бир аршаның үстинде таза көрпе, дастықлар, алақшынның ишинде бир мыс қуман, бир Хийуа самовары тур ҳәм бир карнайлы шылым, перде ашылған уақтында адам жоқ. Есиктиң аузында болыс пенен уездиң дауысы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

перде ашылады.

БОЛЫС—Бизиң үйге мәрҳамат қылыңыз, тақсыр. Биз болсақ өзиңиздиң көгерткен нәлиңиз, жаңа келиүйиңиз емес, кириң-кирин, тақсыр!

УЕЗД—Жарайды-жарайды, биздики қонақ болады саған (киреди).

БОЛЫС—(Иргедеги курсини көрсетип). Отырың тақсыр. Бурынғы келгениңизде жерде отыраман деп шалбарыңызды жыртып, мен күтә уялып қалып едим, соған еки курси ҳәм алып қойдым тақсыр, сизди ҳәз етип отырсын деп.

УЕЗД—Жарайды-жарайды, болыс (—отырып) ҳә... мәрдикар айлады-ма сеники?

БОЛЫС—Сиз Таллық болысындағы елден жети үйден бир белдардан еки жүз елиў белдар шығарсын деп буйрық жазған екенсиз. Аўзына сөзи жеткен адамды жети үйден, былайырағын 3—4 үйден, сөзин таўып айталмайтуғынларды жарнақсыз бир үйден қылып, 542 адамды таңлап мылтыққа жам қыстырғандай етип қойыппан, тақсыр. Пайда тапқанымыз мақул емес пе, тақсыр?

УЕЗД—Ай-ай болыс, сеники ақыл кең, енди соларды айдасаңшы.

БОЛЫС—(Ырзабекке) сен анаманда отыр. Бул елдиң адамы сениң алақаныңда, ҳәммениң жағдайын билесең, сен ириклеп беребер, бизлер хатлап ала берейик. (Уезд келгенлерге қырынырақ отырып қарар).

ЫРЗАБЕК—Нан бар.

АДАМ—Сениң менен 600 манатқа келисип едик, 500 манаты мынаў, қалғанын кешке тапсыраман.

ЫРЗАБЕК—Кешке бизиң үйге апарып бер, болыс аға, бул көп болады иш аўырыў болғанына, иске жарамайды, қалсын, болыс аға.

БОЛЫС—Кете берсин (тырысқан биреў келер).

УЕЗД—Болысқа айт.

АРЫҚ—Болыс аға, арзым бар.

БОЛЫС—(Қатты) Ырзабекке айт.

АРЫҚ—Ырзабек аға, арзым бар.

ЫРЗАБЕК—Қәне, айт.

АРЫҚ—Еки көзи соқыр 70 жасар кемпирим бар, еки нәресте балам бар, қулағымнан басқа қарам жоқ, мен де мәрдикарға бараман ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

ЫРЗАБЕК—Сен барма, басқа бармасын, енди ким барады, тур шық, ҳә атаңа нәлет! (Урып шығарып жиберер. Жаңағы тәртип пенен ала берер, пул бергени кутылын, пул бермегенин айдап хатлап алып турар. Усындай етип бирнеше адамларды айдар. Ырзабек алған пулын болысқа тапсырар. Ырзабек шығып кетер. Болыс уездиң қолына қыстырар).

УЕЗД—(Қалтасына салып болысқа) кисиге айтса, жаман болады, болыслықтан қалдырады, абайла.

БОЛЫС—Уезд өлгеннен берли бул журтта аўзын ашатуғын адам калған жоқ.

УЕЗД—Өзи алмайма?

БОЛЫС—Сиз саў болсаңыз, маған дүнья көп, сиз ала бериң дағы, мениң бир жумысым бар, тақсыр. Соны питкерсеңиз, көп дүнья бергендей болар еди, тақсыр.

УЕЗД—Айтсаңшы, бизики питкереди ғой.

БОЛЫС—Сизиң дәўлетиңизде ғаррылықта бир үйленейин деп едим, тақсыр.

УЕЗД—Таллықта қыз көп, волостьта мал көп, жас қатын аларға керек.

БОЛЫС—Сизден жәрдем болса, ҳәзир той қыларман, тақсыр.

УЕЗД—Жақсы-жақсы.

БОЛЫС—Бизиң аламан деп жүрген қызды Қожан деген бир баслы жалатай адам сөз берип, қуйрық туттырмай жүрипти.

УЕЗД—Ҳа... ә....Ол аңсат ғой.

БОЛЫС—Қуллық, тақсыр.

УЕЗД—Ол айткан адамды мәрдикар айдап жибереди, бизге барса, бир арыз тынламайды.

БОЛЫС—Қуллық тақсыр, қыздын әкеси бережақ, бир ағасы бар, ол да күтә шарым салды.

УЕЗД—Оны бизге жиберсе, ойға салып коямыз, жаманлықты қоймаса, тоже мәрдикар айдап жибереди.

БОЛЫС—Қуллық тақсыр.

УЕЗД—Биздики еки полиция бар ғой, соны бизге тапсырады. Саған жаман қараған адам болса айдайды, урады, бәрин қыйнай береди. Сеники буйырады (Ырзабекке) соларды мында шақырсаңшы (Ырзабек шақырар, олар келер, честь берер).

УЕЗД—(Полицейскийлерге) сенлерди болысқа тапсырады, болыс не буйырады, сиздики барлығын қыла



www.ziyouz.com kutubxonasi

береди (честь берер) бара койың (шығады). Болыс басқа хызмет жоқ.

БОЛЫС—Жоқ-жоқ, тақсыр. Мына капталда бизиң үлкен үйимиз бар, сонда тамақ писип, чай демленип турыпты. Сонда барайық. Тамакланып болған соң атланып сары тон, қызыл аяктын белдарын алып айдап, кешке жел қарағанда келип болармыз, таксыр. Әмел, дүнья қолда турмаса, мал тапқаның ҳәм мақул болар.

УЕЗД—Жарайды-жарайды. Хан болыс, сеники басында өкилиң көппе? (Булар шығар).

перде түседи

## 4—ПЕРДЕ

Арна, питик болмаған егинлик. Кожан салма қазып турар. Саға қазып турған Кожан қосық айтар.

Саз „ДАД ӘЛИҢНЕН“

ҚОЖАН—Жеккеликте яр сағынып,
Аҳым көкке асыраман.
Тағдирден зарлап сағынып,
Ышқым менен есиремен.

Адаскан бир қуў кусайман,
Жеккеликтен көп ақсайман,
Гә жылайман, зар қақсайман,
Гә кеўлим ди өсиремен.

Бир тилек бар туўса күним,
Жарық еттирсе қара түним,
Дуўшар болса Бағдагүлим,
Аяғына бас ураман.

Кәўип етип азған заманнан,
Кутқармас деймен зинданнан,
Кешип бүгин шийрин жаннан,
Қол силтеймен, дәс ураман.

Кыял менен улпетленип,
Ҳәз табаман ләззетленип,
Ярды ойлап ғайратланып,
Асқар таўды көширемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Денем ғайрат, белде қуўат,
Қуйып бириктерген полат,
Сырласым жоқ ҳәм қол-қанат,
Кеўил алдап нас ураман.

(Сәмеке кирер).

СӘМЕКЕ—Ассалаўма алейкум, ҳарма Қожан!

ҚОЖАН—Уәлийким ассалам, бар бол, Сәмеке аға, жолың болсын, азан менен қаяққа барайын деп шықтың?

СӘМЕКЕ—Пишенге барайын деп шығып едим, сениң шыңғырып қосық айтқан ҳаўазыңды тыңлай-тыңлай келип қалдым.

ҚОЖАН—Қанасына сыймай баратырған кеўилди босатпақ ушын тоғайды басымызға көтерип атырмыз.

СӘМЕКЕ—Қосығының ишинде „сырласым жоқ, қол-қанатым жоқ" деп зарланасаң, биз ҳәм қол-қанаттан жарып отырғанымыз жоқ. Екеўимиз қосылып бир-биреўимизге сырлас, қол-қанат болсақ қәйтер екен.

ҚОЖАН—Сиз билесиз, аға, аўа десеңиз сиз жас уллы болып, биз жасы киши болайық.

СӘМЕКЕ—Қәне, Қожан, қол-қанат излегендеги сениң мақсетиң не? Соны айт, соған жетпеге талаплانайық.

ҚОЖАН — Мениң басқа мақсетим жоқ, мениң тилегим сизиң саўлығыңыз.

СӘМЕКЕ — Сен айтпайсаң да, сениң сөзиңди ҳәм қосығыңды тыңладым, түсиндим. Саўлық болса бир шарасы болар, мен пишенге баратыр едим, жақсы онда иним.

ҚОЖАН — Жақсы аға, усындай қол бос ўақта келип тур, биз болсақ, байдың хызметинен шыға алмаймыз,

(СӘМЕКЕ кетер, Қанназар бай келер)

ҚАННАЗАР — (Қамшысын үйирип салма жағалап) Бүгин саған бир бәле болған шығар, сирә исиң өнбейди, азаннан бермаған қазған жериң тырнақтай жер.

ҚОЖАН — (Маңлай терин қолы менен сүртип) Ҳайяр адамнан усындай тер шығарма, бай аға?

ҚАННАЗАР — (Бууырқанып жүрип) Дийхан тутсаң ҳәр жылда биреўин тазалап тут, жылынан асса сырыңды алып, ўәжлеспеге қарайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚОЖАН — Не жазығымыз бар, бай аға, ала бурқанымыз шығып ислеп атырмыз ғой.

БАЙ — Салманын ултанына қайыр теуип, егин болса суўдан қалды, айда-ҳай бола қоярма екен десе, сениң пәс әдетиң тутып мияўлайсаң да турасаң.

ҚОЖАН — Бул салма озалда 15 адамның салмасы еди. 15 белдар болып қазыў қазатуғын еди, жерлердиң ҳәммеси сизге өткеннен бермаған бир өзим қазаман. Бүгинги қазылған жер сизге аз көринип турған шығар, болмаса... (2 полицейский келер).

ПОЛИЦЕЙСКИЙ — Бул кәрада Кожан Қосназар улы деген барма?

БАЙ — Атасының атын билмеймендағы, мына жигиттиң аты Қожан, шырағым.

ПОЛИЦИЯ — (Қожанға) Сол адам сен бе, неге үндемейсең?

ҚОЖАН — Оны не қыласаң?

ПОЛИЦИЯ — Не қылатуғынымды неге сорайсаң, айда былай! (Байға)
Соның өзи шығар усы?

БАЙ — Егинимиз суўдан қалып, бүгин бир салма қаздырып атыр едик бул керек болса қолыңыздан алатуғын адам жок, бирақ биз мәпимизден қаламыздағы, „бермеймиз„ деп не қыламыз?

ПОЛИЦИЯ — Бул мәрдикарға баратуғын адам екен. Сроги өтип кетипти, ҳәзир буны биз айдап алып кетемиз.

БАЙ — „Патшадан әмир болса пухараға не турыс„ деген бар ғой, Қожан.

ПОЛИЦИЯ — (Зәребесин үйирип) Шык ултаннан, түс алдыма.

ҚОЖАН — (Қолындағы белин атып урып) Бунда мениң бағ ҳәремим қалып баратырған жоқ. Қайда барсам да еки қолыма бир хызмет. (байға) Сизге хызмет еткенимизге мине быйыл 8 жыл болады, еле ҳақы алғанымыз жоқ. Соны бериң, расход қылайық.

БАЙ — Усы ўақта не, пул қайда оған, қайтып келгеннен соң аласандағы.

ПОЛИЦИЯ — Аўзына қара бунын, несийе ендирип жүретуғын ўақыт па, қырманды алып болғаннан соң ала сандағы, (полицейскийлер қашар, қуўып сахнадан шығар Бағдагүл қосық айтып келер.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саз "Бозатаў"

Өр тенген жүрекке салып жарахат,
Таўдай аўыр ғамлар түсти заманнан,
Бийрейим зулымлар қылып әдаўат,
Парланған шырағым өшти заманнан,

Ғам ләшкери қоршап әтирапым алып
Тақат қыла алмастай күнлерге салып,
Сәўдигим залымның бендеси болып,
Әрман менен журттан асты заманнан.

Ол еди жигиттиң сыртланы — шери,
Қайнаған бир ғайрат мийнеттиң ери,
Қара күш басартпай қурып димары,
Есил ерге ис шатасты заманнан.

Балық суўдан шықса не болар ҳалы,
Бир заман туўлар да ҳәм кетер жаны,
Жастың турмысына берип заўалы,
Айралықтың жели ести заманнан.

Мен бир балық едим, ажырастым суўдан,
Жастан қутыла алмадым ғаўғадан, даўдан,
Залым шаққан шақпақ тутанған қуўдан,
Сийнемизге от тутасты заманнан.

Отқа берип мурадының қырманын,
Шөлге берип дәўран сүрген майданын,
Шөлге берип сүйген ярын дилдарын,
Арзыў-әрман менен кешти заманнан.

(БАҒДАГҮЛ ақырын шығып кетер. Қожан шыққан есиктен шығар).

СӘМЕКЕ — Ҳеш болмаса қошласып қалсам болар еди. (Асығып шығып кетер, Қожан алда-далба қашып сахнаға кирип қосық айтар).

Саз "Әзизим"

ҚОЖАН — Әй сәўдигим Бағдагүл бүлбил ушты бағыңнан,
Бүлбил емес, гүбелек айра түсти дағыңнан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баўрым күлге айланды жаңа-жаңа шоғыңнан,
Қара күштен басылдық, қолда дәрман жоғынан,

Қошласпаға пурсат жоқ, зулым сели дүбеп тур,
Бир көрмеге жүзиңди, ол жолына қарап тур,
Берген ўәдең шын болса, үш жыл мени күтип тур,
Аман бәрып саў келсем, гүл теремен бағыңнан.

Шарап ишип антласқан, сол ўәдеңе ўапа қыл,
Үмиг үзбе, келемен, хошласқаным, аман бол,
Көрискенше хош жақсы, хошласайық дилдарым,
Аман барып, саў келип гүл терермиз бағыңнан.

(ҚОЖАН соңғы қосықты айтқанда полицейскийлер келип услап алып кетер, бираз паўза, болыс пененҚанназар бай келеди).

БАЙ — (Есикте) Қойдың аркасы қышыса, шопанның таяғына сүйкенеди деген-аў болыс аға, Қожанды айтаман-аў заңғар сениң, пай сазасын тартты дағы.

БОЛЫС — Мен баяғыда айтпадым ба, шебиме шыққан адамның гүл опатын шығараман деп, оңайын деген адам маған тийсин, қалай бармысаң, көкеңниң кәраматынан(күлимсиреп мардыйып) ылашығына карға қонғандай қылғаным жоқ па? (Орақтан қайтқан Сәмеке көринер). Ҳәй бәле, берман кел, бул да бир қыңырлаўын қоймаса мениң тарпыўыма ушырайды аў. (Сәмекеге ол жақынлап) Қошшым, саған бир гәп бар. Қожанды мәрдикарға айдатқанымыздан хабарың бар шығар, ояз сени де қосып айда деп еди, мен араға түсип, қайнағам еди дегеннен соң қалдырды. Бул сөзди маған айтпақ уят болса да, басқа жөни қалмады. Сәке, сен ырасыңды айт, қарындасыңды маған бересеңбе жоқ па?

СӘМЕКЕ — Буны маған айтқаныңыз дымнан уят, болыс аға, алдап суўлап, қыздың өзин изиңизге ертсеңиз болар еди.

БОЛЫС — Қарындасың ермейди, дүньяның чай темекиси менен қант-набатын усы аўылдың жигитлери менен ҳаяллары қуртты.

СӘМЕКЕ — Сонда маған не ҳийле.қыл дейсен, болыс аға?

БОЛЫС — Сөздиң қысқасы, жақсы десең, артыма мингестиресең, жоқ десең, ҳәзир изиңе полиция салып айдатаман. Мәрдикарға барасаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

СӘМЕКЕ—Мәўлет бер, болыс аға.

БОЛЫС—Бир ғана заманды айт. (Сәмеке төмен қарап басын қасыйды) Айт гәпиңди.

СӘМЕКЕ—Ойыншық ис емес, болыс аға.

БОЛЫС—Ой сениң бир мулайым биймазалығың ада болмас екен (байға) шақыр полицияны!

БАЙ—(Сәмекеге) дениң саў ма, өзиңше жақсы десең болмайма (өзи шығар).

СӘМЕКЕ—Болмады енди, болыс аға, сениң хызметиңди питире қояйын (болыс байға қол былғар, бай қайтар).

БАЙ—Калай, питиристиңлер ме?

БОЛЫС—Питиристик, бәрекелле, жаңа адам болдың, қошшым. Ондай болса мен ат тайынлайын ба, ямаса бүгин қонақ аласаңба?

СӘМЕКЕ—Ондай жарасықтың орны жоқ, болыс аға, сиз атыңызды тайынлап қуптанның соңынан Қошшы менен анаў шоқ жыңғылдың ишинде барып бир заман отыра турың. Мен қызды бир түрли ҳийлелер менен алдап кийиндирип, жатардың бер жағында алып барып, артыңа-мингестирип, жолға салсам қайтер екен.

БОЛЫС—Ол гәпиң макул-дағы, бирақ мен бир қатын алады екенмен-деп, путаның ишинде жаўдай шыбынның ортасында таланып отырайын ба? Сол берермен болғаның шын болса, Мәтекени таслап кетемен, соған мингестирип жибере бер.

СӘМЕКЕ—Ықтиярыңыз, ол ҳәм макул.

БОЛЫС—Жақсы ондай болса тарқасайық. Ўәде сол ғой.

СӘМЕКЕ—Макул, макул.

(БАЙ менен болыс жүрер, олардың изинен Сәмеке де шығар, Бай ҳәм болыс шыққаннан кейин Сәмеке қайтып келип ғыжымырланып).

СӘМЕКЕ—Бул қыздан саған булт жуўық, тириликте геллем кетпей бере алмаспан.

Саз "Не пайда"

Қастын тигип, көз алартып буйырып,  
Сум қара күш турмысыма шар салар,  
Искенжесин қурып, қулағын түрип,  
Бәрҳама жан алмақ болып зор салар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буған қәйтип шыдар намыслы бир жан,
Намыс кетти, демек өлимнен нишан,
Жырткышка айналған жауыз, бий ийман
Пәнже урар, ақ жүрекке кир салар.

Аудан- аудаң етип бадабат қурып,
Көзлерин алартып, омыраўын керип,
Жеккелик, кемтарлык ҳәлимди көрип,
Абай етип, маңлай түйип бақырар.

Көрсетсе де абай, түйсе де мушын,
Жумсаса да барлық байлығын күшин,
Жаным бар да: аброй ушын, ар ушын,
Намыс ушын гүресиўге мен таяр.

перде түседи.

## 5-ПЕРДЕ

Перде ашылғанда Қәнигүл иргеге арқасын берип жүн түтип отырар. Күндес еки қатынның сөз алысып урысып отырған даўамы көринер.

ҚӘНИГҮЛ—Қой, гәпинди азайт, бул не қотыр ешкидей сүйкенип ызылдай бересең, қатын үстине тийгизген мен бе сен, билмедиң бе усындай боларын.

ГҮЛБИЙКЕ—Өзиң ғой, майсыз арбадай даңғырлап илип аласаң да, адамның изинен калмайсан.

ҚӘНИГҮЛ—Ондай болса байыңа айтып куўдыртарсандағы, сүйгилик.

ГҮЛБИЙКЕ—Сүйгилик болып не қылдық саған, сен қуўдыртарсаң болыстың аналығы.

ҚӘНИГҮЛ—Дәслепки күнлери еки көзиң тасырайып ықты-жөнди билмей талдың отқа жанғаныңдай шатырлайтуғын едиң, қалай екен? Жиннен айрылған поркандай сап болдың ба енди, сенин үстиңе болыс айтып жүргенин алса, қышыған жеримиз канғандай ак ҳәз етер едик. (Гүлбийке муңайып қосық айтар).

Саз. "Бес перде"

ГҮЛБИЙКЕ—Таң желиндей желпип өтип,
Қайтып келмес саған дәўир,
Турмысыңнан маза кетип,
Желпип өтер қызған дәўир.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алғаның саған қарамас,
Ҳалы жайыңды сорамас,
Ғамды бөлмеге жарамас,
Қаплап алар азған дәўир.

Күндеслиниң күнин қараң,
Жел жағынан есер сыран,
Жоқ айыплар жүклеп саған,
Жарман етип дүзген дәўир.

Көзиң жасаўрап қорлықтан,
Шыға алмас езген тарлықтан,
Рәҳәт турмыстан, барлықтан,
Тегис үмит үзген дәўир.

Ықтыяр болмай өзиңде,
Итибар болмай сөзинде,
Қайғы-ғамның теңизинде,
Балық болып жүзген дәўир.

Раҳим әйлемес көз жасыңа,
Қол узатар намысыңа,
Қыз-келинниң турмысына,
Жастан ақым қазған дәўир.

(Ырзабек келер. Гүлбийке турып жол берер, отырар, дастурхан қояр).

ЫРЗАБЕК—Болыс келди ме екен деп хабар алайын деп келдим.

ГҮЛБИЙКЕ—Қайдан билейик нерып жүргенин. Бүгин кеткенине 7 күн болғаны.

ЫРЗАБЕК—Қолында иси бар адам қуры жүргенди дейсең бе, бир нәрсеге айланшықлап жүрген шығар (болыс келер) әстапыралла, кимди айтсаң сол келеди деген. Жаңа ғана айтысып отыр едик. Ассалаўмаликум болыс, аман келдиңиз бе?

БОЛЫС—(Шекпенин шешип атып) Сайып атырғанның үстине келдик аў шамасы.

ЫРЗАБЕК—Гүлбийке жеңгей енди келмесең айыплы қылайын деп отыр еди (дегишпе) жақсы келип қалдың.

БОЛЫС—Жеңгең айыплы қылса, қылғандай болып киятырмыз.

ЫРЗАБЕК — Не дейди мына болыс, айтпақшы қосшылар қайда?

БОЛЫС — Мәтекени айтасаң ба, ол да киятыр аўыр қос пенен.

ЫРЗАБЕК — Ондай болса киятырған қонақ бар ғой. Шамасы?

БОЛЫС — (Күлимсиреп) күт, зор қонақ киятыр, үйди төсеттирейик.

ЫРЗАБЕК — Бул сапары қанжығаң қызарған қусайды ғой, шамасы:

БОЛЫС — Сен болысты аңайы билесең бе, дегенин болдырмай қояр деп пе един? (Гүлбийкеге) ҳей сен бир жынғыл жутқан адамдай қайқайып қата қалдың ғой. Оттың басларын сыпырыстырсаң болмай ма?

ГҮЛБИЙКЕ — Не қылады, ҳүрдиң қызын алып киятырғанман дейсең бе, өйте берип не гәп бар?

БОЛЫС — Үстине қатын алсаң қатынның шеке тамыры тырысып тарта береди. Ҳәптеден бермаған таяғың да жетпей турыпты. Соны күсеп отырған шығарсаң?

ГҮЛБИЙКЕ — Аўа, сен бир дәў шықтың ғой. Урғанды урып, қырғанды қыра беретуғын.

БОЛЫС — (Жымыйып) Не дейди мына атаңа нәлет, келмей атырып жыр таўып, соның қолына суў қуйғыш қылып қоярман сени.

ГҮЛБИЙКЕ — Қыялына шығар, өзи билер — өзи билер деп жүргенге өзиннен кеткен екенсең.

БОЛЫС — Не дейди (зебересин үйирип) не дейсең?

ГҮЛБИЙКЕ — Не қылды жининниң бәри маған түсти ме? Ықтыяры, сыйырмайман, сүйгилигиңниң өзи келип сыйырар.

БОЛЫС — Атаңа нәлет сениң?. (умтылып барып урар, Ырзабек арашалар, ўра-ура қуўып шығарып жиберер).

ЫРЗАБЕК — (Кәнигүлге дегишип) Сениңдей болыстың қатыны буркасынлап шаңғытып кетти. Сен еле тым-тырыс теңиз тасса тобығыңа келмейтуғын адамдай болып отырыпсаң ғой.

КӘНИГҮЛ — Суў басыннан асқаннан соң бир гез асса да, 40 гез асса да парқы жоқ, дейди, биз бир тамағына жүрген дийкандай адам. Болыс енди нешеўин алса да, бизге парқы жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ЫРЗАБЕК — Не кылсаң да, сен ултанлы усайсаң, түсиң бузылмады ғой сирә.

КӘНИГҮЛ — Бизиң қатардан қалғанымыз әллеқашанлар, жаслар орнына өзи таласпаса биз не қылайық.

ЫРЗАБЕК — Дурыс-дурыс, әне кәйўаны ҳаялдың гүрриңи солай болып келеди. Бәрекелле- бәрекелле.

БОЛЫС — (Қәнигүлге) Болды енди сол отырғаның болар, мынаў үйге барағой, ол келген ўақытта мартыўдай жалпайып отырсаң келиспес, қорқып кетер, тур, бара ғой мынаў үйге.

КӘНИГҮЛ — (Алдындағы жүклерин жыйнап) Айттырмай кетейин деп едим, болмады (шығады.)

ЫРЗАБЕК — Сениң исиңниң жөн-жосағы қалай-қалай?

БОЛЫС — Баяғы өлсем де бермеспен деп жүрген ағасы бар емеспе?

ЫРЗАБЕК — Аўа-аўа.

БОЛЫС — Соны ырас дыққатқа тутып, мәрдикарға айдататуғын болып, изине полиция салажақ болғаннан соң мойнына суў қуйылғандай болды.
Қарындасын бережақ болды. Күндиз жөнелтиўге уялғанды дағы ширкин. Бир заман байырқап жатардың алдында алып кетиң деди.

ЫРЗАБЕК — Олай болса неге өзиңизден қалдырдыңыз.

БОЛЫС — Жаўдай шыбынның ортасында шыбынға таланып отырайын ба сол. Мәтекени таслап кеттим, Соған мингестирип жиберетуғын болды. Енди көп кешикпей оларда келип қалар.

ЫРЗАБЕК — Оң болсын, қутлы болсын! Бәрекелле болған екен. Ҳей жигитсең-дағы, тақсыр, жерден шаң шығаратуғын.

БОЛЫС — Дүньяға келген адам бир күни өледи: не қалады дейсең, адамнан. Бул дүньяда ойнаған, күлген, мәс болып дәўран сүрген — сол ғана қалады. Солай болғаннан соң дәўлетим келип турғанда сүрейиндағы буны. Қалайсаң, көкеңниң сойқанына бармысаң, алып кел дәстинди! (қол алысар).

ЫРЗАБЕК — Сүр-сүр, дәўран сеники болыс. Барман кәраматыңнан.

БОЛЫС — Ис солай болып питти, енди тойдың мәс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ләҳәтин қылмақ керек. Сол мәсләҳәтке молла-имамларды да шақырсақ қалай болар екен?

ЫРЗАБЕК — Молла, имамды көш келгеннен соң шакыртқаның макул болар. Той деген қудайдың ғәзийнеси, қудай жолыңыз. Кеўилден шығарғаныңызды бересиз. Өзиңиз бир нәрсени шотлап қойғансызды. Сизиң абыройыңызды күтип жайластырамыз ғой оны.

БОЛЫС — Не шотлағаны бар оның. Бүгин ақшамы бир қунан қойды-сойдырамыз. Молла-имамды шақыртып некесин қыйдырамыз. Түни менен ўақ-шақ егип отырамыз. Ҳә сений, бир бақсы да бола қойса.

ЫРЗАБЕК — Халыққа не бересең?

БОЛЫС — Қолда бар ўәждиң несине қайғырайық, азанда бир қунаншығар сойдырамыз, батпан гүришти демлеймиз, ҳәмме қәрежет тайын. Жигитлерге болса бир ылақ берсең күни менен ойнамағына болады. Байрағына еки тилла тигип ат шаптырсақ, жақсы мереке болмайма сонда?

ЫРЗАБЕК — Болып қалады ғой. Бирақ еки тилланы байраққа қойсаңыз қунан байрақ, тай байрақ дегенлериң болады. Оларға да бир тилла қойыңыз. Биз минәсибин айта берейик.

БОЛЫС — Шешинген суўдан тайынбайды деген, ол да бола қойсын. Аянбай шабатуғын байрағымыз ғой, нетинде бир даўға басымырақ саламыз.

ЫРЗАБЕК — Қай жерлерди шақырайық.

БОЛЫС — Қара талшы шөмишлерден тутып, Жаман ауыл. Есенгелди, буяғы Көкли, Қожан, Жаман қоңырат. Сол қатарларға ертерек ат жибер. Тойға шақырып келистирип той қылайық (Мәтеке кирер).

МӘТЕКЕ — (есиктен кирер-кирместен) Ўай-ўай өлдим! (бет-аўзы қарақан бақырып жылар, булар сасар). Ўаў-ўай өлдим, ендиги жасым артық, сенлерди көрер күн бар екен. (ўай-ўай салып жылай берер. Булардың үрейи ушып сорар, ол тилге келмей).

ЫРЗАБЕК — (Басын сүйеп, суў берип). Не болды саған, айтсаңа маған буны.

БОЛЫС — Мәзи жылай бергеннен не шығады, айт ақыры.

МӘТЕКЕ — Өлдим, ендиги жасым артық. Сенлерди аман көрдим, әрманым жоқ (Ўай-ўай!)

БОЛЫС — Жолдан биреў тартып алды ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

МӘТЕКЕ — Мениң қасымда болса тартып алады дағы, болмаса нени алсын.

БОЛЫС — Енди не?

МӘТЕКЕ — Мен қорлықты Сәмеке менен Аймерекеден көрдим. Түреке пақыр болмаса, ол арашаламаса мениң булкәраға өлимтигим келер еди.

ЫРЗАБЕК — Бир кесе суў иш, солығыңды бас, сөйтип түсиндир. (Суў ишип, ҳаўлыққанын басар) ал, сөйле!

МӘТЕКЕ — Несин сөйлейин, болыс ағаның отыр деген шоқ жыңғылының ишинде жаўдай шыбынның арасында, бир уйқыға дейин отырдым. Меннен хабар алатуғын ийт ҳәм жоқ. Түни менен отырсам да отыра беретуғынман.

БОЛЫС — Сонда не қылды, таяқты қалай жеп жүрсең ақыры?

МӘТЕКЕ — Отырыс көбейип кеткеннен соң Сәмекениң үйине бардым. Барсам тырыс еткен жан жоқ, ҳәмме парылдап үйықлап атыр. Мениң жиним тырысып кетти. Уйықлап атырған Сәмекени қай жериң қышыйды, деп камшының астына алып қалдым.

ЫРЗАБЕК — Карқ қылған екенсең дағы, атаңа нәлет!

МӘТЕКЕ — Асықпай тура салып иргениң түбинен балтаны алып қапталы менен көк желкеме бир қондырып еди, көзим тынып отыра қойдым.

ЫРЗАБЕК — Оннан соң не қылды?

МӘТЕКЕ — Не қылғанын сорайсаң? Қашқан жаўға қатын ер дегендей, талып атырған адамның үстинде бола берди ала қожаның ойыны.

ЫРЗАБЕК — Кимлер сол?

МӘТЕКЕ — Кимлер дейди-аў, ким болатуғын еди. Сәмекениң қолында атешкүр, Аймереке менен Нәзигүлдин қолында еки сабаў, пахта сабағандай қылып аўдарып, төнкерип ура берди. Түреке пақыр парўана болып арашалап жүр, әбден силикпейимди шығарды.

БОЛЫС — Соннан қайта бердиң бе?

МӘТЕКЕ — Аўа, қайтесең енди. Өзлери де өлер деди билемен, Нәзигүл сүйреп есиктен шығарып жиберди, Сәмеке менен Аймерекениң көзине қан толып кетипти. Изимнен шығып есиктиң алдындағы қарымға көмежақ жерге келип еди, Түреке менен Нәзигүл жибермеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ЫРЗАБЕК — Хош.

МӘТЕКЕ — Әлле ўақытларда сүйретилип келип атымды таўып, ҳәмеллеп үстине минип ықтиярына жибердим, аттың өзи алып келди. Көрген-билгенимниң болғаны сол.

ЫРЗАБЕК — (болысқа) бул қалай болғаны?

БОЛЫС — Тырнақ батпай көзи орнына түспей турғаны.

ЫРЗАБЕК — Бул бир аўыр жүк болды ғой, бул қорлыққа адам баласы қалай шыдар?

БОЛЫС — Сизлер не кеңес бересиз?

ЫРЗАБЕК—Уқсатып қағазды жазып, шойын мөрди басып, есин жыйған соң Мәтекениң өзин жибер, аққан қанларын көрсетип, арзасын айтып исин питирип келсин.

БОЛЫС — Оның менен ис питпейди. Мәтеке таяқ жедим десе, казыға бар дейди, казыға барса тәўелле тақсыр пул пенен қутылады. Бул саў да ондай ғана саўда емес, Мәтекени урғаны, мени урғаны, мен өзим урылғаннан кем болып отырғаным жоқ. Ҳәр сөзди билип сөйлеў керек ғой, Ырзабек.

ЫРЗАБЕК — Енди не қылмақшы боласаң?

БОЛЫС — Буған сондай бир ис таппақ керек. Сәмеке менен Аймереке усы журтты көрместей болсын.

ЫРЗАБЕК — Кәне, ол сондай бола қойса, басқалар тырп ете алмас еди.

БОЛЫС — Мен ойланып отырман, таўып та отырман.

МӘТЕКЕ — Қуллық, аға, садаған кетейин, ағажан, сондай бир ис таба гөр.

БОЛЫС — Истиң уллыдан тутайық. Сәмеке менен Аймерекени ояз бенен қатынын өлтиргенлердиң биреўи қылып көрсетейик, сонда ғана булардың тамырын қурта аламыз.

ЫРЗАБЕК — Ҳай-ҳай ақыл болғанына сениң! Түтин омшадан шығады, сирә иркиле көрме.

БОЛЫС — Қасымда бир алтын жүзик бар, бес манатқа алып едим. Өлген ояздың қатынының жүзиги деп айтысып еди, соннан сескенип адамға көрсетпей жүрип едим. Соны Аймерекеден таўып алдық деп беремиз. Ол да ҳақыйқат бир гуўаның орнын тутады.

МӘТЕКЕ — Қуллық аға, сөйтип жүзеге шығармасаң, жер басып жүргендей жағдайымыз қалған жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б О Л Ы С — Мәтеке чай пайын ишип отыра турсын, демин алсын. (Ырзабекке) имам-молланы алып дийўан молланың үйине барайық, ҳәқыйқат протоколлап хат жаздырайық. Мәтеке болса жаңы күйген адам қол қояр. Сен не қыласаң?

Ы Р З А Б Е К — Мен бе, мен он жеринен қоярын, бунда қоймаған қолды қайда қоямыз? Соларды арашалап неге кереги бар, не дәртке жарайды.

Б О Л Ы С — Ондай болса түргел, усы журттан Аймереке менен Сәмекени куртсам куртканым, куртпасам басымдағы телпек емес қатынның орамалы болсын (екеўи шығады). Түс алдыма!

Перде түседи.

6-П Е Р Д Е

Өткен перде менен арасы 3 жыл (1919-жыл июль айы). Уллы жолдың бойы, өткен-кеткенге қайнаған суў менен усақ-түсек нәрсе сатып отырған Шанияз шыйықтың чайпурыш ханасында, (өткен заманда) Шабылған зор бир қашының үстинде, қашының күн жағына қатар-қатар тал егилип, олар үш тәрепте ший қоршап ағаштың саясы түсетуғын жерине иргесине бойра төсетилген. Чайхананың бир капталында сыпа тәризлиде чай ошақ. Ошақта төрт кара қуман аўзы ашыўлы қайнап турар. Чай демлемеге кайымлап қойған онлаған чайнек-кеселер. Чайпурыш чайнеклердиң суўын сарқып, сүртип турар, перде ашылғанда ислеп жүрген дийқан формасында 3 адам келип отыр.

перде

I — Д И Й Қ А Н — (Кисесинен бир қағаз алып чайпурышқа берип) усыған чай менен қант бер, жора.

Ч А Й П У Р Ы Ш — (Оны алып басқаларға) сизлердиң де керегиң болса айтың, биротала питсин,

2 — Д И Й Қ А Н — (Қағаз берип). Маған чай бер, кисемде бир түйир қант бар, ҳәзир усының менен ҳәмеллеп турайық. (Чайпурыш үшинши дийқанға қарап).

3 — Д И Й Қ А Н — Чай қантқа пулым болмай турыпты (Қағаз берип) мынаған көбирек етип дәнесин қоспай ғана көкнар берегой, бир жазылысайық (алып шығар).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2 — ДИЙҚАН — Бул сауданы жасырын қылады-ақ шамасы, нәрсе қарасын болса басқа жаққа қойыпты.

1 — ДИЙҚАН — Әлбетте, биле қойса суўына тиймейме онын.

3 — ДИЙҚАН — Қойың, жоралар, сондай гәпти, ўақыт-ўақыт келип жазылып турайық. (Чайпурыш келер, ўәжлерин берер. Биринши ҳәм екинши дийкан чай демлеп алып ишпеге қарар, үшинши дийқан бир кесеге көкнар езер).

1 — ДИЙҚАН — (2-дийқанға) Калайсаң, жора, дийқаншылық тәўир ме?

2 — ДИЙҚАН — Жаман емес.

1 — ДИЙҚАН — Жериң бар ма еди?

2 — ДИЙҚАН — Большевик алғалы маңлайға аў шашырайын деди ғой. Мәдияр байдың жарық көлдеги жарымшыға берип отырған жерин жерсиз адамларға бөлип бергенинде бизге де 5 танап жер тийип еди. Жаман емеспиз, қағыстырып бир сыйыр ҳәм сатып алдық, ҳәр қалай ас-қатықлы ас ишип отырмыз.

1 — ДИЙҚАН — Аўа, аўа, гей биреўлер большевикти жаман дейди, өзимизге жайлы, бәримиз де тарықпай, көтереге түспей аўқат етип отырмыз.

3 — ДИЙҚАН — (Езип отырған көкнарын езип қарап) берекет тап чайпурыш жора, көкнар екен-дағы!

ЧАЙПУРЫШ — Қаттақорғаннан келген көкнар анайы болсын ба?

1 — ДИЙҚАН — Большевиктиң қастын тиккен жери байлар.

ЧАЙПУРЫШ — Айтасыз дағы, жоралар, большевиклер журт сорағалы қарнымыз бир қалықпады.

2 — ДИЙҚАН — Ҳә, не ушын, эндамлы, кәриң бар, келим-кетим болса болып турыпты. Бурын болыс, ақсақал, елиўлик, қәткудалардың атлылары адамға орын бермейтуғын еди, солар саған пул беретуғынба еди өйтип?

ЧАЙПУРЫШ — Нағылған.

1 — ДИЙҚАН — Большевик те сөйте ме?

ЧАЙПУРЫШ — Жоқ.

2 — ДИЙҚАН — Емесе неге қарның қалықпайды?

ЧАЙПУРЫШ — Бийлер бермесе оның есесин мүсәпирлерден шығарасаң, бизлер оған жәрдем қыламыз, большевик деген адамды өре бастырмайды ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

2 — ДИЙКАН — Өзиңе тийислисин алып отырғанда аш болдың бә еле?

ЧАЙПУРЫШ — Болып қалар еди-аў, налог деп алып есесин шығарады (Майданнан Сәмеке келер, отырар) неғып жүрген адамсаң?

СӘМЕКЕ — Излеп жүрген жағым бар.

1 — ДИЙКАН — Жоғың не?

СӘМЕКЕ — Журт мал жоғалтып излесе, биз едам жоғалтып излеп жүрмиз.

1 — ДИЙКАН — Не еди, аты-жөни ким еди?

СӘМЕКЕ — Аты Бағдагүл, қарындасым еди.

2 — ДИЙКАН — Ол нағып шығынып кеткен?

СӘМЕКЕ — Бизиң басымызға түскен саўданың қайсы бирин айтып боламыз.

1 — ДИЙКАН — Сөйтсе де?

СӘМЕКЕ — Бизди кемпиримиз бенен Шәмшет болыс жаманлап үйге салдырды. Тамақ бердирмей изимизден барған қарындасымыз бенен ҳаялымыздың берген тамағын алмай кемпирим аштан өлди. Мен де өлер жерден зорға қалдым. Ҳаялымды да үйге салды. Соннан қарындасым шығынып кеткен екен. Большевик келип бизди босатқанына да жыл жақынлады, өли-тирисин билмей излеп жүрисим усы.

ЧАЙПУРЫШ — Ондай адамды биз биле алмадық.

СӘМЕКЕ — Ырас-өтиригин билмеймен, сүйиншини көп берсең Отарбай қазақ бир дерегин айтаман деген еди. Енди соннан хабар аламан. (Саз даўыс пенен қосық айтқан ҳаялдың сести шығады).

ЧАЙПУРЫШ — (Сығалап) әжүесте бир ҳаял қусайды (ҳаўаз жақынлап, ол Бағдагүл).

Саз „Муңлы қыз"

БАҒДА — Аспаннан не түспес, жер не көтермес,
Тас боранда қалғанларға не дерсиз?
Жудаласып қәўенлерден-қостардан,
Шын дәрбедар болғанларға не дерсиз?

Көзин ашпай зулым қолына батқан,
Жәбир қысыўметтин жазасын тартқан,
Жуда болып ақыл-естен, ел-журттан,
Баўры қанға толғанларға не дерсиз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлмей кирген емес тири жан гөрге,
Қаңғырып жүриппен, кире алмай жерге,
Лағнат оқып дүнья малға-өмирге.
Жаслай отқа жанғанларға не дерсиз?

(Сахнаға кирер, кийимлери жыртық, жалаң аяқ, қолында таяқ, арқасында қап).

1—ДИЙҚАН—Қудай билсин, күйик себебинен болды ма, я бир нәрсе салқынын салды ма.

БАҒДА—(қабын, таяғын қойып Чайпурышқа) Қайнаған суўың бар ма, аға?

ЧАЙПУРЫШ—Суў қайнап турыпты, бир чайнек демлеп берейин, ише ғой.

1—ДИЙҚАН—Ҳай берекелла, булай қылған қудай шығар, қарап тура гөр бийшараға.

ЧАЙПУРЫШ—Бере берсең бийшарадан көп нәрсе жоқ, қайсы бирине берип шығысар адам? (Тиленши ҳаял келип тиленер).

ҲАЯЛ—Көп жаса, мақсетиңе жет, қайыр етиң, шырақларым.

ЧАЙПУРЫШ—Тура, ендиги жырыңды аўлақта қыл (Бағдагүл алып келип қасына отырғызар, нан берип, чай берип қарасар. Әскер формасында Қожан келер. Белинде наган, қылыш, аяғында шабыўлы етик қолында қамшы. Беде сатып отырғанға саўдаласып пулын берип беде алар).

ҚОЖАН — Мишка!

МИШКА —Ҳуў.

ҚОЖАН—Бунда кел, беде алдым, атлар тойсын (Миша көтерип шығар).

КОЖАН—(Чайпурышқа) қайнаған суў бар қусайды, тамақ кәрежет ҳәм бар ма?

ЧАЙПУРЫШ—Ҳәмме нәрсе тайын, тамақ писиртейин бе?

ҚОЖАН — Молырақ қылып тайынлата ғой, Мишка.

МИШКА — Ҳуў.

ҚОЖАН—Атларды сол жерге байлаған болсаң, отларын салдағы, өзиң қасындағы Таллықтың жалғызаты менен бунда кел. бағанағы қоржын да қалмасын. Тамақланайық, ол қуўғын жеген қабандай ҳарсылдап киятырған шығар, бир заман демин алсын.

МИШКА—Есть, такое дело! (Толы қоржын кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

терген Мишка келер, изинен бир әскер мылтығын тақап Шемшет болысты алып келер, отырар, чай демлеҗип чайнек келер. Миша қоржыннан нан алып, нан менен чай ишиўге кирисер, Қожан дийқанлар менен танысар.)

ҚОЖАН — Сизлер кимлер боласыз, аўылларыңыз қайда?

1 — ДИЙҚАН — Аўылымыз усыкәрада, атызда, ислеп ҳарығаннан кейин, бир заман дем алып, тайын, қайнаған суўдан бир чайнек чай ишейик деп келген едик.

ҚОЖАН — Баспашыдан амансыз ба?

2 — ДИЙҚАН — Баспашыларды қуўдалап қызыл әскерлер шыққаннан бери тынышбыз. сиз өзиңиз ким боласыз?

ҚОЖАН — Баспашыларды қуўдалап жүрген қызыл әсқерлермиз.

2 — ДИЙҚАН — Сизлер аз көринесиз, баспашыларға шамаңыз келеме?

ҚОЖАН — Бизлер аз емеспиз, көп жолдасларымыз баспашыларды қуўдалап жүр.

1 — ДИЙҚАН — (Сыбырлаған даўыс пенен болысқа қолын шошайтып) мынаў кисини мен шырамытып отырман. Буннан үш жыл бурын, Таллық болысында, күнин көре алмай посып кеткен, ҳәркимниң қуўыс қолтығында отырып, масақ терип жүрген адамлардан зобалаң салып мәрдикар пулын өндирип мен бир ақшам бул адамның алдында от жағып хызмет қылған едим, тап соның өзи шығар деп отырман. Итимал ол ўақытта Шәмшет болыс деп аталған, журттың қанын сорған адам усы болар.

ҚОЖАН — Тап соның өзи.

2 — ДИЙҚАН — Буның бир гүнасы бар шығар?

ҚОЖАН — Совет ҳүкимети орнағаннан кейин бул киси өзиниң баяғыдай бола алмасын билген усайды. Баспашыларға жасырын оқ жарақ жеткерип берип, жәрдем қылады екен. Кетенлердиң қасында биз дус келип, бир қоржын оғы менен қолға түсти, қасындағы жолдаслары қашып, тоғайға сиңип кетти. Мынаў қоржындағы соның бөктерген оғы. Биз буны Нөкиске алып барып әскерий судқа тапсырамыз.

ҚОЖАН — (Мишаға қарап) Кешеги сөзлерим ядың-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да бар шығар, сонда бизди мәрдикарға айдатып жиберген усы киси еди.

МИШКА — Ой қырсық!

(Бул сөзлерден бийхабардай болып өз ырабайына отырған Бағдагүл тыңлап болып қосық айтар, Қосық басланғаннан Қожанға бүлкилди түсер).

ҚОЖАН — Астапыралла, бул маған жақын таныс даўыс ғой (барып қарап қайтар) даўыс-даўысқа усайды дағы.

Саз „Бозатаў"

БАҒДА — Гүллер ғомшаламас, суўлар төгилер,
Ызғар жетип тамыры қурып зил алса,
Ҳаял-қыздың қабырғасы сөгилер,
Теңлик болмай жәбир-зулым жол алса.

Гүлдиң ғумшасында жаслық шақлары,
Жолға берип арылмаса дақларын,
Шешек атып, миййўе берген бағларын,
Дегис алар, суў жығылса, сел алса.

Не шара бар от тутанса пуў болып,
Ертеңли-кеш ишкен асың уў болып,
Жүрек тилкимленип, баўрың суў болып,
Қаныңды кептирип орнын жел алса.

ҚОЖАН — (Бир көрип танымай барып оғырса да, шыдай алмағандай тағы турып) көзи де соған усаған.

ЧАЙПУРЫШ — Ҳә пулсыз бақсы (Қожан тыныш таппас).

ҚОЖАН — (Қосық тамам болғаннан соң барып) Сен кимсең?

БАҒДА — Мен бе, мен-ғой, мени билмейсең бе? Мениң атым журтқа белгили жолдасы жаўға, ағасы менен анасы Төрткүлге өлимге кеткен...

ҚОЖАН — Атың ким?

БАҒДА — Бағдагүл.

3 — ДИЙҚАН — (Турып) бағанағы жигиттиң излеп жүрген жоғы усы нашар усайды. Ол Огарбайдикине кетип еди, мен барып соннан сүйиншисин алайын. Исиң болмасын, көкнар пулы муг болатуғын болды.

2 — ДИЙҚАН. — Айтпақшы бара гөр, қуўанга гәр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмаса мен барайын (турып) аяғын жеңил басып (3-дийқан сахнадан шыға берер).

1—2 ДИЙҚАН—Тапқанына шерикпиз (3—дийқан кетер).

ҚОЖАН—Атасы қайда?

БАҒДА—Билмеймен, биз кеткенде аўылда қалып еди.

ҚОЖАН—Апасы қайда?

БАҒДА—Төрткүлде ағам менен апамды атылды деп еситтим.

ҚОЖАН—Жеңгең қайда?

БАҒДА—Тюрьмаға түсти,

ҚОЖАН—Не ушын?

БАҒДА—Бир полицияны тас пенен урып еди.

ҚОЖАН—Өзиң қайда жүрсең?

БАҒДА—Ҳәр жерде, дәрбедерликге (Ҳаял гүңиренер).

ҚОЖАН—(Өзгерип) Қожанды билесең бе?

БАҒДА—Жаўға кетип жоқ болған Қожанды айтасаң ба? Неге билмейин, бизге аўыр саўдалар сол Қожан кеткеннен соң түсти ғой.

ҚОЖАН—Саўдасы не?

БАҒДА—Ҳаў жигит, сеннен мийирманлық ийиси келеди, иштеги дәртлеримди саған айтайын.

ҚОЖАН—Айт-айт.

БАҒДА—Қожан кеткен соң болыс апам менен ағамды Төрткүлге айдады, болыстаң өзимизди сақлай алмайтуғын болғансоң, Төрткүлге бардық, апамларды көре алмадық, берген тамақларымызды алмады. Кишем үйге түсти. Төрткүлде де өзимизди сақлай алмайтуғын болғаннан соң дәрьяның қубласына өтип, дәрбедарлық пенен күн кәрдик. Қожанның айтқан ўәдели күни питип еди, бир хабар болмас па екен деп қайтып киятырман.

ҚОЖАН—Мени таныйсаң ба, мен өзиңниң баяғы Қожаныңман.

БАҒДА—(Селкенип турар) сен Қожан.,. қайсы Қожан, қайсы Қожан, Қожан! (мойнына асылмақшы болып умтылар, жете алмай жығылар, Кожан сүйеп басын дизесине қояр).

ҚОЖАН—(Қожан Мишаға) Менин саған бирдей гүрриң ететуғын қызым усы, бунын ол ўақтағы шырайы, мүсини, ақыл-ҳуўшы қандай еди!? Енди не болып қалғанын көрдиң бе? (кеўли бузылған тарғыл даўыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен болысты көрсетип). Мынаған қаран, мынадай аждарҳалар елди сорған уақытта не қылмады дейсиз? журт хана-уайран болды, руўзыгарлар бузылды, ғәриплер дегенине жете алмай, сүйгенине қосыла алмады. Эҳ, ески дүнья! (ҳәмме сам-саз).

ҚОЖАН –(Болыска Бағданың бетин көрсетип) мына гүнасыз бетке жазылған хатты, түскен дағалларды сен оқый аласаңба? Жок, оқый алмайсаң. Мен бул беттен неше китап сөзлерин оқып турыппан, Түскен дағаллар, ыбыр-шыбыр тамырларда жүрген қанлар, дуўдарланған шашлар, буның ҳәммеси сениң зулымыңнан, еле олар сен еситпейтуғын бир ҳаўаз бенен сөйлеп тур. Буған сениң не жуўабың бар? Бул ҳаялларға тарийх алдында сен жуўапкерсең! Бундай ис адамгершилик сезими болмаған сениңдей еки аяқлы ҳайўанның ғана қолынан келеди. (есинен танып атырған Бағдагүлдиң бетине суў бүркер, ол көзин ашар, суў сорар, Кожан сүйеп отырғызып суў берер).

БОЛЫС — Мен бир саралап келейин.

ҚОЖАН — Алып шық (сақшы алып шығар).

САҚШЫ —(сырттан сақшының даўысы). Тоқта, тоқта деймен, кашпа, тоқтамасаң атаман: (мылтық атылған даўыс еситилер. Қожан дәрриў далаға шығар).

БАҒДА —(Көзи менен Қожанды излеп) Кожан қәне, қәне, болмаса мен түс көрдим бе?

МИШКА — Жоқ, сен түс көргениң жок, Қожанды оңында көрдиң. Енди Қожан кетпейди, ол сеники, ҳәзир келеди.

БАҒДА — (Манаўсырап) Үзилген үмит, жоғалған Қожан. (Майдандағылар келер).

САҚШЫ — (Сөйлене кирер) саралайман деп аллар-катып қашып баратыр, тур десем турмайды, пәнт жеймизбе, биз ҳәм исин қылдық, жата берсин.

КОЖАН — (Бағдагүлдиң ҳалын сорап, Мишкаға) акт жаз.

МИШКА — (Жазып оқыр) 1919-жыл, июль 20 санда, енди не жазайын?

ҚОЖАН — Саралайман деп қашқаны себепли Шанияз шыйықтың чайханасында Таллықтың бурынғы болысы Шәмшет Кәлмен улы атылды деп изине өзиң қол қой, мен қол қоярман. (Сондай қылар).

ЧАЙПУРЫШ — Тамақ тайын болған екен, ана үйге барып жей қойың. а



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚОЖАН — Мақул, сениң чайың, тамағың не болады?

ЧАЙПУРЫШ — Бәрине 15 манат берсеңиз болады.

ҚОЖАН — Ал саған 25 сом, 10 манаты сыйлаў,

ЧАЙПУРЫШ — Қуллық.

ҚОЖАН — (Бағдагүлге) Қалайсаң, дәрманың енди ме?

БАҒДА — Жақсыман, тәўирмен.

ҚОЖАН — Түргел, ондай болса, кетейик.

БАҒДА — Қаяққа?

ҚОЖАН — Мынаў үйден тамақланып, бирге Нөкиске кетемиз. Әскеримиз сонда, енди таслап кетпеймен. Сени полктиң кеселханасында қаратаман.

БАҒДА — Мениң тәўибим сен, мениң кеселимниң даўасы да сен (таяғын қолына ала турар).

ҚОЖАН — Буларды тасла енди, буның кереги болмас (таслар, диййўана ҳаял алар).

БАҒДА — (ҳаялды көрсетип) бир ғәрип екен, алып кетип тәрбиялайын.

ҚОЖАН — Мақул жүреғойсын (ҳаял жылар), Жылама жеңге, алып кетип сени бағаман. (Халыққа) Совет ҳүкимети залымлардың гүнасын ҳеш кеширмейди. Бузғынлар себебинен бүлинген ел ҳәзирдиң өзинде ақ дүзеле баслады. Мийметкеш халық ушын Совет ҳүкимети жақсы-жақты турмысқа жол ашты. Еле бул басланғышы (3 диййқан Сәмекени ертип келер).

3 — ДИЙҚАН — (Бағданы көрсетип) Мине сениң қарындасың (олар бир-бирин көрип, муңлы сөзлерин айта-айта қушақласып жыласар).

БАҒДА — Сәмеке аға, сеннен айрылдық деп отыр едик, қалай қутылдың?

СӘМЕКЕ — Қарағым Бағда, Совет ҳүкимети маған жаңадан жан киргизди. (Қожанды көрип қуўанып), сүргинге кеткен жигит қайтқан ба әй... айналайын! (Қожан менен қушақласып көрисер).

БАҒДА — (Бир қолын Қожанға, бир қолын Сәмекеге қойып) биреўи күним, биреўи айым, екеўи бир күнде туўды.

ҚОЖАН — Таза турмыс басланады, Бағдагүл, қара түниң серпилди, нурланған таңыңның атқаны енди. Бул азатлық таңы, бахыт таңы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хор саз „Муқаллес“

Жетти Бағдагүл мұратқа шын ашық ярын көрип,
Саясын салды Советлер, жарлыларға жан берип,
Бағ жетилди, гүл ашылды, гезбели мийўе терип,
Шын әдиллик саясында қосылып дәўран сүрип,
Таза дүнья, таза дәўран, таза бир турмыс қурып,
Әй, яранлар, яр қурып.
Көп қысыўметтен кейин атты таң, жетти жана.
Ак, жарык күнге уластык, кетти қайғы ҳәм қапа,
Жасасын жаңа ҳүкимет, ўәдеге қылды ўапа,
Ўақты келди енди бизге сүрмеге зауқы-сапа,
Әй, яранлар, яр қурып.

Перде түседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ПРОЗАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР

## ШЫМБАЙ ҚАЛАСЫНЫҢ ҚУРАЛЫЎЫ

Бурынғы заманларда тал, торанғыл питкен бир тоғай болып, ол тоғайды аралап аққан бир өзек те бар екен. Бирақ тоғайдың ишинде, арнаның бойында ел, адам заты жоқ екен.

Соңына таман узағырақ жерлерден халық келип, арба, шығырларына кегей кесип алып, қайтады екен. Соның ушында арнаның аты Кегейли атанып қалған екен.

Сол заманларда болған бир ашлықтың себебинен Шымбай деген бир жигит өз елинен аўып тозып кетип, жолы сол тоғайға түсип, аралап жүрип, арнаны таўып қыдырып жүрип, бир жерин балық аўламаға қолайлап, қос болып шолпы сүзе берген екен.

Шымбай шолпыны қаншелли көп сүзсе де, ҳәр күни еки балық түсип, артық ала алмайды екен. Сол күни еки балықты жеп, қатыны билән екеўи аўқат қылып отыра берген екен.

Арадан бир неше жыл өткеннен соң Шымбайдың күркесиниң жанынан бир ийт пайда болыпты. Ийттиң келиўин Шымбай өзине жақсы бир ырым деп билип, үмитленип қуўанып, асырамақ болыпты.

Қатыны:—„Асырай қойсақ, жақсы болар еди—аў“ —десе, Шымбай:„—Жан бергенге жан беремен“, —деген. Бир жағдайы болар, болмаса шала қурсақ болып тойған бир адам болармыз, —деп сол күнги өзлериниң балығынан бөлип, ийтке де салып, ертеңине шолпы сүзсе, ол күн үш балық түсипти. Соннан соң булардың ийтке ықласлары артып, тәрбия қылып, бир үйде үш жан өмир кеширипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол күни Шымбайдың ығбалы ашылып, берекеттиң енген күни екен. Салған шолпысы қуры шықпайтуғын болып, алынған балықларды сақлай алмай, сүзиўден тоқталып турған.

Бир күни қатыны билән ойласып, ел кыдырмақ болып, қатынын қалдырып, ийтин ертип кетсе, тоғайдан жол таппаған жеринде ийттиң баслаўы билән сүрдеў таўып, күн-күнлерде ел тапқан екен.

Өзиниң турған жеринде сондай бир пайдалы тоғай ҳәм балықлы арнаның барлығынан хабар айтқаннан соң ашлықтан, қутылып кетпеген халық ерип барып, балық аўлап, тоғайынан ағаш ўа кегей қырқып қатнасық басланып, Шымбайдың бахыты ашылып, малланбаға қараған. Мал өскен, жан-жақтан аш-арықлар келип, қонып Шымбайды сағалап, отырыўшы ел де көбейген.

Солай халық қуралған орынның аты „Шымбай“, арнаға „Кегейли“ аты сол ўақта берилген.

Шымбай күн-күннен байыды. Үй үскенеси дүзелди. Шоманай деген бир қызы, Дәўқара, Тазқара деген уллары болды.

## ШЫМБАЙДЫҢ АТАСЫ

Шымбай аўылы қуралып, оның байлығы жер, суўының пайдалылығының ҳаўазасы жайылып кетти. Хабар өзиниң елине де жетти. Өзиниң саў қалған атасы еситип, излеп бир күнлери таўып келип, қонақ болды.

Баласы билән танысып, үйинде бираз күн жатып ҳарығанлығын шығарыпты. Шымбайда қонақ қылып, үйде күтип сыйлапты.

Ғарры бир күнлери жүрермен болып жуўап сораса, баласы Шымбай үйирлеп жылқы, падалап мал, қоралап қой алып кетиңиз деп алдына салыпты.

Атасы буның бәрин де қабыл етпей;—„Мен енди малды не қылайын? Өзиңе несип етсин“!—дейди.

Шымбайдың атасы сыншы киси екен. Келгенинен бермаған барлап қарап Шымбайға буў дәўлетлердиң питкенин, қайсысының бағына бола жыйналып турғанын биле алмайтуғын еди.

Хошласып далаға шығып, аттың үстине мингеннен соң, жан-жақты болжай қараса, йырақтағы қой қораның сыртында бир көк ийттиң жатқанын көрип, Шымбайдағы „қут“ деген бар-жүғы сол ийтте турғандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып көринди де,—„Балам, анаў жатқан ийтиңди шақыр—өс“—деди.

Шымбай:—„Қутлы аяқ“ деди. Ийт келип қуйрық былғады.

—„Ҳа, балам, үйим жалғыз. Ийт-кус та бар. Усы ийтинди берсең, дүнья-малыңның бар жоғын бергендей көрейин„—деди.

Шымбай: — „Жақсы“, —деди де, ийттиң мойнына байламаға бир жип излеп, үйге кирди. Соның арасында ийт үйге тутыўлы туўрылыққа сарыды. Шымбай ийттиң мойнына жип тағып атасының тепкисине берди.

Ғарры ийтке қараса, бағанағы қут ийтте де жоқ,—қайда кетти?—деп болжаса, үйге тутыўлы гөне туўрылықта турғанын көрди.

—Ҳа балам, мына ийтиң де өзиңе қутлы болсын. Ғарры киси алып жүре алмаспан. Жибер муны. Мениң қуры кетпегенимди мақул көрсең, үйиңниң оң жағына тутылған гөне туўрылықты алып, мениң артыма бөктер. Ийисиң сиңгендей көзиңди көргендей көрип жүрейин“,—деди атасы.

Шымбай: —„ —Жақсы,—деди де, үйдиң белдеўин шешиўге айланысты.

Туўрылықты бүклеп, атасының артына бөктерейин деп жатқанында ғарры шығып қараса, мунда да „қут“ жоқ. „Ҳаў, бул қалай болды?“—деп жан-жақты серлесе, бир тоқлыда турғанын көрди.

„—Өзим ғарры киси, оған-буған айланып кешигип қалдым. Билемен, бүгин ҳеш жерге жете алармa екенмен?“—деди

„—Бүгинде қоныў. Ертең ертерек турып, кетерсиз“, —деди Шымбай.

„—Мынаў турған көк қасқа тоқлыны сойып, ашшы ишегинде қалдырмай писирип, басқа кисиге дузында таттырмай, мениң алдыма қойсаң, соны жеп, пәтиямды берип-ақ кетейин“, деп—аттан аўды.

Шымбай: —„Жақсы“—деп, аттың жылаўын услап, қолтықлап түсирди. Атасы үйге кирди. Күн кеш болды. Тоқлының ети қазанда қайнап писип те жақынлады.

Шымбайдың жас баласы Дәўқара уйқысынан оянып:—„Апа, ет“,-деп шаўқым салды.

Ерке баланы жубата алмады. Сорпаның үстине шошайып шығып турған тоқлының тилиниң ушына қолын



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып барып еди. Еки бармак тери қолына келди. Тил саўдай болып қала берди. Балада жай болды.

Керсенге салынған ет ғаррының алдына келди. Ғарры етти қараса, бағанағы „кут“ етте де жоқ. Ҳайран қалып тоқлының мүшесин, тилин бирим-бирим түўеледи. Ғарры сол ўақта: — „Атамның қолынан ет асайман“,—деп келип, дизесин шығанақлап отыра кеткен төрт жасар Деўқараға караса, „Кут“ тың бар—жуғы Дәўқарада турғанын көрип, Шымбайды шақырды.

— „Ҳа балам, шын саған қонған дәўлеттиң кутын дәўлетимниң бәринде тегис болдырмайма екенмен деп едим. Жоқ, сениң өзиңе дәўлетиңе несип еткен екен. Дәўқараны таза сақла“,—деп атланып кетти.

Шымбайдың дәслепки урық көмген жери бара-бара қала болып, „Шымбай қаласы“ атанып, Дәўқара деген орын Шымбайдың баласы Дәўқараның атағына атаған. Тазғара ҳәм солай. Ҳәзирги Шоманай деген орын Шымбайдың қызының түскен жери екен. Ол жер сол қыздың аты билән аталған екен.

## ДӘЎҚАРА

Шымбайдың ушы узайып, жаны жайылып байып, үстине ел жайылып қала бола баслап мал сақламаққа қолайы қашып, сыйдыра алмағаннан малды отарға жибермеге ойланды.

Нәзерлеген иси алдына басып турған баласы Дәўқара малдың басынан қалмай, отаўы билен өзи көшип барып, малға жай болған бир кең орынды қоныс еткен.

Сол қоныс—Дәўқараның жайлаўы, қыслаўы болып, жалпы Дәўкара деп аталыпты.

Малдың өсиўинде кемис жоқ. Елдиң қуралып толысыўында да кемис жоқ. Бирақ Дәўқараның неше баласы бары мәлим емес. Биликли Мәкарья деген бир қызы бар екен. Ол қыз ер жеткен. Орыны узақ жерде болған бир бай билән куда болып, Мәкарьяның күйеўи келип-кетип, қалыңлық ойлап жүреди екен.

Бир жола Мәкарьяның күйеўи келип жатқанда түн жарысы ўақ екен. Узақтан бир гүўилди сес пайда болыпты.

Гүўилдиден булэр ғана емес, байдың да зәрреси



www.ziyouz.com kutubxonasi

калмай коркысыпты. Сол ўақытта Мәкарьяның күйеўи айтты:—Қайын атама бар. Маған өзиниң тулпарын берсе, усы гүўилдиден бир хабар алып келер едим, — депти.

Мәкәрья барып муны атасына айтты. Тулпарды ол ертлетип берди. Күйеўи тулпарға минип алғаннан соң Мәкәрьяға айтты: —„Сен кийимлериңди кийинип, белиңди буўып, жегдеңди алқымыңнан алып, есиктиң көзинде тайын бол да тур. Егер ис жаманлық болса, жаў иси, жаў-жарақ алып кетермен", —деп өзи гүўилди шыққан жаққа карай кетти.

Барып караса, таўдың үстинен адам бойы асырылып, жарланып ағып киягырған суўдың гүўилдиси екен. Тулпардың басын бурғаншелли суўдың алды келип Тулпардың дизесине қапты. Атқа қамшы басып қашты да, қутылып аўылға келип, отаўдың алдында тайын болып турған Мәкәрьяны артына мингестирип, алып айдай берди.

Мәкәрьяның қай жерлерге барғаны биймәлим. Бирақ узақта Мәкәрья деген бир журт бар екен. Ол Мәкәрьяның қашып барған жери екен. Сол атак Мәкәрьяның атағынан болған екен. Шымбайға қонған бағдың бәри Мәкарьядан болған еккен. Соның ушын Мәкәрья деген журт оғада бай дәўлетли болып кияткан емис", —деп қарақалпақтың ғаррылары гүрриң қылады.

## МАМАН БИЙ

Бир күни Маман бий атланып бир жаққа барайатса, бир аўылдың үстине дус келди. Ол аўылда бир сақаўатлы адам мешит салдырып йатқан екен.

Маманбий муны көрип, атгың басын бурып, кейнине қайтып кетипти.

Медиресени салдырып атқан адам —„Маманбий киятыр", —дегенди еситип: —„Келер, ҳармасын айтар. Онның ақылынан пайдаланып қалармыз",—деп үмит етип отырып еди. Кейин қайтып кетти дегенге қапаланып: —„Маман бий бир ақыллы адам еди. Мениң медиресе салдырғанымның бир жарамаған орны бар шығар", —деди-де, —„әдепте барып ойласа алмаған екенмен. Еледе болса изинен барып, сөйлесип калайын", —деп жапалтан бир атқа минип, изинен қуўып жетип, сәлемлесип қайырылмай кеткениниң мәнисин сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маман: —„Мен саған ҳармасынға баратуғын едим. Мени еки жолдасым ықтиярыма коймай қайтарып алып кетти“, —деди.

—Жанынызда жолдасыңыз жоқ, бир өзиңиз ғой? — деди бай.

—Сен көре алмайтуғын еки жолдасым бар, —деди Маман бий.

—Көре алмасақ, айтып бериңиз, —деди бай.

—Жолдасымның биреўи-ғаррылық, екиншиси-жарлылық, —деди Маман.

—Бул сөзиниз орынлы емес. Сизден дәме етип турған адам барма? Сизиң ақылыңыздан пайдалансақ болады. Соныңыз бизге зор жәрдем,-деди бай.

—Жок, шырағым, барайын,—деп соншақлы талўас еттим. Жарлылық деген жолдасым айтады: —„Бардым, бардым. Бир куры өгиз алып барып сойдырып, хызмет етип атырған адамларды бир тойдырғандай шамаң болмағаннан соң, курыдан куры сымпыйып барыўың әбес“, — деди.

Оны да тыңламай жүре берип едим. Ғаррылық деген жолдасым жылаўымнан алып, —„курыдан куры бармағанның әмели болмас, өзиң жас, қарыўың бар болса. Барсаң, ҳармасынлап болып, шешинип иске түсип, терлеп ҳарыганша көмек берип, журытқа үлги болып қайтсаң. Сениң.бул барғаныңнан исшилердиң асына, базыбир ислериңиң кешигиўине себеп болыўынан баска пайда жоқ“, —деди. Соның ушын сырттан пәтиямды бердим де, қайта бердим. Муны жоқламай ақ кой. Ҳарымай ислей бер“, —деп жолына жүре берди.

## АЙДОС БИЙ БИЛӘН МАМАН БИЙ

Каракалпак Түркстан жағынан аўып келип, Жаңа дәрья деген жерде бир неше жыл Ўатан етип бир неше себеплер бойынша оннан да аўып, Хорезмге келипти. Бир топары Орынбай, Маман деген баслыклары билән сол Жаңадәрьяда қалған еди.

Қарақалпаклар Хорезмде орналасқаннан кейин ҳүкимет ислери булар қолында болған ўақларында болып, соңға таман Есенгелди мәҳрем, Айдос бий дегенлер баслық болып турғанында қанатлының қағыўын, тумсықлының шоқыўын көрмей турған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни Хийўаның ханы билән мәслаҳатласып, Жаңа Дәрьяда қалған ағайинлерин ақылы билән көширип алып қайтыўға Айдос бий барып, келискен жөн-жосағын айтып отырғанда Маман билән Айдостың ортасында мынадай гүрриңлер болыпты:

Маман: —„Бийлигиң қай жерлерге жетеди?"

Айдос: —„Жоқарысы майлы Шеңгел, төмени Арал теңизи, еки ортасы қарақалпақ. Буған ханның араласы жоқ".

Маман: —„Ханға қәдир, қымбаттың қандай"

Айдос: —„Ханның еки меҳрем ўәзири бар. Мен Хийўаға қарай жүрсем, сол еки мәҳрем Қоскөпир деген жерден алдымнан шығып күтип алды дағын, екеўи атымның жылаўынан услап жаяў жуўыра береди. Сол барысым билән Хийўаға кирип, есикке атлы кирип, хан болатуғын жайдың есигине аттан түсемен. Еки меҳрем сол жерде атты услап қала береди. Ханның өзи есиктиң алдына шығып қарсы алады. Қушақласып көрисемиз. Ишкериге киремиз. Тахқа екеўимиз жанасып отырып сөйлесемиз. Ислеримизди питкеремиз. Ўәдени бир жерге қоямызда, мен шығаман. Хан бағанағы қарсы шыққан жерине алып келип салады. Сол жерде атымды тутып, барған еки меҳрем биреўи қолтықлап, биреўи зәңгимди басып, атландырып екеўи жылаўымда жуўыра береди.

Арналған қосыма апарып түсиреди. Мен елге қайтпағанша хызметте болады.

Хийўаның ишинде бирер жерге қыдыра қойсам, жылаўымда жуўырып жүргени-жүрген.

Елге қайтарман болсам, және Қоскөпирге дейин жылаўымда жуўырып шығарып салады".

Маман: —„Сөзиңниң сынған жери барма? Ырайың қайтқаны болдыма?".

Айдос: —„Жоқ. Жөн сөзим еки бастан мақул, елеге дейин жөн болмаған сөзлеримде мақул болып турды".

Маман: —„Бул мәртебелерди қайдан, не себеплерден болды, деп билесең?.

Айдос: —„Елимниң көплиги, аўзының бирлиги, ел қорығандай батырларым елдиң сөзин айтатуғын шешенлеримниң салдары Хийўалының жүрегин суўытып турғаны өзимниң ерлигим оның үстине".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маман: — „—Солай болса, сен бизге көш деп айтпа, қайтып-кете бер.

Мәртебең қутлы болсын. Биз усында турсак, ислериң паянлы болар".

Айдос: — „Жоқ. Бәримиз бирге болайық, бирлик қылайық. Орынбайға, саған зор дәрежели жарлық мөҳүр алып келдим. Елдиң ҳәзинде, мийнетинде бирге ортакласайық".

Маман: —„Сениң ерлигиң болса да, бирлигиң жоқ. Ҳәзирги мәртебе ҳәзлик—удайына болар деп ойланып келешекке үлги салып, болжай алмай қам қамысты уўалап жүрипсең".

Айдос: —„Муны не себептен айтасаң? Мунық қайсы бир исимнен мин таптыңыз?"

Маман: —„Сен аңгөдек адам, ойланбайсаң. Жаңадағы айтып отырған мәртебелериң бизиң мунда турғанымыздан. Биз сениң-жел жағыңа қорған, Жаңа дәрьядан сондай ағайиним бар деп жүре берсең, усы мәртебең шаң қонбас удайына кетер.

Егерде қоймай алып барып, журттын бар-жуғын бир тесикке қамадың бар ғой, оннан соң Хийўаға барғанында Қоскөпирден алдынан шығатуғын меҳремлер сен барғанында жалғаннан уйқылаған болып жатар. Есиктеги куллары жақын жолатпай қуўып турар. Сениңдей аңгөдек адам шыннан алданғаңын билгеннен соң ишқыста болып өлер, ямаса жоқ болып сүйеги дүзлерде қалар.

Бир өзиңниң исиң, болса, өзи билсин. Аты елдиң көрген жәбир-машақаты кимниң мойнына болар екен".

Айдос: „—Олай болмаға жол жоқ. Елимиз жигитлеримиз тоқ болып турғанда, мундай истен қайғы жоқ".

Маман: —„Әпжыланның майын ишкен Хийўалы еле саған араласар. Араңа бузықлық салар. Елде жарым ес жигитлерди таўып алар. Биреўин ҳәмелге, биреўин пулға қызықтырып өз инилериңниң қолы билән өзиңниң жағаңнан алдырар. Бара-бара зорайтар, Ис қолдан кетер. Соң өкингенниң пайдасы болмас".

Айдос: —„Сизиң бул сөзлериңиз бизиң журтымызды көрмегеннен соң қыял билән айтылған бир сөз. Бу күнде бир қәдиримизди тиклеген ис, сенлер барғаннан соң қарақалпақтың орыны үлкеймесе, киширер деп қорықпаңыз".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маман: —„Сөйгсен де бул сапар қайтып истиң түрин дағы барлап, тереңнен ойлап көр. Макул көрсең, қайтып келе ғой, соған дейин мәулет бер".

Айдос: —„Бул жасыма келгенимше атасы басқа Хийўалыдан, ат айланбас әйледурдан, түп деген түкиригимиз жерге түспей, сағымыз сынбай келгенде өз туўғаным сенлерден сағым сынатуғын болса, биротала ала жипти кесип, бир-биреўди қайтып көрместай болып кетермен"—деди.

Маман: —Өзиниң балаларына:—„Болмас, балалар, түйелерди қамалаң. Арбаларды майлап, жегиң. Есер кисини өкпелетип жиберип, бир ис арттырама деп жүргеннен, бизде арасында бирге болып, көре қойайық. Тислесе, өз бармағы"—деди де, елин көширди.

## ӨТЕПБЕРГЕН БАЙ

Кенегес Ерназар аталықтың егеде болған, дәўлетиниң де толысқан ўағы қыят Садық аталық жас бала жигит жаңа ҳәмелдар болған ўағы екен.

Бир күни Ерназар аталықтың үйине Садық аталық келип, қонды. Жанында Өтепберген бай бирге болған әди. Өтепберген байдың картайыңқыраған ўағы екен.

Ақшамлықта гүрриңлесип отырғанда Ерназар аталықтың иниси Нуралы қара деген Өтепберген бийди мукатып болып биркекесин сөз сөйледи: —Өтеке, жасың болса, қартайды,Дәўлетиң болса,мол, бар.,— деп еситемиз Енди қудай деп бала-шағаның алдында барлықтың ҳәзлигин көрип отратуғын екен. Усы жасқа келгенде бирдеме тамармадеген кисидей өз қатарың жок, жалаң жас жигитлердиң изине ерип, сыпайығершилик қуўып жүргениң айып. Көп жигиттиң ортасында бир өзиң тап қойдың ишинде жүрген жалғыз ешектей көринесең",—деди

Өтепберген бай:—деди. ,—Айтарсаң айтарсаң басыңа түспеген адам",—деди. „Сениң қайғың жоқ. Кәтеплы бир қала нарың (Ерназар аталық) бар. Үстине артқан жүгиңди (елдиң исин) көп арттың, аз арттың демей, аўдырмай, қалдырмай, табаны қолтығы тиймей нәзерлеген жерине алып барып ҳәм алып келеди де турады, Сен қайғысыз арқайын үйинде жата бересең Мениң бир күшине толмаған тайлағым бар (Садық аталық), Тапқан жүгимди (елдиң исин) соған артып, өзим же-



www.ziyouz.com kutubxonasi

теклеп бир жерде аўады,бир жерде ақсайды. Қолтығы питеди. Жүк орта жолда қалатуғын болады. Сол жүкти жолда қалдырмаслық ушын тайлағымды жетелеп мен де жүрмен. Аўса, дүзетемен, көмеклесемен". —деп жуўап берди.

Сонда Ерназар аталық:—"Саған ким қойыпты. Өтепберген байды келеке қылмаға?—Ҳалын билмеген ҳәлек болады„,—деген.—Тур. Өгекеге бир сарпай алып келип жап!„—дейди.

Нуралы қара Өтепберген байға бир қара шекпен жаўып:

—„Ҳүзир, ханлық!" —деп қалған екен.

## ӨТЕПБЕРГЕН БАЙ БИЛӘН ҚУТЛЫМУРАТ БИЙ

Араллы Қоңырат Кутлымурат бийи өз заманында зор, айтқан сөзи ханға өтимли, сөзи сынбайтуғын бир адам болған екен.

Оның билән заманлас қарақалпақ Өтепберген бай тилге шешен, ақылы толық болса да, сөзи ханға көп өтимли емес екен.

Өтепберген байдың ханнан питетуғын бир жумысы болса да, өзи гене барған билән питпейтуғынына көзи жетип, соңында бир сөзи өтимли адамды алдына салып бармаға нийетленип жүргенде Кутлымурат бий Хийўаға атасныпты. Өтепберген бай да изинен бир қосшысы билән атланып жүре берипти. Бирақ өзиниң жумысын Кутлымурат бийге түсиндирип айтпаға ҳисабын таппай, қайтпаға бата алмай бара айтса, бир гезде Өтепберген бай қосшысына айтыпты. —„Сен Кутлымурат бийдиң бир қапталы менен қаш мен, қуўайын. Бийдиң көзи түсип, бир сөз сорамаспа екен"—дейди.

Қосшысы қашты, артынан Өтепберген бай қуўды. Бийдиң тусынан өте бергенде, бий сорайды: —„Хийўаға баратқан адамлардың биреўи аталық, биреўи бий, болайын деп баратыр. Өтепберген бий не болайын деп баратқан екен?"—деп сораса, —„Аға, өзиң өзинен сора",—деп тусынан өте берипти. Сол ўақ, қуўып киятқан Өтепберген байда бийдиң қатарына келипти. Бий сол сөзин буғанда айтыпты.

Сонда Өтепберген айтыпты: —„Аға, мен хан болайын",—деп баратырман",—депти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кутлымурат бийдиң „Хан болғаны қалай?"—деген сораўына Өтепберген бай: „—Жигиттиң айтқан сөзи тыңланып, көңлиндеги иси пите берсе, сол хан болғаны ғой",—деп жуўап берди.

Сөз сөзге баска жолдаслары түсинбей, журт елеспесиз бир сөз деп ойланып жүре берди. Кутлымурат бий түсинген болса керек, „Жақсы",—деди.

Өтепберген бай: „—Енди исим питти ғой"—деп арқайынлық билән жүрип, Хийўаға барып түскен екен. Кутлымурат бий Өтепберген байға: „—Алдыма түс!"—деп алып кетип, ханға алып барып, алды менен мунын исин питкерип қайтарған екен.

Мақал: Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады.

## ҲАТАМТАЙ ЖОМАРТ

Ҳатамтай деген өзи қатты кеткен ҳисапсыз бай болып, сол байлығына ылайық сақый адам екен. Соннан келген, өзи үстине күнлик кийимлер кийип, күнде бир ўақ тоғайға барып, отын шаўып арқалап келип, соны сатып кәсип қылады екен.

Бир күнлери қатарындағы бир таныс адамы айтыпты:

—Ҳаў, Жомарт, Сизиң усынша дәўлетиңиз бар, Сақыйлығыңыз журттан асқан. Талай ашты тойдырып, талай жалаңашқа кийим, пиядаға ат болдыңыз. Соннан келген өз басыңызды кемшиликке салып, жетер-жетпес адамдай арқаламай отынға барып, жарамас қорландыратуғын кәсипти қылып, қорланып жүрисиңиздиң мәниси не?"—деп.

Оған қарсы Ҳатамтай айтыпты:

—„Мениң бундай етиўиме төрт түрли себеп бар. Бириншиси, азада болып, ҳасыл кийим кийип, жақсы атқа минип жүрсең, көңилге самал енеди, көтериледи. Салтанат себебинен желиккен көңил билән өзинен жарлыға, ғәрип-бийшараларға тәлимсип, көз салмай кетип, кем-кетиклерине жәрдем қылыўға умытып кетермен, деймен. Екиншиси, мен бар бала турып, жумыс қылсам, буның не кемшилиги бар? Ҳатамтай да ис қылып жүр, деп бағзы бир жалқаўлардың ибарат алып, иске ҳәўес болыўына себеп боларман, деймен. Үшленшиси, қудайдың кутлы күни өз мийнетим билән тапқан пулыма алып жесем, бойыма сиңимли, маңлай



www.ziyouz.com kutubxonasi

тери билән табылған асгың мазасы да артық болады екен. Төртленшиси, барлық байлықты өзим ишип, өзим жеп, тийисли орнына жумсай алмай, көбин қары етип қойсам, гүналы боларман, деп қорқаман",—деди.

Мақал: Асың барда ер таны, атың барда жер таны.

## ХАТАМТАЙДЫҢ ИНИСИ

Ҳатамтай жомарт өлгеннен соң, Ҳатамтайдың иниcы: —„Мен де Ҳатамтайдай боламан, ат көтеремен", —деп, малын шашпаға, орынлы-орынсыз ҳәркимге бөлистирмеге баслады.

Енеси оған айтады екен:

—„Сен дүньяны орынсыз шаша берме",—деп.

Анасының буныңай сөзлери бираз ауыр түйилип, көңлине келип, анасынан сорайды:

—„Сиз маған дүньяны жоқ етпе",—дейсиз. Рәҳмети Ҳатамтай ағама неге бундай сөз айтпайтуғын едиңиз. Ҳатамтай туўған анадан мен де туўған емеспе едим ямаса Ҳатамтайға жыйналған мал маған питкен жоқпа ямаса мениң сақый аталғанымды хош көрмейсиз бе?"—деди.

Анасы жуўап берипти:

—„Ҳатамтайжан туўғаннан соң үш күнге дейин емшек ембеди.

Емшегим сызлап, сүти сыймай бараткаңнан қонсымыздағы бир жетим баланы алып келип едим. Қушағымда отырған Ҳатамтай жылағанын қойып, екинши емшегимди еме баслады. Бәрқулла әдети солай болып, бир емшегимди жаңағы жетим балаға емизип турсам, олда емип, емизбесем, Ҳатамтай сире емшек ембейтуғын еди.

Ал енди, балам, сениң минезиңе қарасақ, туўған күниңнен бермаған қарап, бир емшекти емип жатқаныңды екиншисин еки қолың менен услап жататуғын едиң. Ҳатамтай туўысында сақый, сен туўысында бақыл едиң. Қалай қылсаң да, сен Ҳатамтайдай сақый бола алмайсаң. Малыңды орынсыз жоқ қылма, дейтуғынымның мәниси сол, балам",—деди.

Мақал: Ҳәлин билмеген ҳәлек болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МОЛЛА МЕНЕН ҚЫЗ

Бир ауылда бир ғарры ахун молла бар еди. Жасынан Хийўаға барып оқыған, еллисине келгенде дәрисин қатым етип қайтқан еди. Аўылға келсе, үйленер ўақты өткен. Өзи де жекке турмаға үйренген еди. Соның ушын бир үйде жекке өзи китаплар қарап өмир кеширди.

Ахунның алдында ошақ. Ошаққа жаққан оттың ямаса салған көмирдиң шоғы арылмас еди. Бир күни азан мәҳәлинде бир жас ғана қыз есиктен келип: —„Хызметим бар",—деди.

Ахун: —„Келе ғой",—деди.

Ахун: —„Не хызмет, балам?"

Қыз: —„Ахун ата, ақшам тезек көмип едик. Тутанбай өшип қалыпты. Шақмағымызда жоқ еди. Соның ушын Сизге келдим. Ошағыңыздан бир-еки қоз алайын,"—деди.

—Балам, алсаң, зыяны жоқ, ала ғой. Бирақ қолыңда от салый кететуғын нәрсең жоқ екен, Неге салып кетер екенсең?—деди ахун.

Қыз: —Шоқ алып кетпеге қолым бар,—деди.

Ахун бул сөзге ҳайран болып турды. Қыз алақанына суўық күлден бираз салды да, күлдиң гене үстине үш-төрт қозды дизип қойды. „Рахмет, ахун ата!" деп шықты да кетти.

Ахун сол ҳайран қалысы сенен кеткен қыздың арқасынан қарап турды да, ядына бир нәрсе түскен адамдай қәддин тиклей берип, өз мушы менен өз манлайына бир урды. Сөйтип жылап жибере берди.

Өзиниң қартайғанша оқып, хат танығаннан басқа керекли болған нәрселерден ҳеш нәрсе билмей қалғанына өкинди. „Сонша жыл оқығанымның ишинде маған бир пайдалы билим үйреткен устазым усы қыз болды. Билимди бастырынып жатып китаптан оқыған менен гене таўып болмас екен. Тәбиятты сәйир етип көз бенен көрип, тәжирийбе менен ҳасыл қылмақ керек екен",—деп тоқталды.

## АДАМ МИНГЕН АДАМ

Бир соқыр адам таяғын сермеп басып, қармаланып киятырса, аяғын тас қағып сүринди. Тенгиреклеп кетти, оның менен турмай, қораға барыпта соқлықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол жерде бир ақсақ отырып еди, муны көрип шақалақ атып келип күлди.

Күлкини еситкен соқыр еплеп барлап, бунын қасына келди ҳәм сорасты.

Соқыр: —Сениң көзиң бар екен. Маған жол көрсетип жүр,—деп өтинди.

Ақсақ; —Ҳаў, мениң аяғым майып ақсақпан, жүре алмайман ғой,—деди.

Соқыр: —Олай болса, сени аркалап жүрейин. Маған минип жүрип жолды көрсет,—деди.

Ақсакка да макул келди. Соқырдың арқасына минип алды. Соқыр дым қараўлы сокыр еди. Бүйирин какпай жүрип, тегис-тегис жер менен қәлеген жерине бара беретуғын болды.

Екеўи бирликтиң арқасында соқыр көре алатуғындай болып, қәлеген жерине барып өмир кеширди.

## САБАҚ БАСЛАНҒАН КҮН.

Күнде тым-тырыс болып даўыс шықпай турған бир мектепте бүгин ыбыр-жыбыр балалар толы оқып атыпты. Ҳәммесиниң ўақты хош. Неге ўақты хош болмасын? Сол күни оқыў басланып еди. Жазлай оқый алмай хәўесек болып жүрген балалар бүгин азан менен келип еди. Қәлпеси буларға оқыў ҳаққында жақсы сөзлер айтып, былтырғы оқығанларыннан басқа жаңа-жаңа сүўретли китаплар берип, сол жаңа китаптан сабақ басланып еди.

Бирақ ишинде бир бала бар, муңайып капаланқырап турыпты. Не ушын қапаланған?—десек, ол азан менен мектепке бармақты умытқанба? ямаса ўйықлап қалғанба? Мектепке кеш келип, қәлпеси оған: —Бүгин сабақ ўақты өтти. Енди сен ертең басларсаң"—деген екен.

## УРЫ МЕНЕН АШ

Бир аш адамның үйине уры түсти. Үй ийеси ояў, урының келгенин билип атыр еди. Үйинде уры алғандай нәрсеси болмаған соң, қәўпи де жоқ еди.

Уры үйдиң ишин ақтарды. Қолына ҳеш нәрсе илинбеген болса керек: ылашықтың ортасында зеңирейип турды. Үй ийеси: —Күндиз мен ҳеш нәрсе тапқаным



www.ziyouz.com kutubxonasi

жок. Қарацғыда сен не табатуғын един, тапсаң, алағой,—деди.

Уры бул сөзден уялғансымақ болып, шығып кетти.

Үй ийеси: —Есикти қымтап кет!—деп даўыслады.

Уры:—Мен мал алып, пайда таппаға келип едим. Хызмет қылмаға келгеним жоқ,—деп шығып кетти.

## ОҚЫҒАН БАЛА

Бир бала қысы билән оқып, калада жатып, бәҳәр қайтып келсе, атасы дийханшылық етпек ушын қос шығарып атырған ўақты екен.

—„Балам, жақсы келдиң. Бизиң исимизге көмеклес. Мына тырманы алып атызға жүр. Тухым себилген жерди тырмаларсаң. Шөплерин тырмалап бир жерге жыйярсаң",—дейди.

Бала еринип, ис қылғысы келмей:"—Мен оқып, ҳәртүрли билимлер үйренип, каракалпақтың сөзлерин умытып кетиппен. Тырма дегенниң не екенин билмеймен",—дейди.

Соны айтып болып, өзи далаға шығып баратыр еди. Аяқ астында шалқасына түсип жатқан тырманы аңламай, тисинен басып еди. Сабы келип маңлайына сарт ете қойды.

Соннан соң тырманың не екенин билди. Маңлайын сыйпай турып:—„Қайсы ақмақ тырманы аяқ астына таслаған?"—деп айтып қойды.

## ЯЛҒАНШЫ

Қой баққан бир шопанға қойдың ийелери айтып қойған еди:—„Жаза тайым қойға бөри шаба ғойса, төбениң басына шығып қыйқыў сал. Өзлеримиз барып, айырып алып қаламыз",—деп.

Бир күни шопан аўылдың адамларын шақырып, бир тамаша қылайын деп, бир төбениң басына шығып:

—„Аҳа, қойға бөри шапты",—деп қыйқыў салды. Аўылдың еситкен адамлары қолына ким бел, ким жаба, ким айры көтерип, сүриўге келип қараса, шопан ишек-силеси қатып күлип жүрипти.

Истин ҳасылын билип халық тарқап кетти. Мундай ис еки-үш жола болып өтти. Бир күнлери шынында бөри шаўыпты. Араламаға, бөрини қуўып жибермеге



www.ziyouz.com kutubxonasi

шопанның бир өзиниң шамасы келмей:—„Аҳа, бөри!„ —деп қыйқыўлаған екен.

—„Баяғы әдети дағын“,—деп аўыл халқы еситсе де, бармай қалыпты. Бөрилерде аркайынлық билән жүрип, қойларды алқымлап, бир нешесин жеп, өте кетипти.

Соның ушын шопан тийисли жазасын тартып, қалған өмиринде сөзине киси инанбайтуғын болып, белгили өтирикши атаныпты.

Мақал: —Өтирикшиниң шын сөзи зая кетеди.

## КӨСЕ БИЛӘН ШАЙТАН

Бир күни Алдар көсе билән шайтан екеўи жолдас болып, сонарлап жүрип, бир қоян атып алды. Соң қайтып аў табылмайды.

Қарақалпақ дәстүринде олжаны жасы үлкен болған адам байлап алып кететуғын еди.

Соның ушын екеўи жас сорасты.

—Қудай дүньяны жаратқанында мен жети жасар бала екенмен,—деди шайтан.

Муны еситкен Алдар көсе солқылдап жылай берипти.

—Неге жылайсаң?—деп сорапты Шайтан.

—Сен сол туўған күни мениң жети жасар балам өлип еди. Өлген балам есиме түсип, кеўилим елжиреп кетти,—деди.

Есаплап қараса, шайтан көсениң тұңғыш баласынан жети жас киши шықты.

Сол сөз бенен алған аўды көсе байлап кетти.

Мақал: Сақ ғарға сағағынан.

## ХОЖА НАСЫРАТДИЙИН

Хожа Насыратдийин бир қоңсысынан кәжети ушын бир қазан сорап алыпты. Қазан үлкен қазан екен. Үш-төрт күннен соң ийеси келип қазанын сораса, Хожа силтеў берип:

—„Қазанның анаў турыпты“—депти.

Ийеси қазанның қасына келип қараса, қазанның ишинде бир кишкене қазан бар.

„—Муны не қылайын?“—деп сорады.

„Сол кишкене қазанды сениң қазаның туўды. Екеўин де алып кете бер“,—депти Хожа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазанның ийеси көп сорасып турмады, қуўана-к уў ана алып кете берди.

Бир күнлери сол қазанды және сорап алды. Бир неше күннен соң ийеси қазанды және сорап келген екен. Бул сапары Хожа:

—„Қазаның өлип калды“,—деп жуўап берипти.

—„Қазан өлетуғынба еди? Өлетуғын оның жаны барма еди?“—деп ийеси жәнжел салды.

—„Ҳаў, сен өзиң қалай, қалайсаң? Жаны жоқ болса, ол қазан неге туўады? Туўса, үндемейсең, Бала туўған қазан өлмейтуғын ба еди?“—депти Хожа.

## АТА МЕНЕН БАЛА

Бир дийхан онлаған жасындағы баласын қасына алып, егинге барып, атыз аралап киятырған екен. Жолда бир аттың аяғынан түсип қа ған гөне тағаны көрип баласына:

—„Мынаўды алып жүр„,—деди.

—„Өзи гөне, усы сынық жаман тағаның неге кереги бар?“—деп, бала тағаны алмай жүре берген екен. Атасы өзи алып, алдына түсип жүре берипти.

Аўылдың шетинде бир темирши уста бар екен. Тағаны соған төрт пулға сатып, арғы жағындағы баққалдан төрт пулға жийде алып, орамалға түйди де, және алдына түсип, жийдени биримлеп жеп жүре берди.

Артында баласы қызығып, атасы қолын орамалға алып барса, аўзына қарап жалтаңлап баратыр еди.

Атасының қолынан бир жийде түсти, бала дәрриў еңкейип, алып аўзына салды. Және-және ҳәр ўақ бир-бирден жийде түсетуғын еди. Бала ҳәр бирисин еңкейип алып, аўзына салып баратыр еди. Солай етип онлаған жийдени алды.

Бир ўақлары атасы қолындағы жийдени орамалы менен баласына берди де айтты: —„Көрдиң бе, балам жаман тағаны жерден бир жола еңкейип алмаға қыйналған един. Соған алған жийдениң түсип қалғанына онлаған жола еңкейип алып жедиң.

Енди буннан былай ядыңда болсын: аз исти киши деп ислемей, қалдырсаң, аўыр иске тап боласаң. Азға қанаат қылмасаң, көптен қуры қаласаң“,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЙИРМАН БАЛА.

Жалған сөйлеген адамның, я урлық қылған адамның қолын кесетуғын нызам Қытай журтында бар екен.

Бир күни бир Қытай адамы усындай бир ис пенен гүналы болып, қолы кесилиуге ҳүким болыпты.

Жаңағы киси сол жазаны тартпақ ушын барып турғанда оның жас қыз баласы:

—"Атамның жазасын мен шегемен",—деп мәлим қылыпты.

—„Гүналының орнына гүнасызға жаза берип болмайды",—дегенде қыз:

—„Тақсыр, мениң атам жазаға ылайық болғаны ырас. Соның ушын қолынан жуда болайын деп турыпты",—Өзиниң қолын көтерип:—„Мине, тақсыр, бул да атамның қолы. Бирақ, бул қол менен бала-шаға асырамаға болмайды. Буйырыңыз, тақсыр, усы бала-шаға асырай алмайтуғын атамның нашар қолын кесип, бала-шаға асырамаға жарайтуғын қолын аман қалдырыўға",—деп ҳәкимге арыз қылды.

Ҳәким баланың атасына соншелли мийирман екенин көрип, ырза болып, атасының гүнасын өтеп жиберипти.

## БӨРИК

Кишкене ғана Кәримберди бир күни киси жоғында қазыққа илиўли турған ағасының курашын алып, өзиниң бисына кийди де, бир заман турды. Саққа жүгинип отырды.

—„Мен енди үлкен киси болдым",—деп ойлады.—„Үлкен киси болғаннан соң, енди далаға шығып, аўыл қыдырып келейин",—деп жүре берди.

Бирақ, оның үлкен болғанын курашы тыңламады, үлкенлигин етип, Кәримбердиниң мурнына дейин түсти.

Кәримберди буған да қарамады. Қолына бир таяқ алды да, үлкен кисидей адымын керип басып, анамандағы бир аўылға қарай жүре берди.

Буны өристе мал бағып жүрген Бегдулла көрип, күле-күле даўыслап қышқырды:

—„Ҳәй, бөрик, сен не қылып жүрсең? Бизиң Кәримбердини қайда алып барасаң?"—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КҮЛМЕГЕЙСИЗ ҒАРРЫҒА

Бир кисиниң еки баласы бар екен. Балалар шоқ болып, өткен-кеткен. кемпир-қарт көринсе, ермеклеп күлип, әўерелейди екен. Бир күни қоңсылары келип:

—„Сениң балаларың шоғырақ. Ғарры менен кемпир көрсе, ермеклейди. Ҳәзир бир кемпирди ермеклеп қалды. Балаларыңызға айтып, тыйыңыз",—депти.

Ол киси балаларын шақырып алып, нәсийҳат қылып:

—„Кемпир-ғаррыға тиймениз, қайта сыйлаңыз. Оларда сизлердей озалда жас болып, бара-бара картайған. Сизлерде сондай болып қартаярсыз, балаларым. Қойың әдетиңизди",—деди.

Балалар соннан соң кемпир-ғаррыға тиймейтуғын болып, ўәде берип кетип, бираз күн жүргеннен соң сол ўәдесин умытып және бир мәпилик ғаррыны ермеклейди.

Оннан соң балаларын шакырып алып атасы:

—„Енди мен бул дүньяда турғым келмейди",—депти.

Балалары;—„Ол неге?" деп азар-бийзар болыпты.

Атасы айтыпты:—„Егер мен өлмей қартайғаншелли турсам, Сизлерге қусаған әдепсиз балалар ермек қылып, мазамды алар, деп қорқаман",—деди.

Балалар атасының бул сөзине жүдә қысынып, уялғанынан бетлери қызарып кетти. Соннан соң олар ғарры адамларға күлиўди, ермеклеўди баспүкил қойып, әдепли болдылар.

Мақал: Ғаррыны сыйла, өзиң ғарры боларсаң.

## ТҮСИНГЕН БАЛА

Баймурат ғарры қолайсыз жаққа кетип баратырған сыйырдың артынан қарап турып, аса таяғын жоқары көтерип, қатты даўыслап:

—„Ҳа, көк сыйыр, қайт!"—деп қышқырып еди. Сыйыр ғырра айланып артына қайтты. Жанында ойнап жүрген сегиз жасар ақлығы Өтеўли ойынын қойып, буған ҳайран қалып, бабасынан сорады:

—„Ата, мал да адамның тилине түсинеме?"—деп. Бабасы айтты:—Үйретсең, түсинеди, балам",—деп. Өтеўли бир заман қарап, ойланып турды да:

—„Ата, мени қалаға жиберип оқыт",—деди.

Алыс билән жуўықты жорытқан билер,

Мақал: Ашшы билән душшыны татқан билер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛТЫНЫ ОН ЕКИ ҚЫЛЫЎ

Өтенияз оқымақ ушын үйинен шығып, мектепке киятырғанында жолда қос айдап жүрген бир дийқан бабаны көрип, сәлем бердиде:

—„Ҳарма, баба! Не ғып атырсаң?“—деди.

Баба сәлемин алып:

—„Балам, алтыны он еки қылайын деп атырман“,—деди.

Өтенияз бул сөзге түсинбеди. Уялыңқырап, үндемей кетип, мектебинде өзиниң муғаллиминен сорады.

—„Ақыллы баба екен. Көп мәнисли сөз сөйлепти“,—деди муғаллим.—„Бунын мәниси алты ай дийханшылық етип, бала-шағаға он еки айлық тамақ тайынлайман дегени еди“.

## ДӘРТКЕ ЖАРАҒАН БАЛА

Муздың жаңа тоңған мезгилинде Сайеке көлге барып, шанышқы билән собап, балық шаншып алып жүрип еди. Тоғыз жасар баласы Елибек алған балықларын жормалға дизип, ағасының изинен сүйреп баратырып еди.

Сайеке аңламады. Муздың әлжуўаз болып қатқан жерин басып, ойылып кетти. Өрмелеп тырбанып қараса, шыға алмады. Тек қолы менен асылды да, турды.

Езилген дизилген балықларды муздың арырақ, беккем жерине қойды да, жормал жиптиң уш жағын саўмалап, шуўмақлап ағасына таслады. Өзи балықтың үстинде отырып, аяғын муздың үстине шығып жатқан музға тиреп, жиптиң ушын услап тартып турды.

Сайеке жиптиң ушынан услап, өрмелеп шықты да:

—„Мени өлимнен қутқарған, шырағым!—деп бетинен бир сүйип, жылынбақ ушын аўылына қайтты.

Мақал: Жақсы бала есиктеги әкени төрге шығарады.

## АТА ЎӘСИЯТЫ

Бир аўқатлы дийқан өлеринде балаларын шақырып, ўәсият қылыпты:

—„Мен өлгеннен соң қорағытсаңыз, бағдағы ағашлардың тамырларына зыян келтирмей, бағды қазарсыз. Онда жасырылған ғәзийне бар“,—деген еди.

Бир күни балаларына дүнья керек болды, тарықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағдың ишин геўлеп көрди. Ғәзийне табылмаған сон,—„атамыз өтирик айтқан екен",—деп қайтты.

Сол жылы бағдың мийўасы зор болды. Жылдағыдан он есе артық пулға мийўа сатып, теңгени алдыларына үйип, үш ағайин алысқан ўақытта ғана атасының айтқан ғәзийнесиниң не екенлигине түсиндилер.

Оннан соң жерди көп ислеп, жумсартып, төгин менен күшейтип, егетуғынға үйренип, тезарада булар да ғурғын дийқан болып, ҳәзлик пенен өмир кеширдилер.

## ХАЛЫҚ СЫНАҒАН БАЛАЛАР

Ҳилал билән Сүйиндик екеўиниң үйи қоңсы, бир жерде еди, оқыў тоқталып, қаладан қайтып үйлерине келип еди. Ҳилал кийимлерин шештиде:

—„Мен балалар менен топ ойнайман",—деп көйлекшең шығып кетти.

Сүйиндик олай қылмады. Апасына қарап:

—„Апа, ағам қайда?"—деди.

—„Картайдым",—деп қарап жатып болама? Балам: арпа егейин деп қосқа шығып кетип еди. Сен келгеннен соң, саған қарап түслик тамағын да алып бара алмай отырман. Аш болып қалған шығар?"—деди Канбийби.

Сүйиндик:—„Бизди адам қыламан, деп қартайғанша мийнети арылмаған бийшара-ай! Тамағын өзим алып барып, иси бар болса, бираз көмеклесейин",—деп шапшаққа куйып қойған жарманы алып шығып кетти.

Көзайдын айтпаға келген адамлар кайтып баратқанда:

—„Балаң болса, Сүйиндиктей болсын. Ой, мунын көсеўи көгереди-ғой. Анаў аланғасар ғарры әкесин тилине алып сорағанда жок. Ол не ийгилик көрсетер, дейсең? Болар бала жастан ақ белгили ғой",—деп тарқасты.

Мақал: Атаңа қылғаның алдыңа келер.

## ТҮСИМПАЗ БАЛА

Ғайып ойыннан кайтып, үйине келип:

—Апа, маған бүгин сүттиң көбигин жалатқаның қайда? Күнде қаспағын-да беретуғын едиң"—деди.

Апасы:—„Бүгин бузаўлар емип, малға қосылып кетипти. Сыйыр саўмасақ, нени берейик?„—деп жуўап берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғайып төмен қарап муңайып турса, азанда апасынын:

—„Шырағым, Ғайыпжан, бузаўлар емип кетпесин, хабардар болып ойна. Баспақты қайтарып тур. Кийимлериңиз жыртыла баслады. Мен алағада болмай отырып, қозаққа түсип, бөз тоқыйын",—деген сөзин умытып кеткени есине түсип, уялғанынан бети қызарып кетти.

Сөйтип турып:—„Бузаўлар малға қосылып кеткен болса, кешки сүттен де қурықалармыз",—деди де, үйден жуўырып шығып кетти.

## АЙЗАДА БИЛӘН ҚАНЫГҮЛ

—„Ҳа, шеше, былтыр сен де Мырзағаны оқыўға жиберип едиң, Ҳеш нәрсе үйренип келиппе еди?„—деди Айзада.

—„Беў, келин-ай, апаттай теңгени жоқ қылып кийиндирип жибергендеги пайдасының қайда екенин билмеймиз. Өзимиз жок-жуқа адам, кәмбағалланып қалдық. Еле баяғы турысы. Өзиңниң балаң қалай?"-деди Қаныгүл.

—„Мырзағаның өзи мында екенинде де суўдырлы қыйқаң еди. Онда да ойынға берилип, жөнли оқымай жүре берген ғой шамасы. Бизиң Сарымсақжан, өмири узақ болсын, кеткенде ҳешнәрсе билмейтуғын еди. Усы сапары оқый келгеннен бермаған „Мәспатша" деген бир қыссаны әнедей қылып оқыйды да отырады. Өләмәта ойын менен де иси жок„,—деди Айзада.

## СЫЙЫРДЫ ТАПТЫ

Қалбийбиниң еки ғана туўған сыйыры бар еди. Биреўи өристен келмей қалды.

—„Ҳәй әттегене, көлде батпаққа батып, болмаса ийт-қусқа ушырап қалмаса, болар еди дағы!„—деди Қалбийби.

Он жасар қызы Әнар, сегиз жасар улы Сапар екеўи:

—„Бизлер барып излеп келейик",—дедилер.

—„Қой, сенлердиң даўысыңызды танымас. Айдаҳай қоңыр сыйырды саўа салып, өзим барайын",—деди Қалбийби,

Саўып болып шелегин қойып, Әнарға тапсырды да, Сапарды жанына алып, өзи излеп кетти. Бир жалқамыстан өтип, саз даўысқа салып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—„Ҳәўкем, жаным, ҳаў-ҳаў-ҳаў!"—деп даўыслап кышкырып еди. Бир малдың даўысының барынша созып мөңирегенин еситти.

Булар барып таўып, уйыққа батып атырған жеринен шығарып алып айдап қайтты. Жолда киятырғанда:

—„Апа, сениң даўысыңды бул сыйыр қайдан биледи?" —деп сорады Сапар.

—„Кәўендер болған, азап бермей тәрбият қылған адамды мал таныйды, балам",—деди Қалбийби.

## ДОСЛЫҚ ТАБЫСЫЎ

Мектепте оқып жүрген Бектурды билип жетпеген сабағын өзинен озық Тилеўден сорап еди. Ол жөнин айтпай:

—„Билместей болсаң, неге оқыйсаң?"—деп арман қарап отырды.

Қапа болып қайтқан Бектурды баратырып:

—„Бәримиз бирдей кәмбағалдың баласымыз. Аталықтың баласындай сонша тәкаббыр болып",—деп айтқан сөзин Тилеўдиң қулағы шалып кетип, қуйқасы жуў етип кетти. Орнынан турып барып, Бектурдының мойнынан қушақлап, жалыныўы менен барып отырғызып, билмеген сабағын үйретип жиберди.

Мақал:—Ашыў араз, ақыл дос,

## КЫЙҚАҢ БИЛӘН ЖӨНЛИ БАЛА

Қалада оқыў тоқталғаннан соң Бәкеш билән Сийрек екеўи жолдас болып аўылына қайтты. Булардың жерлери жолдың үстинде еди, узақтан көринди. Екеўиниң де ата-ана, туўысқанлары жердиң басына келип, пахтаның отағын алып жүрген екен. Екеўиниң де жери жолдың еки жағында еди. Ҳәрким өз жерине қарап, айырылып кетти. Екеўиниң де туўысқанлары көрип қуўанысып қалды.

Бәкеш бопса қылып:

—„Алты айдан бермаған жаңа келгенимде мени үйге алып бармай, бунша дүньяхор болып",—деди.

Баласының ырайына қарап. атыздағы жумысларын таслап, бәри де үйлерине қайтып кетти,

Сийректи барған сайын бир ой басып баратыр еди:

—„Бул бийшаралар қартайғанша сорлары арылмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

күнниң қуяшына күйреп, диңкеси қурып жүргени. Бүйтип жүрген бизден булар кашан рәҳәт көреди?"—деп гүңкилдеўи менен барып, ата-ана, туўысқанларының қолынан алып, аманлық сорасты да, ғарры атасының қолындағы орақты алып:

—„Сиз бир заман саяда отырып, демиңизди алыңыз",—деп өзи атызға отаққа түсип кетти.

## ЕКИ ПАЗНА

Шойын менен усталық етип түрли ыдыс ҳәм қурал-асбапларын дүзететуғын бир шойыншы уста бир күни еки пазна қуйып шығарған екен.

Пазнаның биреўи кешикпей сатылып кетти. Қалған биреўине қардар келмеди, зәң басып дүканда жата берди.

Бир себеп пенен бир заманларда сатылған пазна устаның дүканына келди, өзиниң бирге қуйылған жорасын көрди, еле жатыпты.

Сатылған пазна дийқанның қолында, жер айдағаны себепли жүзи жарқырап, гүмистей жалтылдап турып еди. Дүкандағы пазна болса қарап атқаны себепли зәңлеп жаман болып қалып еди. Зәңлеген пазна жорасының шырайына қызығып айтты:—„Сен не ушын муңындай жарқырап суп-сулыў боп кеттиң?"—деди.

Жарқыраған пазна:—„Сен ис қылмай, бир жерде жата бергеннен соң, тотығып қалыпсаң. Мен күнде ислеген себептен татым кетип жарқырағачман",—деди.

## ЕКИ ЖОЛДАС

Еки дос адам жолдас болып, бир тоғайдан өтип баратыр еди. Тоғайдан бир аю шығып, буларға қарап топылды.

Булардың биреўи бурын көрди де, дәрриў бир ағаштың басына өрмелеп минди де кетти.

Қалғаны қартаңырақ еди. Жақынлап қалған соң билди. Шәпиклик ете алмады. Не қыларын билмей албырады. Бурын еситкени бар еди; өлген адамға аю тиймейди деген сөзди. Тек сол сөз есине түсти де, жүзин төмен, өзин жерге таслап, өлик болып жата берди.

Аю буның қасына келип ийискеледи, өйер-бүйерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

барлады. Бул демин алыўды да қойып, өлик болып жатты. Аю әрли-берли көрип-көрип, жаны жоқ екен деп ойлады да, таслап кетип қалды.

Соны көрип турған ағаштың басындағы жолдасы сыпқанап төмен ғаррының жанына келди. Бул да турып отырды.

Жигит оған дегишкен болып:

—„Аю сениң қулағыңа бирнәрсе сыбырлап атыр еди. Не сөзлер айтып кетти?„—деди.

Бул айтты:

—„Аю маған ақыл үйретти:—„Жолдасың жарамас екен. Қәтерли жерде таслап, өз басының ғамын етип кетти. Буннан былай жарамас жолдас билән жолға шықпағайсаң".

Мақал;—Жолға шықсаң, жолдасынды таўып шық.

### БӨЛИЎГЕ УСТА ЕКЕН

Бир жарлы дийқан бәҳәр ғәллесин түўесип, қалдаўрап турғанында ойланып бир ғазын сойып, уқсатып астырды да. бир төреге тартыўға алып барды.

Төре айтты;—„Муны алып келип едиң. Енди бөлип те бер. Мына биз бир қатынымыз, еки баламыз, еки қызымыз. Бар-жуғы алты жанбыз",—дейди.

Ойланып турып, ғаздың басын жулып алып, Төрениң өзине берип;—„Сиз үйдиң басысыз. Сизге бас ылайық",—дейди. Қуйрығын кесип, Төрениң қатынына берип айтты:

—„Сиз Төрениң изи, үй дүзеўшисиз. Сизге қуйрық ылайық",—

Еки қанатын кесип алып, еки қызына берип айтты:

—„Сенлер енди ушайын, деп турыпсыз. Сенлерге қанат бермек ылайық".

Еки баласына еки аяғын кесип берип айтты:

—„Сенлер Төрениң орынбасарысызлар. Сенлерге аяқ ылайық".

Енди қалған геўдеси аз да болса, пышық ушы деген бир қәде бойынша бөлистирген бизге тийисли екен". —деп қапқа салып қойды.

Төре мунын айтқан сөзлери билән қылған ислерине күлип, ўақты хош болып, көп теңге берип, сыйлап жиберди.

Мақал: Бөле билген ала билер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖӘНЕ БИР УСТАЛЫҚ

Бир бай дийқан еситипти: бир ғаз писирип алып барғаны ушын анаў жарлы дийқанға төре көп пул берипти деп.

Бул соған қызығып, мен де көбирек теңге алайын деп, бес ғазын бирден топ көтере сойып писирипти де, бәрин де Төреге алып барып, тартыў қылыпты.

Төрениң озалғы әдети: —„Мына алты жанның ортасында бөлип бер", —дейди,

Бай дийқан қайдан билсин Төре күлгендей қылып бөлмекти.

—„Өзлериңиз онысып алыса қойыныз", —депти.

Төре: —„Анаў күни бизлерге ғаз бөлип бергенди шақырып кел", —деп хызметкерин жиберип алдырды. —„Мына бес ғазды анаў күнгидей қылып уқсатып бөлистирип бер", —деп ғазларды оның алдына қойыпты.

Жарлы дийқан көп ойланбастан бир ғазды Төре билән қатынының алдына қойып: —„Мына ғаз билән Сиз үшеў болдыңыз". Бир ғазды еки қызға берип: —„Сенлер де үшеў болдыңыз". Бир ғазды еки балаға берип: —„Сенлерде үшеў болдыңыз". Еки ғазды өзи алып: —„Мине бизде үшеў болдық. Теппе-тең болды", —деп тура берипти.

Төре буған бурынғыдан да бетер ўақты хош болып, және де теңге берип, бай дийханды қуўып жиберипти.

## ТИЛ

Жүдә ертедеги бир заманда „Анатолий" деген бир мәмлекетте дүньяға билим тараткан зор алымлар жетискен екен. Сол алымлардың биреўи „Азип" деген екен.

Бир күни Азип алымның үйине өзиниң сабақласларынан бир неше адам қонақ болды. Булар Азип алымнан:

—Жүдә жақсы тамақлар, бурын жеп халық үрдис етпеген тамақлардан таярлап, өзлерин сыйламақты өтинеди.

Азип базарға барып қассаплардан сойылған қойлардың тиллерин сатып алды. Сол тиллерден қонақларға қонақ асы тайынлады.

Дәслеп қонақларға тил сорпасын берип, изинен сол



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилден ҳәзирленген, түрли-түрли наз-негметлерден тарта берди.

Бул тамақлар мазалы болса да, ҳәммеси тилден болған себепли тоя келе бир түрли самсазырақ болып көринди. Конағасыдан қонақлардың ырза болмағанлықлары аңланды: „—Жақсы тамақ дегениңиз усыма?“ —деп биреўи айтып салды.

Азип алым: —Жолдаслар! Дүньяда тилден жақсы зат табыларма екен?.. Жыланды инине киргизген тил емес пе? Батырлардың, көп әскерлердиң қанлы урыс пенен ала алмаған қалаларын тил менен алып болмайма? Адасқан елди жолға салатуғын, еки жаўды татыўластыратуғын, усы душшы тил емеспе? Дүньяда жақсылық атын алған ҳәрбир истиң усы тил менен ислегенин мен болып,Сиз болып „Жоқ“ деп айта аламыз ба? —деди.

Сөздиң тәсир кылғаны қонақлардың жүзинен аңланды. Шунки Азип алымның түпки ҳикиметли сөзлерине ҳәммелер аң-таны шығып, тигилген еди.

Енди қонақлар Азипке келеси нәҳәри ушын дүньядағы ең пәс болған тамақлардан таярламағын өтинди.

Кешке конақлар дәстүрханның әтирапында адамның иштейин алмайтуғын биймаза тамақлар күтип отырып еди. Бул сапары ҳәм кешегидей тилден исленген тамақлар келе берди. Қонақлар буған ҳайран болды: —„Жолдас Азип, бизди және кешегидей т и л менен сыйладың. Жақсылық орнына да, жаманлық орнына да сол бир тилди жумсадың. Муннан басқа тамақ табылмадыма?“ —деди.

Азип: —Жоралар! Бүгин маған биймаза жаман тамақ буйырдыңыз. Мен сөзиңизди орнына келтирдим. Билесизбе, дүньяда тилден ашшы, биймаза, жаман нәрсе барма? —Жанын аямайтуғын еки досты айырып, биреў-береўине душпан қылған усы тил емес пе?. Еки журтты биреўин-биреўине душпан қылған усы тил емес пе?. Еки журтты бирин-бирине өшпенли қылып урыстырған, қан төкпеге себепкер болған усы тил емес пе?. Дүньяда тилден жақсы ҳәм тилден жаман нәрсе де табылар ма екен? —деди.

## ТОҒЫН

Тоғайдан ағаш кесип алып, тоғын ийmek бир адамның нешеси еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мунық ислеп турғанын сырттан бир аю көрип турып еди. Аю қыял етти: —Мениң күшим адамның күшииен кем емес. Неге мен де тоғын ийип, сатып пайдаланбайман?" —деди.

Жеделленип тоғайдың қалың жерине барды да, жуўан, нәзик ағашларды жыйнап, еки ғырбат ағаштың арасына қыстырып баса берди, ийе баслады. Болмады, ағаштың биреўи сынды, биреўи қарыны жарық болды, мүйеш-мүйеш болды. Ҳешбиреўи ўәжге аспады.

Айланып қараса, бағанағы адам еле ийип атыр: ийген бирисин қамыс пенен шандып, еки басын жерге көмип атыр. Шетинен сатып пулын алып ҳәм атыр.

—Сорап үйренип алайын,—деп қасына барды, өзиниң муңын айтты:

—Сен уқсағып тоғын ийип ала бересең. Мен ийсем' ондай болмайды. Сына береди ямаса сен сондай ақ күшлимисең? Мениң күшим жетпей ме? —деди.

Ол адам айтты: —Тоғын иймеге күш пенен биргетәсил де керек. Сениң күшиң бар, тәсилиң билмейсең Соннан соң тоғын ийилмейди, -деди.

## БӨРИ МЕНЕН ИЙТ

Бир бөри менен ийт екеўи ушырасып сөйлести. Бөри жүдә арық, жүнлери сабалақ-сабалақ, зордан сөйлей алатуғын еди.

Ийт болса биреўдиң тәрбиясында турған, өзи семиз, көзи тас төбесинен қарап, жүнлери жылтылдап турып еди.

Булардың арасындағы сөз ҳәм сол: бөриниң арықлығы менен ийттиң семизлиги ҳаққында болды.

Ийт: —Сен өзиң ғайратың бар. Шаққансаң, тислериң өткир, Не себептен муншелли арық болдың?

Бөри: —Журыт сақ. Аңлып алайын деп турған аўынды да алдырмайды. Қайта изиңе түсип қуўады. Өлдим-талдым дегенде зордан кутыласаң. Ара-тура биреўин ала ғойсаң, қызыл тумсық болмай атып айырып алады. Солай етип күнде қуўғынға түсип, жарығандай, аўызға маза бергендей бир тамаққа жарымай сүргин болып жүрген мен арық болмай, ким арық болсын? Сен қалай семиз болдың?

Ийт: —Биреўдиң есигиндемен. Өзи не жесе, маған



www.ziyouz.com kutubxonasi

соны береди. Тамағым тоқ, кайғым жоқ. Мен семиз болмай, ким семиз болсын?

—Сен өйтип оған не хызмет қыласан?

—Тек есигин қорыйман, басқа қылар исим жоқ.

—Мен де қорысам, маған да тамақ бererме екен?

—Берер. Сени көрген ийт-құс келе алмас. Пайдаң көп тийер, қайта саған көп берер.

—Олай болса, мени де алып бар.

—Жақсы, бирге жүре ғой.

Бирге жүрермен болып, жақын келип қараса, ийттиң мойнында қарғысы бар.

—Бөри: —Мынаўың не?

Ийт: —Қарғы.

—Оны не қылады?

—Күндиз байлап қойып, түнемесине гене босатып жибереди.

Бөри: —Бәнтте турып бенде болып семиз болғаннан, өз аяғыма арқайын жүрип, арық болғаным-абзал, кештим бундай рәҳәттен! —деп өз жолына кетти.

## АРЫСЛАН МЕНЕН ҚОЯН

Бир тоғайда көп қоянлар Ўатан тутқан екен. Буларға ғалаўыт беретуғын көп душпаны жоқ. Лекин көпке татыйтуғын бир душпаны бар. Ол да болса, „Өзин тоғайлықтың патшасы“ деп ҳисап еткен бир зор арыслан еди.

Қоянлар бул арысланның зулымынан петеңге келген еди. Ўатанын таслап кетежақ болса қайда барса да, қоянға сондай бир күн. Бийзар болған қоянлар елши жиберип, арыслан менен жарасық қылған еди. Күнде бир қоянды қыражға бермек болған еди.

Қоянлар күнде шек салып, атына шыққан қоянды жиберип тура туғын еди.

Бир күни шек бир зийрек қоянның атына шықты. Ол басқа жолдасларына бир аўыз сөз айтты: —Мени жибериўде көп қыстанбаң. Пикирим туўры келе қойса, өзим аман қалып, бул бәледен Сизлерди де қутқарайын, —деди.

Қоянлар разы болды. Бир заман кешигип, арысланның алдына барды, узағырақтан сәлем берди.

Аш болған ашыўлы арыслан қуйрығын жерге урып турып еди. Мунннан сорады: „—Қыражыңыз қәне?“.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоян: —Мен алып киятыр едим. Жолда бир арыслан тартып алды. Патшамыздың кәҳәри десем, жаман сөзлер айтты:

—Патшаңыз кетсин, бөлмаса, басына саўда саларман", —деди.

Арыслан: —Маған көрсет, —деди.

Қоян баслап кетти. Бир жерлерге барып тоқталды, калтырады, анаў арысланнан қорыққанын айтты.

Арыслан: —Қорықсаң, мениң қушағыма кир! Маған көрсет! —деди.

Қоян алып барып бир қудыққа үңилдирди. Қуйының тынық суўында арыслан өз сүўретин көрди. Қушағында көринген қоян өзине берилген қоян екен деп ойлады да, коянды қойып, өзин қудыққа таслады.

Зийрек қоян аман келип, жолдасларынан сүйинши сорады.

## АРЫСЛАН БИЛӘН ТҮЛКИ

Бир арыслан қартайып, қуўаты азайып, бурынғыдай бас сала бериўге әзизлик қылды. Ашығып қалды, аўырды. Ол өзинше бир ҳийле ойланды. Жанлы-жаныўарларға арыслан дағаза салды:

„—Мен қартайдым. Енди жанлы мақлуққа азар бериўден тоба қылдым. Өзимде аўырыўман. Ҳал сорап келген қарындас болса разыласып қалар едим", —деп.

Ҳәртүрли мақлуқлар мунын ҳалын сорап келип, туўры келгени изине аман қайта алмай, арысланға жем болып турды.

Бир күни түлки келип, ишкериге кирмей, майданнан турып ҳал сорады:

Арыслан айтты: —„Ҳалым нашар. Мениң қадирданым түлки, неге жақын келмейсең? Ишкериге кир", —деди.

Түлки жақын бармайтуғынлығын себеп етип:

—„Ишкериге кирген из жүдә көп. Шығып кеткен из түк те жоқ. Соның ушын майданнан ҳал сорап, қайтканым ақылға туварлық", —деп жүрип кетти.

Мақал; Аўзы күйген үрип ишер.

## ЕКИ ТҮЛКИ

Бир тоғайда еки түлки бар еди. Еки түлкиниң еки талабы бар еди: биреўи даланы, тоғайды аралап, көп



www.ziyouz.com kutubxonasi

кыйынлық билән тамағын тойдырар, ашлы-тоқлы болып журген ўақлары көп болар еди. Соның ушын өзи арық, әбжусте еди.

Екиншиси күтә ҳийлекер, шаққан еди. Жақын жердеги аўылларда жүрип, журыттың таўығын, ылақ, қозыларын алып, пәтеңке келтирип, қолға түспей жүрип еди.

Бир күни еки түлки ушырасты, ҳал сорасты.

Уры түлки: —„Жора, сен күтә арықсаң, кеселиң барма, не болды?" —деди.

Арықлаў түлки өзиниң күн көрисинен зарланды.

Уры түлки қызғанып („аяп" мәнисинде) өзиниң қолайлы жерде, мазалы тамақлар көрип қойғанын айтып, сол күни конақ етип, таўық етлери менен сыйламаға ўәде қылды.

Таўық, қозының семиз етлерин еситип, аўзынан суўлары ағып, турған мүсәпир арық түлки жалбара берди.

Түн болды, екеўи аўылға кетти. Уры түлкиниң айтқанындай бир кетектен еки таўық алды.

Ҳийлекер түлки таўықтың алқымынан буўған, сестин шығармай ғана алып кетти. Сада арық түлки қалай жетти, солай аяғынан тислеген. Таўық айқай салып баратыр еди.

Адамлар хабар тапты, ийтлерге „Бас күш!" берди, қуўды. Ҳийлекер түлки өзин бир салмаға алды. Таўықтың даўысы менен ийтлер арық түлкиге аўыз салды, қолға түсти.

Ҳийлекер түлки узақтан „не болды?" —деп даўысланды.

—„Қолға түстим", деди арық түлки.

—„Енди қашан көрисемиз?"—деп сорады ҳийлекер түлки.

—„Ертең азанда тери базарына барсаң, теримизди көрип қаларсаң", —деди гөдек түлки.

## БАҚА БИЛӘН ШАЙҚУС

Бир шайқус суўдың қапталындағы жарқабаққа уя салып еди. Ол суўда бир тасбақа қоңсы болып, күнде гүррицлесип турды, дос болды.

Бир күни бақа жалына берди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—„Мени өзиндей болыў, ушпаға үйрет", —деди.

Шайқус оған:

—Сениң затың ушпақ ушын жаратылған емес. Ушпақ ушын өзиниң абзаллары: қанат, қуйрықлары болмағы керек.

Бақаның қызыққаны соншелли, жалынғанды сирә қоймады. Акыры бақаны аспанға алып ушып кетти.

Бираз ушып жүрип:

—„Мине бул сени ушпаға үйреткениме үйрендиңбе?" —деп сорады Шайқус.

Бақаның қыялына ушыў ап-апсат болып көрине баслаған еди.

—„Аўа, үйрендим",—деди ол.

—„Жақсы, үйренген болсаң. Өзиң бир ушып қара, қәне", —деп қоя берди шайқус.

Бақа төмен қарап зыңғый берди. Пәт пенен бир тасқа тийип, парша-парша болды.

Мақал: Ҳәлин билмеген ҳәлек.

## БӨРИ БИЛӘН ТЫРНА

Бир аш бөри тамақ излеп жүрип, өлимтик тапты. Ашлықтан ҳәм парқына бармастан қалай дус келди, Солай асай берди Қомақай бөри сүйек болса да, парық етпей өткере берди. Майдарақ сүйек өгип турса да, бир сүйек өтеди, тамағында тығылды да қалды. Олай-булай еплеп-еплеп қарады, болмады, қайта беккемлести, жутындырмады, дем бермеди, Бөри жүре алмады, узынына түсип жатты, жан-жағына қарар еди

Бунық ығбалына бир тырна келип ҳал сорады. Бөри өзиниң дәртин айтты, зарланды. Аўзына тумсығын суғып, сүйекти алып тасламағын тырнадан өтинди. Тырна әдетте бул хызметтен бас тартсада, көп жалына бергеннен соң, сүйек алынып, аман қала қойса, хызмет ҳақында көп етип бермеге ўәде қылғаннан соң, бөриниң қасына барып, тумсығын бөриниң аўзына суғып, дем бермей турған сүйекти алып таслады.

Бөри дүр-дүр силкинди. Тырна бөриге қарады, хызмет ҳақысын сорады. Бориниң бурынғы назары жоқ.

—„Жаның өзиңе олжа, кете бер",—деди.

Тырна хызмет қылғанын, өлимнен қутқарғанын, алдында өзи ўәде қылғанын айтып, хызмет ҳақысын сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бөри: —„Сен өз ҳәддиңнен асқан екенсең. Бағана аўзыма тумсығыңды тыққанда, ғашыр-ғашыр шайнамағаныма қуўанбай, тағы ҳақы сорайсаң", —деди.

Тырна ўәдениң мәнисин, хызметин айта баслап еди, бөри тәп берди. Ҳақы аламан деген тырна зордан ушып қутылды.

## АРЫСЛАН, БӨРИ ҲӘМ ТҮЛКИ

Бир арыслан аўырып, жүнлери түсип, бир түрли қотыр болып, аўға шыға алмай, уясында жатқан екен. Ҳәртүрли жабайы жанлы—жаныўәрлар мунын ҳалын сорап келеди екен. Түлки ойланды:

—„Муның аўхалын сорамасақ, саўала қойса, алдымнан шығарар. Барып сорап қойсақ, және бир бөлеге тап болып турмайын", —деп ининиң артынан ақырын ғана барып тыңлап турса, арыслан билән бөри сөйлесип атыр. Бөри түлкини жаманлап атырған екен. Тыңлап баўырлап жата қойды.

Бөри айтады: — „әне, журыттың бәри жапырылып келип, Сизиң ҳалыңызды сорап турғанда, көресиз, түлки келмейди. Усы ўаққа дейин бес жола келип кететуғын ўағы болды. Қыйналарма екен десек, ол қайта Сизиң аўырғаныңызға қуўанып жүр, деп еситемен", —деди.

Арыслан жақсы ғана қызды. —„Мақсетим питетуғын болды", —деген кисидей бөри шығып, өз жолына кетти. Түлки барып сәлем берди. Арыслан: —„Мениң аўырғанымды еситпеппе едиң?—деди.

—Түлки: „—Аўа, тақсыр!" —деди.

—„Олай болса, неге усы ўаққа дейин ҳал сорамаға келмедиң ?"—

—„Мен тақсыр, Сизиң аўырыўыңыздың даўасын излеп, соның емин билетуғын уллы тәўипти излеп кетип едим",—деди түлки.

—„Таптың ба? Оның даўасы не болады?" —деди арыслан сәл кәҳәринен түсиңкиреп.

—Аўа, тақсыр. Жүдә узақта бир тәўип излеп барып, таўып едим. Оннан барып аўырыўыңыздың жөнин айттым.

—„Өзиң барып емле", —дедим. Ол маған. —„Қорықпай ак қой. Патшаңыздың аўырыўы ҳеш нәрсе емес. Тек емин таппай турған. Патшаңыз бир семиз



www.ziyouz.com kutubxonasi

бөриниң жүрегин жеп, етине тойса, терисин тонап жамылса, ҳәзир гүлалагүл болып жазылады да кетеди", —деди. Соны есите салып, қуўанғаннан жүрегим жарылғандай болып, айдап киятырғаным, тақсыр", —деди.

Арыслан: „—Ондай болса, аңсат екен ғой. Бөри табылады",-деп турды.

Бөри де арысланның жанына түлкиниң барғанын аңлып, қызық көрейин деп умтылып еди. Арыслан бас салды.

Түлки мыйығын тартып күлимсиреп, „биреўди шуғыллаған қалай болады екен?" —дегендей, өтип шетирек шығып, арысланның сарқытын жеп кетейин, деп шоңқайып отырды.

Мақал: —Шуғылдың жайы дозақ.

## ТҮЛКИ БИЛӘН ГҮЗЕ

Бир қатын өзиниң писип, ораққа келген буўдайын орып қайтайын деп, қолына бир гүзе қатық алып, түслик қыларман деп гүзени бир қалыңырақ путаның арасына жасырып қойды да, өзи жумысына кирисип кетти.

Бир түлки тамақ излеп жүрип, гүзени көрип, буған келди де, гүзениң ишине басын суғып, қатықты ишти, жалап та болды. Енди кейин шегинип гүзеден басын шығарып алайын деп еди. Гүзе қалмады, түлкиниң басы менен ере кетти.

Түлки олай-былай жүрип, басын былғанлатып еди, силкилеп те қарап еди, болмады. Гүзе қалмады, басын шығара алмады.

Болмаған соң түлки сөйледи:

—„Ҳаў, гүзе, апаттай ойнадың. Енди басты, сол ойнағаның болар, қой жибер енди", —деди.

Гүзе тыңламады, қалмады. Түлки ашыўланып:

—„Мәмилеге турмасаң, жақсылық пенен өзиң қалмасаң, мен сени суўға басып мантықтыраман", —деп жуўырып барып, бир суўлы арнаға түсип, гүзени суўға басты,

Гүзеге суў толғаннан соң, аўырланып суўдың астына батты. Өзи менен бирге түлкини де суў түбине алып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОЗЫЛАР

Тоғайдың бойында бир сүриў қойлар жайылып жүрип еди. Арасынан еки қозы айрылып, сүриўден шетирек шығып, отлап жүрип еди. Бир үлкен саўлық айтты:

—„Айырылып көп ойнамаңызлар, қозылар. Бәле менен қаза узақ емес. Бир нәрсеге ушырасып қаларсызлар", —деп.

Бул сөзлерди тоғайдың арасында жасырынып турған бир бөри еситип турып еди. Ол айтты:

—„Саўлық өтирик айтады, досларым. Ол өзи картайған. Аяқлары жүре алмайтуғын маймақ болған соң Сизлерди күнлегеннен айтады. Сизлер қайда болса, сонда аяқларыңның барғанынша көңүллериңизди көтерисип жүре бериңиз", —деди.

Қозылар басларының аўған жағына отлап жүрип, бир шетирек шығып кеткен еди. Бөри топылып, буларды көтерип алып, тоғайға қарай өте кетти.

## ТӘКАББЫРШЫЛЫҚ

Үйлери қатар отырған еки қоңсы үйдиң еки қоразы бар болар. Бири-биреўлери менен өшпенли еди.

Бир күни бул екеўи таласпаға-урыспаға айланысты. Барып-барып биреўи жеңди. Жеңилгени жуыттан уялғандай путаның арасына, оннан бир қараңғы түбекке тығылып жасырынды.

Жеңгени мақтанған кисидей қоқыраңлап, ўақты хош болып, есиктиң алдына ардаңлап, арман-берман жүрип, оннан соң ушып қораның төбесине, оннан да бийик бир бастырманың үстине шығып, қанатларын силкип қомланып, өзин-өзи нәҳән көрсетип, бар даўысы менен „Күкәри көк" деп шақыра баслады.

Бирақта, қайдан келгенин билмеймен: бир қаршыға сарқып келип, мақтаншақ қоразды алды да кетти.

Мақал: —Мен-менге заўал, жүйрикке томар,

## ТИЙИН БИЛӘН БӨРИ

Бир күни тийин теректиң басына бир шақадан бир шақаға ырғып, секирип, ойнап жүрип еди, Бир ўақта қолайсыз, секирди билемен: Төменге жығылып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул терек астында жортыўдан шаршап келип, уйқылап жатқан бир бөри бар еди, тийиң тап сол бөриниң үстине түсти.

Қайымнан табылған аўды бөри жаздырмады, услап алып жемеге қайымласа берди.

Тийин: „—Мени жибер",—деп жалына баслады.

Бөри айтты: —„Жақсы, сени жиберейин. Бирақ, сен дәслеп маған айтып бер. Не ушын сенлердиң бәркулла ўақытларыңыз хош? Ол шақадан бул шақаға секирип ойнаўдан босамайсыз? Қапа болып турғаныңызды сирә бир көрмедик", —деди. „Бизлер сенлерден күшлимиз. Соннан келип бир күн ўақтымыз хош болып турғаны жоқ, бәркулла қапа боламыз да, жүремиз", —деди.

Тийин айтты: —„Сениң қолыңда турганда ҳаўлығып сөйлей алмаспан. Мени әдеп жибер. Албырамай, туўра жуўап берейин" —деди.

Бөри сол сырды билмеге жүдә қумар еди, тийинди жиберди. Өрмелеп теректиң басына шығып алғаннан соң, бөриге айтты: —„Сиз залымсыз. Бәркулла ойлағаныңыз —қан төкпек, гүнасыз жаныўарларды алып жемек. Соның ушын бәркулла қапа боласыз. Биреўге азар берсем, деген ой жүрегиңизди жандырады да турады.

Биз тийинлер ақ көңилмиз. Соның ушын бәрҳа барлық ўақытта ўақыты хошлық пенен жасаймыз", —деди.

Мақал: —Ак пейилдиң аты арымас, тоны тозбас.

## ЕШКИ БИЛӘН ТУЛКИ

Қырда жуўырып жүрип, жан-жақтан алаң болып, аяғының астынан хабарсыз киятырған бир түлки аңламастан бир тереҢ оқпанға түсип кеткен екен. Соннан шыға алмай турғанында бир ешки отлап келип, оқпанға үңилип, түлкини көреди.

—„Ҳаў, түлки мырза! Сен не қылып мунда турыпсаң?" —деди ешки.

—„Несин сорайсаң? —деди түлки. Күнниң ыссылығынан күйип-жанып, өлейин деп жүрип едим. Шөллеп суў таппай жүргенимде усы оқпанның үстинен шықтым. Оқпанның түби муздай салқын ҳәм түбинде жүдә мазалы муздай тынық суўы бар екен. Суўынан ишип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳалқылағанымды басып, жаным жайласып, ҳәз етип турыппан, жора", -деди

Ешкиде шөллеген еди Бул сөзлерди еситип, басқа паркына қарамай, ойланбай секирип, бул да оқпанға түсти.

Түлки дәрҳал ешкиниң үстине минди. Оннан мүйизине минип, бир секирип қырға шықты да, ешкиге айланып:

—„Ал енди хош бол! Ийец келгенше жата тур",— деп өте кетти.

## ТҮЛКИ МЕНЕН КОРАЗ

Бир түлки өзиниң күндеги әдети бойынша бир аўылға келип, аў қыдырып жүрип еди. Бийикте кораның уша басында отырған бир қоразды көрди. Көзи қызды: „—Бой жетпес жерде екен",—деп өкинди. Неде болса, бир ҳийле қылып көрейин, деп қыйпақлап, түбине барып сәлем берди, аман-түўел алысты, ҳал сорасты.

Қораз да өзиниң саўлығын, мәс болып жүргенин айтты. Түлкиге бундай сөзлерди еситпегенге салып:"—Жора, мен қартайыппан. Қулақларым еситпейди. Сениң менен бир гүрриңлесип, суҳбет қылайын,—деп едим. Сен болсаң дымнан жоқарыда отырған екенсең. Сөзлериңди есите алмай, пәнт қумар болып турыппан, төменге түс, жора. Екеўимиз муң-зарымызды айтысып, бир заман гүрриңлесейик",—деди.

Төменге түсе қойса, бир сойқанның болажағын аңлаған қораз көп асықпады. Өзиниң сырын гизли сақлап айтты:

—„Төменге түскенде сеннен қәўпим болмаса да, басқа жабайы жаныўарлардаң қорқаман. Соның ушын жоқарыдан турып, сөйлесе берейик"—деди.

Түлки:—Ол кәрасынан сира қорықпа. Жақында патшадан буйрық болды. Ҳешбир жаныўар басқа әзиз биреўине дақыл қылмасын деген. Бүгинде ҳәмме арқайын. Бул буйрықты еле сен еситпеген екенсен,— деди.

Қораз;—Түлки жора, сөзиң ырас қусайды. Анаў кияткан еки ийттен сениң тайсалмай турғаныңа қарағанда, сөзиң дурыс, сәл сабыр ет. Солар келсин, қосыла гүрриңлесийик,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түлки қуйрығын қымып ҳайдай берди.
Қораз:—Ҳаў, буйрық қәне?
Түлки:—Олар еситпеген шығар.

## МАЗМУНЫ


Сейфулғәбийт Мәжийтовтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери Байниязов Қ.

Қосықлар . . . . . 21
Октябрьдин жәўланы . . . . . 21
Еркинлик таны . . . . . 22
Ысық . . . . . 23
25 октябрь (7 ноябрь) . . . . . 24
Ильяның улы . . . . . 25
Ленинге бағышлап . . . . . 26
Май байрамы . . . . . 27
Маркс баба . . . . . 28
Инният болыска . . . . . 30
Қуслар келди . . . . . 30
Жасларға . . . . . 32
Ҳаяллар күнине . . . . . 33
Қыз-келинлерге . . . . . 35
Қызларға . . . . . 36
Қыз-келиншеклерге . . . . . 38
Қызыл отаў . . . . . 39
Қайсы күн . . . . . 40
Кет-кет . . . . . 41
Айыларсаң . . . . . 42
Жерди бежер . . . . . 44
Жарлы дийқан . . . . . 45
Ҳарма дийқан . . . . . 46
Ғажжа-ғаж . . . . . 
Пахтаны күтсем . . . . . 49
Қарақалпақша Интернационал . . . . . 50
Еркинликти күсеў . . . . . 51
Шырайлы заман . . . . . 52
Ҳарып едиң . . . . . 53
Қарақалпақ . . . . . 54
Қарақалпаққа . . . . . 56
Аталар-ай . . . . . 59
Болып өтти . . . . . 60
Тозған заман . . . . . 61
Бәҳәр пәслы . . . . . 62
Наўрыз-таза жыл . . . . . 64
Гүз . . . . . 66




www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыс келер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 66
Әмиўдәрья . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Өзен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Сайра бүлбил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Жалкаў диййқанға . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Не жаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Жасларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Екинши куралтайға . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Ағасынан инисине хат . . . . . . . . . . . . . . . 74
Не әрман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Мәҳәл деген не? . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
Мәрт жаксы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Даў болмасын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Ерлик дәркар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Илинген бар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
Тири коркак . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Дәркар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 83
Туўрылық ҳәм қалпаллық . . . . . . . . . . . . . 84
Қарт билен әжел . . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Ананын сүйиўи . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87
Пайдасын билиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Айтып жибер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Жолды оңға бурып жибер . . . . . . . . . . . . . . 89
Таза арнаға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 90
Кеўил шадлығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 93
Узак ушыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 95
Оқыўға кел . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 96
Инан мәккем . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 97
Өнер—билим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Кеш болмасын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Ғамын бар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
Жигит . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 102
Дослык жайы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Төрт мәўсим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 105
Аккуў, Шортан ҳәм Шаян . . . . . . . . . . . . . . 106
Бүлбил билен ешек . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
Алтын жеген бөри . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
Дийқан менен күншил маймыл . . . . . . . . . . . . 109
Шымшык билен кептер . . . . . . . . . . . . . . . 111
Қайырлы түлки . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
Еки саўдагер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 113
Есер билен көленке . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Түлки менен қаблан . . . . . . . . . . . . . . . . 115
Бирлик пайдасы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Мақтанғанда дәне жоқ . . . . . . . . . . . . . . . 117
Надан молла . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 118

„Бағдагүл“ драмсы . . . . . . . . . . . . . . . . 120

## Прозалык шығармалары

Шымбай каласынын куралыўы . . . . . . . . . . . . 161
Шымбайдың атасы . . . . . . . . . . . . . . . . . 162
Дәўқара . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 164



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маманбий . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Айдос бий билен Маманбий . . . . . . . . . . . . . . 16
Өтепберген бай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 169
Өтепберген бай билән Қутлымурат бий . . . . . . . . . 17
Ҳатамтай жомарт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Ҳәтәмтайдың иниси . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Молла менен қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Адам минген адам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 174
Сабақ басланған күн . . . . . . . . . . . . . . . . . 174
Уры менен аш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 175
Оқыған бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 175
Ялғаншы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 176
Көсе билән шайтан . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Хожа Насыратдийин . . . . . . . . . . . . . . . . . . 177
Ата менен бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 178
Мийирман бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 178
Берик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Күлмегейсиз гаррыға . . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Түсинген бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Алтыны он еки қылыў . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Дәртке жараған бала . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Ата ўәсияты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 181
Халық сынаған балалар . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Түсимпаз бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Айзада билән Қаныгүл . . . . . . . . . . . . . . . . . 182
Сыйырды тапты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183
Дослық табысыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Қыйқаң билән жөнли бала . . . . . . . . . . . . . . . 18
Еки пазна . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Еки жолдас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Бөлиўге уста екен . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Жәие бир усталық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Тил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Тоғын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 188
Бөри менен ийт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 189
Арыслан менен қоян . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Арыслан билән түлки . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Еки түлки . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Бақа билән шайкус . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Бөри билән тырна . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Арыслан, бөри ҳәм түлки . . . . . . . . . . . . . . . 19
Түлки билән гүзе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Қозылар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Тәкаббыршылык . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Гийин билән бөри . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Ешки билән түлки . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Түлки менен қораз . . . . . . . . . . . . . . . . . . 197



www.ziyouz.com kutubxonasi